

Platfòm Ayisyen Pledwaye pou yon Devlopman Altènatif
PAPDA

**Kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan
ak peyizàn ayisyen yo**

Reyalize ak akonpayman GRAMIR

Kouvèti ak mizanpaj : C3 Éditions

Depo legal : 18-07-431
Bibliyotèk nasyonal d Ayiti
ISBN : 978-99970-73-91-4

© Dwa rezève 2018
PAPDA

SA KI GENYEN NAN DOKIMAN SA A

Definisyon sig osnon rakousi kèk gwoup mo.....	5
Demach travay pou prepare kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo	9
1.1- Kote lide kaye revandikasyon òganizasyon peyizan yo soti	9
1.1.1- Kouman lide kaye revandikasyon an jèmen e vin devlope.....	9
1.1.2- Enstitisyon ki te asire preparasyon ak akonpayman pou kaye nasyonal revandikasyon an	10
1.2- Preparasyon ak itilizasyon dokiman kad /dokiman demach travay atelye konsiltasyon ak konsètasyon yo	11
1.3- Demach pou mennen atelye konsètasyon pou bati kaye nasyonal revandikasyon an	12
1.4- Demach pou ekri ak valide kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo	12
Avanse ki fèt nan pwoteksyon dwa peyizànri a nan nivo entènasyonal ak wòl fondalnatal yon kaye revandikasyon.....	15
2.1- Lit mouvman peyizan entènasyonal la pou yon Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Peyizan ak Peyizàn yo- KEDP	15
2.1.1- Kisa yon konvansyon entènasyonal sou dwa moun osnon yon kategori moun ye°?	15
2.1.2- Poukisa peyizan ak peyizàn yo bezwen yon konvansyon entènasyonal pou rekonèt, pwoteje ak garanti dwa yo ?.....	16
2.1.3- Nan ki etap lit mouvman peyizan entènasyonal la pou KEDP a rive jounen jodi a	17
2.1.4- Kisa ki nan Deklarasyon Dwa peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo!	17
2.2- Wòl fondalnatal yon kaye revandikasyon nan lit peyizan ak peyizàn yo an Ayiti.....	19
2.2.1- Kisa yon revandikasyon ak yon kaye revandikasyon ye ?	19
2.2.2- Wòl estratejik yon kaye revandikasyon ki chita sou respè ak satisfaksyon dwa peyizan ak peyizàn yo	20
Prezantasyon Repiblik d Ayiti.....	23
3.1- Jewografi ak divizyon administratif peyi a	23
3.2- Agrikòl ak ekonomik	24
3.3- Sosyal ak kiltirèl	25
3.4- Politik ak defi yo	26
Analiz kèk pwoblematik kle nan preparasyon kaye nasyonal revandikasyon an.....	27
4.1- Orijin ak devlopman sistèm peze souse a an Ayiti.....	27
4.1.1- Istorik dominasyon, eskplwatasyon ak majinalizasyon peyizànri a	27
4.1.2- Mekanis dominasyon, eskplwatasyon ak majinalizasyon peyizànri a.....	28
4.1.3- Mizanplas sistèm peze souse a ak konsekans li.....	31
4.2- Istwa mouvman peyizan yo nan peyi d Ayiti.....	31
4.2.1- Mouvman rezistans kiltivatè peyizan-àn yo nan 19 ^e syèk la.....	31
4.2.2- Mouvman rezistans peyizànri a nan 20 ^{èm} syèk la.....	34
4.3- Degradasyon anviwònman peyi a	37
4.3.1- Jenèz zile Kiskeya lè lavi kòmanse sou li	37

4.3.2- Istwa destriksyon anviwonman zile Kiskeya anjeneral ak Ayiti anpatikilye.....	38
4.3.3- Konsekans degradasyon anviwonman an.....	40
4.4- Kriz agrikòl ayisyen an : manifestasyon, kòz ak konsekans.....	41
4.4.1- Manifestasyon kriz sektè agrikòl la	41
4.4.2- Faktè pi enpòtan ki lakòz kriz agrikòl Ayiti a.....	43
4.4.3- Konsekans kriz agrikòl la	45
4.5- Posibilite pou popilasyon nan milye riral la jwenn sèvis minimòm yo.....	46
4.5.1- Nivo sèvis minimòm ki nesèsè pou popilasyon nan milye riral yo.....	46
4.5.2- Kòz ki fè popilasyon yo manke jwenn sèvis minimòm ki nesèsè yo nan milye riral la.....	48
4.5.3- Konsekans mank sèvis minimòm ki nesèsè yo sou popilasyon milye riral la	48
Kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo	51
5.1- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn ekonomik	51
5.2- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn sosyal	70
5.3- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn kiltirèl	80
5.4- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn politik.....	86
Estrateji mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon peyizan a.....	97
6.1- Konsyantizasyon òganizasyon peyizan yo sou kaye nasyonal revandikasyon an	97
6.1.1- Travay konsyantizasyon òganizasyon peyizan yo sou kaye a nan tout departman yo.....	97
6.1.2- Estriktirasyon mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an.....	99
6.2- Devlopman alyans ak lòt aktè konsekan nan peyi a sou kaye nasyonal revandikasyon an	100
6.2.1- Alyans ak aktè nan milye riral yo.....	100
6.2.2- Alyans ak lòt aktè nan vil yo	101
6.3- Pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo.....	101
6.3.1- Antant ak estrikti kominikasyon kominotè yo sou pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon an	101
6.3.2- Òganizasyon pwomosyon kaye nasyonal la.....	102
6.4- Mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an	102
6.4.1- Mobilizasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an	102
6.4.2- Pledwaye bò kote aktè politik yo ak otorite Leta yo	102
6.5- Dyalòg politik ak negosyasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an	103
Anèks kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo	105
A ₁ - Ranmase an kreyòl Deklarasyon sou dwa peyizan/peyizan ak lòt moun k ap travay nan milye riral yo	105
A ₂ - Lis òganizasyon ak enstitisyon nan tout departman yo ki patisipe nan bati kaye a	112
A ₃ - Definisyon kèk mo kle ki itilize souvan nan kaye nasyonal revandikasyon an	117

Definisyon sig osnon rakousi kèk gwoup mo

AFLIDEPA	Asosyasyon Fanm Limonad pou Devlopman Pwodiksyon Agrikòl ak Atizana
APN	Otorite Potyè Nasyonal
APWOLIM	Asosyasyon Pwodiktè Lèt Limonad
BAK	Biwo Agrikòl Kominal
BME	Biwo Min ak Enèji
BRH	Bank Repiblik d Ayiti
CAS	Kès Asistans Sosyal
CMD-OD	Kòdinasyon Militan pou Devlopman 11èm ak 12èm Seksyon
CNSA	Kòdinasyon Nasyonal Sekirite Alimantè
CONATEL	Konsèy Nasyonal Telekomunikasyon
CSPJ	Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè
CSPN	Konsèy Siperyè Polis Nasyonal
DDA	Direksyon Depatmantal Agrikilti
DGI	Direksyon Jeneral Enpo
DINEPA	Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman
EDH	Elektrisite d Ayiti
EMMUS	Ankèt Mòtalite Mòbidite ak Itilizasyon Sèvis yo
EPPLS	Antrepriz Piblik Lojman Sosyal
FAO	Òganizasyon Nasyon Zini pou Alimantasyon ak Agrikilti
FGPB	Federasyon Gwoupman Peyizan Bèlfontèn
GRAMIR	Gwoup Rechèch ak Apui nan Milye Riral
HASCO	Haitian American Sugar Company
IBESR	Enstiti Byennèt Sosyal
ICKL	Enstiti Kiltirèl Karl Levêque

IHSI	Enstiti Ayisyen Estatistik Ak Enfòmatrik
INARA	Enstiti Nasyonal Refòm Agrè
ISPAN	Enstiti pou Pwoteje Patrimwàn Nasyonal
ITECA	Enstiti Teknolojik ak Animasyon
Jilap	Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
KAEPA	Komite Alimantasyon nan zafè Dlo Potab ak Asenisman
KASEK	Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal
KDPN	Komisyon Dyalòg Politik ak Negosyasyon
KEDP	Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Peyizan
KFPN	Konbit Fanm Peyizan Nip
KMPKS	Komisyon Mobilizasyon ak Pledwaye Seksyon Kominal
KMPK	Komisyon Mobilizasyon ak Pledwaye Kominal
KMPK	Komite Mobilizasyon ak Pledwaye Depatmantal
KMPN	Komite Mobilizasyon ak Pledwaye Nasyonal
KOKS	Komite Kòdinasyon ak Swivi
KORENIP	Kòdinasyon Rejyonal Nip
KPN	Konbit Peyizan Nip
KPSKBM	Kòdinasyon Peyizan Seksyon Kominal Ba-Maribawo
KROS	Kòdinasyon Rejyonal Òganizasyon Sidès
MARNDR	Ministè Agrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman Rural
MINISTA	Misyon Nasyon Zini pou Estabilite an Ayiti
MODEP	Mouvman Demokratik Popilè
MOFALAK	Mouvman Fanm Lakay An Aksyon
MPP	Mouvman Peyizan Papay
MPSK	Mouvman Peyizan Sèka Kavajal
OFATMA	Ofis Asirans Travay Maladi ak Matènite

OGM	Òganis Jenetikman Modifye
ONACA	Ofis Nasyonal Kadas
ONG	Òganizasyon Non Gouvènmantal
ONI	Ofis Nasyonal Idantifikasyon
ONM	Ofis Nasyonal Migrasyon
ONU	Oganizasyon Nasyon Zini
OPC	Ofis Pwoteksyon Sitwayen
OPM	Òganizasyon Peyizan Mayisad
OREPA	Oganism Rejyonal Dlo Potab ak Asenisman
PAPDA	Platfòm Ayisyen Pledwaye pou yon Devlopman Altènativ
PIB	Pwodi Enteryè Brit
PIDCP	Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik
PIDESC	Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl
PNCS	Pwogram Nasyonal Kantin Eskolè
PPIA	Pwogram Pledwaye pou yon Entegrasyon Altènativ
PREPLA	Platfòm Revandikasyon Peyizan Latibonit
REFRAKA	Rezo Fanm Radyo Kominotè Aysyen
ROPAGA	Rezo Oganizasyon Pwodiktè-tris Grandans
ROPANIP	Rezo Oganizasyon Pwodiktè-tris Nip
SAKS	Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal
SEDREN	Sosyete Eksplwatasyon ak Devlopman Ekonomik ak Natirèl
SHADA	Sosyete Ayisyano Amerikèn pou Devlopman Agrikòl
SOFA	Solidarite Fanm Ayisyèn
TK	Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen
VIH-SIDA	Virus Iminodefisyan Imen-Sendròm Imino Defisyan Aki
VKM	Vwa Klodi Mizo

Demach travay pou prepare kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo

1.1- Kote lide kaye revandikasyon òganizasyon peyizan yo soti

1.1.1- Kouman lide kaye revandikasyon an jèmen e vin devlope

Nan lane 2006, nan kad Pwogram Pledwaye pou yon Entegrasyon Altènativ-PPIA, PAPDA reprann yon pwosesis rechèch/fòmasyon ak rechèch altènativ li te kòmanse nan lane 1997 men ki pa t kontinye. Nan pwosesis sa a, akonpayman sistematik asosyasyon nan baz yo vin asosye ak yon demach ekonomi sosyal solidè. Apwòch sa a te pèmèt òganizasyon peyizan yo eksprime revandikasyon yo sou yon fòm gaye, san okenn fòm makònay ant divès revandikasyon sa yo. Lè òganizasyon yo pote kèk nan revandikasyon sa yo devan Leta, otorite yo pa okipe yo malgre sityasyon mas peyizan yo kontinye ap dekrenmen pi rèd.

Nan lane 2008, ansanm ak tout òganizasyon peyizan patnè l yo, nan Nò, Nòdès, Nòdwès ak Latibonit, PAPDA te kòmanse yon refleksyon pou rive wè kouman makonnen ansanm revandikasyon yo epi mete anplas yon estrateji mobilizasyon ak pledwaye ki pèmèt revandikasyon sa yo jwenn repons. Refleksyon sa yo vin debouche sou nesesite yon kaye revandikasyon ki dwe itilize kòm yon zouti konba nan sèvis milye riral la. Nan sans sa a, travay akonpayman an ap makònen non sèlman yon pledwaye manch long pou fè pwomosyon ak defann transfòmasyon sityasyon milye riral la, men tou l ap mete yon siman ant aksyon devlopman ak revandikasyon fondalnatal peyizànri a.

Nan menm ane 2008 lan, PAPDA te kòmanse, ansanm ak plizyè òganizasyon peyizan nan Latibonit, yon pwosesis pou bati yon kaye revandikasyon pou depatman sa a. Men pil katastwòf ki frape peyi a depi lè sa a, jwenn ak gwo kriz politik ki sekwe l, san konte difikilte entèn PAPDA, tousa te fè pwosesis la te blije kanpe. Apati kòmansman ane 2012 la, PAPDA vin analize kesyon an yon lòt fwa ankò epi pran dispozisyon pou reyalize l nan rejyon gran Nò a (Nòdès, Nò, Nòdwès ak Latibonit) men, fwa sa a, li adopte yon demach ki pi adapte pou asire reyisit pwosesis la.

Pandan ane 2013 la, PAPDA, ansanm ak 4 patnè nan Nò-Nòdès (AFLIDEPA, APWOLIM, SOFA, KPSKBM), yon patnè nan Nòdwès (TK) epi 2 patnè nan Latibonit (PREPLA, TK) te reyalize ak akonpayman GRAMIR, kaye

revandikasyon òganizasyon peyizan rejyon gran Nò a. Pwosesis sa a te fèt sou yon baz patisipatif ak plis pase 100 òganizasyon nan rejyon an. Travay nan atelye depatmantal yo te fèt nan mwa avril ak me epi restitasyon ak validasyon kaye revandikasyon rejyon an te fèt nan kòmansman mwa jen 2013.

Jan PAPDA ak patnè li yo wè pwosesis la, demach la dwe abouti nan elaborasyon kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan tout 10 depatman peyi a ak patisipasyon òganizasyon peyizan yo. Pou sa, yo mete yo dakò, apre rejyon gran Nò a, pou ale fè kaye rejyon gran Sid la (Grandans, Sid, Nip ak Sidès) epi kaye rejyon Lwès-Sant. Konsa, sou baz 3 kaye 3 rejyon sa yo, reyalize kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo.

Pandan lane 2014 la, PAPDA, ansanm ak 2 patnè nan Sidès (KROS ak TK), yon patnè nan Nip (KPN/KFPN), 2 patnè nan Sid (VKM ak TK) epi 2 patnè nan Grandans (TK ak SOFA), te reyalize, ak akonpayman GRAMIR, kaye revandikasyon òganizasyon peyizan Gran Sid la. Pwosesis sa a te fèt ak patisipasyon 30 òganizasyon nan rejyon an.

Nan fen lane 2017 la, PAPDA, ansanm ak 2 patnè nan Sant (MPP ak TK) epi 6 patnè nan Lwès (MODEP, ICKL, TK, ITECA, SOFA, SAKS), te reyalize, ak akonpayman GRAMIR, kaye revandikasyon òganizasyon peyizan rejyon Lwès-Sant la. Nan pwosesis elaborasyon kaye revandikasyon sa a te genyen 23 òganizasyon ki te patisipe.

Apre eksperyans bati kaye revandikasyon òganizasyon peyizan gran Nò, gran Sid ak rejyon Lwès-Sant la te rive abouti, PAPDA mande menm òganizasyon ak entitasyon patnè li yo nan 3 rejyon yo pou rapouswiv pwosesis la avè l pou elabore sou yon baz patisipatif kaye nasyonal revandikasyon peyizan yo, nan kòmansman lane 2018 la. Pwosesis pou rive elabore kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo dire plis pase 5 kan, se 153 òganizasyon nan 10 depatman peyi a ki patisipe nan 3 atelye konsiltasyon, 2 fowòm validasyon ak yon atelye konsètasyon ki mennen nan fowòm nasyonal pou lansman kaye nasyonal revandikasyon an.

1.1.2- Enstitisyon ki te asire preparasyon ak akonpayman pou kaye nasyonal revandikasyon an

PAPDA fè yon lòt kontra ak Gwoup Rechèch ak Apui nan Milye Riral la – GRAMIR pou prepare demach travay la, jwe wòl akonpayatè ak fasilite pwosesis elaborasyon patisipatif kaye nasyonal revandikasyon an epi fè redaksyon vèsyon pwovizwa kaye revandikasyon sa a pou validasyon ak finalizasyon.

GRAMIR te remèt dosye preparasyon demach metodolojik ak akonpayman pwosesis kaye nasyonal revandikasyon an, bay senk (5) konsiltan l :

- Yon agwoekonomis, Budry BAYARD, ki gen konpetans ak eksperyans nan kondui etid rechèch ak evalyasyon sou sektè agrikòl la ;
- Yon enjenyè agwonòm, Jean Marie Fresnel GERMAIN, ki gen konpetans ak eksperyans nan devlopman riral ;
- Yon jèn sosyològ, Nixon BOUMBA, ki gen konpetans ak eksperyans travay ak sektè popilè nan milye riral kou nan vil yo ;
- Yon fòmateur, Ollery SAINT LOUIS, ki gen fòmasyon jiridik epi ki genyen anpil eksperyans nan revizyon ak koreksyon tèks nan 2 lang ofisyèl peyi a ;
- Yon enjenyè sanitè, Ernst MATHURIN, ki gen eksperyans nan akonpayman òganizasyon sosyal, òganizasyon dwa moun ak mouvman sosyo.

Nan dosye sa a, konsiltan GRAMIR yo te gen reskonsablite pou : prepare yon dokiman kad ki defini demach travay la, reyalize animasyon atelye konsètasyon pou bati kaye nasyonal revandikasyon an, fè rapò seyans travay yo, ekri vèsyon pwovizwa kaye nasyonal revandikasyon an epi revize, korije ak finalize kaye nasyonal revandikasyon an, apre delege òganizasyon peyizan nan 10 departman ki te patisipe nan pwosesis la fin valide l.

1.2- Preparasyon ak itilizasyon dokiman kad /dokiman demach travay atelye konsiltasyon ak konsètasyon yo

Pou atelye konsiltasyon òganizasyon peyizan yo nan chak rejyon yo, yon dokiman kad te prepare. Dokiman kad la fèt pou chache fouye «zo nan kalalou» sou twa (3) gran kategori pwoblematik¹ : a) lit mouvman peyizan entènasyonal la pou fè Nasyon Zini adopte yon konvansyon entènasyonal² sou dwa peyizan ak peyizàn yo ; b) prezantasyon Ayiti ak departman ki genyen nan chak rejyon yo ; c) evolisyon milye riral la nan nivo istorik, ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl.

- a. Nan prezantasyon lit mouvman peyizan entènasyonal la pou fè Nasyon Zini adopte yon konvansyon entènasyonal sou dwa peyizànri a ak lòt moun k ap travay nan milye riral, dokiman kad la analize l nan 3 nivo : 1) lit ki mennen pou rive nan vòt Deklarasyon sou dwa peyizànri a nan Komite Dwa Moun Nasyon Zini an ; 2) sa ki genyen anndan deklarasyon sa a ; 3) wòl estratejik yon kaye revandikasyon nan lit peyizànri ayisyen pou defann dwa ak enterè l.
- b. Nan prezantasyon Repiblik d Ayiti ak divès departman li yo, dokiman gade l sou plizyè plan : 1) jewografik ak administratif ; 2) agrikòl ak ekonomik^o; 3) sosyal ak kiltirèl ; 4) politik ak defi yo.
- c. Nan evolisyon milye riral la, dokiman kad la gade l sou divès plan : 1) istwa dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon peyizànri ayisyen an ; 2) istwa lit mouvman peyizan yo ; 3) degradasyon anviwonman peyi a ; 4) kriz sektè agrikòl la^o; 5) posiblite pou popilasyon an jwenn sèvis minimòm ki nesèsè yo nan milye riral la.

Sou chak pwoblematik sa yo, dokiman kad la chache bay definisyon mo kle osnon «konsèp³» yo ; li pwopoze yon demach pou konprann manifestasyon, kòz ak konsekans pwoblèm yo epi menas, opòtinite ak defi ki genyen nan chak pwoblematik. Refleksyon ki te fèt sou diferan pwoblematik sa yo te sèvi kòm materyo pou anime ak alimante atelye konsiltasyon delege òganizasyon peyizàn yo nan 3 rejyon yo : gran Nò, gran Sid ak rejyon Lwès-Sant.

Pandan 3 atelye konsiltasyon rejyonal yo, apre patisipan ak patisipant yo fini ak deba sou divès pwoblematik yo, nan travay an ti gwoup yo fè pwopozisyon revandikasyon yo nan plizyè sektè aktivite nan 4 domèn : ekonomik, sosyal, kiltirèl ak politik. Lè ti gwoup travay yo fini bay revandikasyon yo nan yon domèn, yo prezante yo an plenyè, deba fèt sou yo pou ajoute, retire ak korije revandikasyon yo.

Nan atelye konsètasyon ant delege Komite Kòdinasyon ak Swivi⁴ kaye chak rejyon yo pou bati kaye nasyonal revandikasyon an, prezantasyon ak deba te fèt sèlman sou pwoblematik lit mouvman peyizan entènasyo-

¹Pwoblematik : prezantasyon ak analiz yon pwoblèm sou diferan aspè li pou fè parèt divès enfòmasyon ak reyalyte ki pi makonnen ak pwoblèm nan.

²Konvansyon entènasyonal osnon enstriman jiridik entènasyonal se yon dokiman oryantasyon sou dwa moun yon ansanm Leta adopte epi yo angaje yo pou fè lwa sou aplikasyon yo nan peyi pa yo.

³ Definisyon mo kle osnon «konsèp», ekri anba paj kote yo pale sou li nan dokiman an oubyen li nan anèks dokiman an

⁴Komite Kòdinasyon ak Swivi kaye rejyonal : nan fen fowòm validasyon kaye gran Nò ak gran Sid epi fen atelye konsiltasyon Lwès-Sant, asanble delege yo mete kanpe yon komite suivi ak kòdinasyon pou veye sou pwomosyon kaye nan rejyon an epi devlope relasyon ak lòt rejyon sou kaye a.

nal la pou fè Nasyon Zini adopte yon konvansyon sou dwa peyizànri a ak lòt moun k ap travay nan milye riral yo. Paske pwen sa a te prezante ak debat nan atelye konsiltasyon òganizasyon peyizan rejyon Lwès-Sant lan men li pa t diskite nan atelye konsiltasyon òganizasyon peyizan gran Nò ak gran Sid.

1.3- Demach pou mennen atelye konsètasyon pou bati kaye nasyonal revandikasyon an

Objektif atelye konsètasyon an : fè konparezon ant 3 kaye revandikasyon rejyonal yo epi nan chak domèn jwenn yon antant sou revandikasyon nasyonal yo nan divès sektè aktivite ki nan domèn sa a.

Rezilta ki te dwe soti nan atelye konsètasyon an : pèmèt patisipan ak patisipant yo rive fòmile prensipal revandikasyon peyizan, peyizàn yo nan divès sektè aktivite nan 4 domèn yo (ekonomik, sosyal, kiltirèl ak politik) epi defini estrateji pou mennen mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo.

Atelye konsètasyon an te reyalize ak delege Komite Kòdinasyon ak Swivi kaye rejyonal yo, nan Pòtoprens nan dat 22-23-24 fevriye 2018. Nan rankont lan te genyen omwen yon delege pou chak departman. Atelye a te gen 2 akonpayatè : yon animatè, Ernst MATHURIN ak yon rapòtè, Nixon BOUMBA. Animasyon an te fèt sou yon baz patisipatif, depi nan kòmansman jouk nan finisman atelye a.

Atelye konsètasyon an travay sou plizyè pwen : 1) bilan travay Komite Kòdinasyon ak Swivi kaye rejyonal yo ; 2) Lit mouvman peyizan entènasyonal la pou rekonesans dwa peyizànri a ak lòt moun k ap viv nan zòn riral yo ; 3) vyolasyon dwa peyizànri a ap sibi an Ayiti ; 4) konparezon ant 3 kaye rejyonal yo ; 5) Travay konsètasyon an ti gwoup e nan plenyè pou fè sentèz revandikasyon 3 kaye rejyonal yo ; 6) estrateji mobilizasyon ak pledwaye pou kaye nasyonal revandikasyon peyizan yo ; 7) Preparasyon fowòm nasyonal pou lansman kaye nasyonal revandikasyon an.

Prensipal travay animasyon atelye sa a, se te fè patisipan ak patisipant yo konprann, revandikasyon peyizànri a makonnen ak pwoteksyon enterè l ak dwa l nan chak domèn oubyen nan chak sektè aktivite. Lòt aspè ki te enpòtan, se te rive fè delege yo wè nesosite, pou revandikasyon yo fòmile sou yon baz pozitif, nan sans sa ki gen pou fèt pou peyizànri a kapab jwi dwa li yo epi garanti enterè li yo. Travay konsètasyon an ti gwoup epi an plenyè sou 3 kaye rejyonal yo, pou rive chwazi revandikasyon nasyonal yo, fèt sou baz sa ki pi enpòtan pou dwa ak enterè peyizan ak peyizàn yo.

Diskisyon pou defini estrateji mobilizasyon ak pledwaye sou kaye revandikasyon nasyonal la, te pèmèt patisipan ak patisipant yo gade ansanm kòmman sèvi ak kaye a pou°: 1) fè konsyantizasyon; 2) devlope alyans ak lòt aktè nan sosyete a ; 3) fè pwomosyon dwa ak enterè peyizànri a ; 4) mennen mobilizasyon ak pledwaye bò kote otorite Leta santral kou lokal yo ; 5) mennen dyalòg politik negosyasyon ak aktè politik yo epi 3 pou-vwa Leta yo pou revandikasyon yo kapab satisfè. Nan fen atelye a asanble a te monte yon komite pou prepare, ansanm ak PAPDA, fowòm validasyon kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo.

1.4- Demach pou ekri ak valide kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo

Nan fen atelye konsètasyon an, animatè ak rapòtè a mande delege yo pou ba yo yon manda klè sou kijan pou fè redaksyon vèsyon pwovizwa kaye nasyonal revandikasyon an. Delege yo fè rekòmandasyon sa yo : 1) ranmase epi korige gwo pwoblematik ki te prezante ak debat nan divès atelye konsiltasyon rejyonal yo ak nan atelye konsètasyon an ; 2) pou revandikasyon nan chak domèn yo, bay ki kategori dwa peyizànri a, politik piblik nan chak domèn sa yo dwe kreye kondisyon pou moun nan milye riral la kapab jwi yo ; 3) pou revandi-

kasyon nan chak sektè aktivite yo, bay tout dwa, politik piblik nan sektè sa a dwe rive satisfè fiamèzi ; 4) nan lis revandikasyon pou chak sektè aktivite, verifye si sa ki pi enpòtan yo la epi si genyen kèk ki manke ajoute yo ; 5) devlope estrateji mobilizasyon ak plwedwaye ki te debat nan atelye konsètasyon an ; 6) redaksyon vèsyon pwovizwa kaye a dwe fidèl ak sa ki te diskite nan atelye a epi fòk li ekri nan yon langaj ki senp, ki konpreyansif pou tout peyizan ak peyizàn kapab li l san pwoblèm.

Nan delè yon mwa edmi (45 jou) ki te fikse a, GRAMIR fè redaksyon vèsyon pwovizwa kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo epi transmèt li bay PAPDA pou repwodiksyon ak difizyon nan fowòm nasyonal validasyon an. Fowòm la fèt nan dat 16-17 avril 2018, ki se jounen entènasyonal lit peyizan ak peyizàn yo. Pandan 2 jou fowòm nasyonal la, delege 153 òganizasyon peyizan ki te patisipe nan bati kaye nasyonal revandikasyon an, sou yon baz demokratik, te pran desizyon sa yo : 1) validasyon kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo ; 2) kanpe yon Komite Kòdinasyon ak Swivi Nasyonal pou fè preparasyon, pilotaj ak swivi mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal la ; 3) lanse fòmèlman kaye nasyonal revandikasyon an.

Sou baz rekòmandasyon ki te fèt nan fowòm nasyonal validasyon kaye a, GRAMIR finalize dokiman an epi transmèt li bay PAPDA ak Komite Kòdinasyon ak Swivi Nasyonal la pou apwobasyon, repwodiksyon ak difizyon.



Atelye travay pandan fowòm validasyon an



Atelye elaborasyon kaye revendikasyon rejyon Lwès-Sant, Novanm 2017

2

Avanse ki fèt nan pwoteksyon dwa peyizànri a nan nivo entènasyonal ak wòl fondanatal yon kaye revandikasyon

2.1- Lit mouvman peyizàn entènasyonal la pou yon Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Peyizàn ak Peyizàn yo- KEDP

2.1.1- Kisa yon konvansyon entènasyonal sou dwa moun osnon yon kategori moun ye?

Dwa ak libète moun, se yon seri avantaj osnon privilèj tout moun genyen, nan tout peyi ak nan tout sosyete, san gade sèks yo, klas oswa kategori sosyal yo, koulè po oswa ras yo ak nasyonalite yo. Dwa ak libète sa yo rekonèt nan yon seri tèks lalwa, konvansyon oubyen enstriman jiridik entènasyonal. Dwa ak libète sa yo inivèsèl⁵, inalyenab⁶, enpreskriptib⁷ e youn makonnen ak lòt. Jodi a, nan tout monn nan, yo rekonèt dwa ak libète sa yo fondanatal pou lavi ak byennèt tout moun alawonnbadè. Tout moun dwe konnen dwa ak libète yo, tout moun dwe kapab revandike yo, pwoteje yo epi defann yo, ni devan Leta, ni devan sosyete a. Se pa sèlman grenn moun ki gen dwa ak libète, men moun ki mete ansanm pou fòme yon kolektif epi pèp yo genyen dwa ak libète tou.

Genyen divès kalite dwa ak libète moun, dwa kolektif ak dwa pèp tankou : 1) Dwa sivil ak politik ki garanti libète endividi yo ak kolektif yo kont entèvansyon Leta ak sosyete a ; 2) Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki garanti pou tout moun ak tout kominote viv nan diyite, epi pou tout moun ak kominote genyen yon nivo vi desan epi akseptab ; 3) Dwa kolektif yo, se dwa yon gwoup moun genyen paske li se yon gwoup. Dwa kolektif yo depase kad dwa chak moun genyen anpatikilye ; 4) Dwa pèp yo, se dwa pèp yo genyen pou chwazi rejim politik yo vle, pou dirije tèt yo, zafè ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo an granmoun; 5) Dwa espesifik yo, se dwa espesyal yon seri kategori moun genyen, tankou fanm yo, timoun yo, andikape yo, granmoun aje yo, elatriye.

Dwa moun yo, dwa kolektif yo ak dwa pèp yo ekziste depi lantikite. Se nan goumen, nan lit, nan batay yo mas pèp yo mennen yo te rive rache dwa sa yo. Se pa kado klas k ap domine yo oubyen pisans ki pran kontwòl monn lan te fè moun yo ak pèp yo. Apre chak gwo revolisyon nan yon peyi, premye bagay ki fèt se

⁵ Inivèsèl : yo valab tout kote, nan tout peyi, sou tout kontinan

⁶ Inalyenab : yo pa kapab vann yo, bay yo oubyen renonse ak yo pou kèlkeswa rezon an

⁷ Inpreskriptib : yo pa kapab pèdi yo, elimine yo oubyen retire yo nan okenn moman

deklarasyon dwa moun yo ak dwa pèp la. Rekonesans entènasyonal ak inivèsèl dwa moun, dwa kolektif ak dwa pèp yo vin fèt nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun yo, lè Asanble Jeneral Nasyon Zini adopte l nan dat 10 desanm 1948. Se sou baz deklarasyon prensip sa a, Nasyon Zini vini an 1966-1976 ak 2 enstriman jiridik entènasyonal ki se PIDCP⁸ ak PIDESC⁹. Depi lè a kesyon dwa moun, dwa kolektif, dwa espesifik ak dwa pèp yo pa sispann evolye ak nouvo enstriman oswa konvansyon jiridik entènasyonal pou fè respekte yo ak mekanis pou veye sou aplikasyon yo nan tout peyi ki manm Nasyon Zini.

Nan sans sa a Leta ki siyen pak ak konvansyon sou dwa moun, dwa kolektif, dwa espesifik ak dwa pèp yo genyen obligasyon pou respekte yo, pwoteje yo epi kreye kondisyon pou moun yo ak kolektif yo kapab satisfè dwa sa yo. Enstans entènasyonal ki gen responsablite pou prepare ak veye sou respè enstriman ak konvansyon sou dwa moun, dwa espesifik, dwa kolektif ak dwa pèp yo, se Konsèy Dwa Moun Nasyon Zini. Men se lè Asanble Jeneral Nasyon Zini vote yo epi yon ansanm peyi ratifye enstriman oswa konvansyon entènasyonal sa yo, y ap antre annaplikasyon.

2.1.2- Poukisa peyizan ak peyizàn yo bezwen yon konvansyon entènasyonal pou rekonèt, pwoteje ak garanti dwa yo ?

Malgre Chart Peyizan yo¹⁰ Nasyon Zini adopte nan lane 1978 ak yon seri atik nan plizyè konvansyon entènasyonal ki an prensip rekonèt kèk nan dwa peyizan-àn yo, peyizànri a nan lemond antye pa sispann sibi vyolasyon dwa l yo. Dappiyanp sou tè agrikòl kòz plizyè milyon fanmi peyizan pa kapab kontinye fè agrikilti ak elvaj ankò. Gouvènman yo meprize sektè agrikòl la, pi espesyalman agrikilti famiyal peyizàn lan. Peyizànri a pèdi anpil nan semans lokal natirèl yo. Devlopman agrikilti endistriyèl la Leta ak miltinasyonal yo ap ankouraje a detwi forè yo, kontamine dlo epi gate anviwònman an. Aksè a edikasyon ak swen sante ap bese nan milye riral la. Se fanm ak timoun nan milye riral yo ki sibi pi plis konsekans vyolasyon sa yo. Peyizànri a ap pèdi otonomi l, souvrènte alimantè¹¹ l ak idantite kiltirèl li epi wòl politik li ap bese. Aplikasyon politik neyoliberal¹² yo agrave vyolasyon dwa peyizan ak peyizàn yo epi demantle pwodiksyon agrikòl peyizànri a.

Devan sitiyasyon malouk sa a, peyizan ak peyizàn yo pa sispann goumen pou defann enterè yo. Lajistis fè yo enjistis nan kite lapolis ak lame arete epi mete nan prizon plizyè milye dirijan-t peyizan-àn k ap goumen pou defann dwa yo ak mwayen pou yo siviv. Gen lè menm yo kite atoufè masakre yo, sasinen yo epi fè pèsekisyon politik sou yo. Kriz alimantè 2008 yo ki te ankouraje epi anvlimen akòz politik miltinasyonal ki nan sektè agrikòl ak alimantè a, montre byen limit travay pwomosyon rekonesans, respè ak reyalizasyon dwa peyizan ak peyizàn yo. Tout rezon sa yo montre nesosite pou peyizànri a genyen yon konvansyon osnon enstriman jiridik entènasyonal ki gen fòs lalwa pou pwoteje, satisfè epi fè respekte dwa yo.

Zouti jiridik sa a gen nesosite l nan dwa entènasyonal la. L ap pèmèt konbat grangou nan monn lan, sou yon baz pi efikas. L ap sèvi kòm mwayen pou pwoteje agrikilti famiyal peyizàn lan kont agresyon agrikilti endistriyèl la. L ap pèmèt an menm tan amelyore aksè a mwayen pou fè pwodiksyon nan milye riral la. L ap ede

⁸ PIDCP (Tradiksyon sig la an kreyòl) : Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik

⁹ PIDESC (Tradiksyon sig la an kreyòl) : Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl

¹⁰ Chart Peyizan yo : yon deklarasyon prensip Nasyon Zini, adopte sou dwa peyizan-àn yo, atravè FAO, menmsi li pa gen fòs lalwa.

¹¹ Souvrènte alimantè : se yon dwa entènasyonal peyi yo, gwoup peyi yo ak kolektivite yo genyen pou tabli an granmoun politik agrikòl ki pi adapte a popilasyon lakay yo san yo pa deranje lòt popilasyon nan monn lan. Souvrènte alimantè a la pou kenbe ak anrichi abitud alimantè kolektivite yo, li an favè agrikilti famiyal peyizàn lan ak pou bay fanm yo yon wòl ak yon plas enpòtan nan sektè agrikòl la.

¹² Politik neyoliberal : politik ekonomik ki chita sou liberalizasyon komès, kredi, privatizasyon antrepriz ak byen Leta yo epi redui wòl Leta nan responsablite ekonomik ak sosyal li genyen nan sosyete a.

fè rekonèt nouvo dwa tankou dwa pou gen tè, dwa pou jwenn semans ak dwa pou genyen yon konpansasyon pou pèt peyizànri a sibi nan peyi domine yo, akoz sibvansyon Leta bay pwodikètè-tris yo nan peyi dominan yo.

2.1.3- Nan ki etap lit mouvman peyizan entènasyonal la pou KEDP a rive jounen jodi a

Pledwaye ak mobilizasyon mouvman peyizan- Via Campesina -Vwa Peyizànri a- kòmanse nan lane 2000 e li pase deja nan 5 etap sa yo :

1. 2000-2004 : Mouvman Via Campesina -Vwa Peyizànri a- kòmanse ak yon seri atelye deba nan mitan yo pou rive tabli yon Deklarasyon Dwa peyizan ak peyizàn yo epi li fè kontak ak Konsèy Dwa Moun ONU an pou rekonesans ak enstitisyonalizasyon dwa peyizan ak peyizàn yo.
2. 2004-2008 : Mouvman Via Campesina -Vwa Peyizànri a- prepare epi soumèt bay Konsèy Dwa Moun ONU an 3 rapò sou vyolasyon dwa peyizanri a epi li kòmanse ekri pwojè Deklarasyon Dwa peyizan ak peyizàn yo. Nan Kriz alimantè 2008 la, lè Asanble Jeneral ak Konsèy Dwa Moun ONU an konsilte Mouvman Via Campesina -Vwa Peyizànri a- sou kijan pou abòde kriz mondyal sa a, li reponn yo ak Deklarasyon sou dwa peyizan ak peyizàn yo kòm yon zouti jiridik endispansab pou konbat grangou ak diskriminasyon peyizanri a nan monn lan.
3. 2009-2013 : Konsèy Dwa Moun ONU fè yon etid sou diskriminasyon ki genyen nan reyalizasyon dwa alimantasyon -dwa lamanjay -nan monn lan. Apre li anvizaje ki pwosedi espesyal ki pou ranfòse pwomosyon ak pwoteksyon dwa peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral. Li kreye yon gwoup travay entègouvènmantral pou prepare, negosye ak finalize yon Deklarasyon sou Dwa Peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral.
4. 2013-2017 : Depi lè a gwoup travay la soumèt plizyè pwojè Deklarasyon sou Dwa Peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral, kote genyen yon majorite peyi domine ki vote an favè l epi kèk peyi dominan ki swa fè abstansyon, swa vote kont li. Jouk nou rive nan dat 29 septanm 2017 la nan vòt Konsèy Dwa Moun ONU an sou Deklarasyon an, genyen 34 peyi ki vote an favè, 11 peyi ki fè abs-tansyon epi 2 peyi ki vote kont li. Sou baz vot sa a, Konsèy Dwa Moun ONU an mande gwoup travay entègouvènmantral la pou finalize Deklarasyon sou Dwa Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral, pou Leta Manm ONU yo kapab adopte l nan lane 2018.

Apre 17 lane pledwaye ak mobilizasyon se yon etap enpòtan ki franchi nan pwosesis lit pou rekonèt, pwoteje ak defann dwa peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral. Nan peyi dominan yo kou nan peyi domine yo genyen yon ansanm peyizan ak peyizàn ki pa konsyan sou dwa yo. Deklarasyon sa a ap bay dwa peyizan ak peyizàn yo plis lejitimite epi l ap sèvi pou konsyantize peyizan-àn sa yo. Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral ap yon eleman estratejik enpòtan pou denonse agresyon militinasyon agrikilti endistriyèl la ap fè sou agrikilti famiyal peyizàn lan ak konbat diskriminasyon peyizan ak peyizàn yo ap sibi.

2.1.4- Kisa ki nan Deklarasyon Dwa peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo¹³!

Deklarasyon an genyen 3 pati : 1) rezon ki fè Konsèy Dwa Moun Nasyon Zini adopte deklarasyon sou dwa peyizan ak peyizàn yo, 2) definisyon peyizan, peyizàn epi prensip fondalnatal yo, 3) dwa fondalnatal peyizan ak peyizàn yo.

¹³Nan anèks dokiman an n ap jwenn yon rezime deklarasyon sou dwa peyizan-àn ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo.

Ankadre anba a gen lis diferan pati ak atik ki nan deklarasyon an epi ansanm prensip, dwa ak libète fondanatal ki genyen anndan yo chak :

Pati I - Definisyon peyizan, peyizàn ak prensip fondanatal yo

- Atik 1 - Definisyon peyizan, payizàn ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo
- Atik 2 - Obligasyon Leta yo
- Atik 3 - Diyite, egalite ak non diskriminasyon
- Atik 4 - Egalite ant moun ki gen sèks diferan yo
- Atik 5 - Dwa souvrènte sou resous natirèl yo, dwa devlopman ak dwa souvrènte alimantè osnon dwa granmoun nan zafè lamanjay

Pati II - Dwa fondanantal peyizan ak peyizàn yo

- Atik 6 - Dwa fanm rural yo
- Atik 7 - Dwa pou gen lavi, libète epi sekirite fizik ak pèsònèl
- Atik 8 - Dwa pou gen nasyonalite ak pèsonalite jiridik
- Atik 9 - Libète sikilasyon
- Atik 10 - Libète panse, opinyon ak lapawòl
- Atik 11 - Libète asosyasyon
- Atik 12 - Dwa patisipasyon ak pou jwenn enfòmasyon
- Atik 13 - Dwa pou jwenn enfòmasyon nan kesyon pwodiksyon, komèsyalizasyon ak distribisyon
- Atik 14 – Dwa pou jwenn lajistis
- Atik 15 - Dwa pou jwenn travay
- Atik 16 - Dwa pou gen sekirite ak sante nan travay
- Atik 17 - Dwa pou jwenn manje osnon lamanjay
- Atik 18 - Dwa pou gen yon revni ak mwayen pou viv kòmsadwa
- Atik 19 - Dwa pou gen tè ak resous natirèl
- Atik 20 - Dwa pou viv nan yon anviwònman ki gen sekirite, pwòp epi kòrèk
- Atik 21 - Dwa pou jwenn mwayen pou fè pwodiksyon

- Atik 22 - Dwa pou jwenn bon jan semans
- Atik 23 - Dwa pou viv nan yon divèsite biyolojik osnon biyodivèsite
- Atik 24 - Dwa pou jwenn dlo ak asenisman
- Atik 25 - Dwa pou gen sekirite sosyal
- Atik 26 - Dwa pou gen lasante
- Atik 27 - Dwa pou gen lojman
- Atik 28 - Dwa pou jwenn bon jan edikasyon ak fòmasyon
- Atik 29 - Dwa pou viv nan kilti w ak pou jwenn konesans tradisyonèl yo
- Atik 30 - Reskonsablite Nasyon Zini ak lòt òganizasyon entènasyonal yo

Depi nan tan benbo peyizan ak peyizàn yo ap goumen pou defann enterè yo ak pwoteje milye rural la. Objektif final lit peyizànri a se : ranfòse otonomi, souvrènte alimantè ak idantite kiltirèl yo pou garanti byennèt fanmi ak kominote yo. Menm lè ONU ak Leta yo rekonèt dwa espesifik peyizan ak peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo, batay la dwe kontinye pou fè respekte ak pwoteje dwa sa yo epi ekzije Leta yo kreye kondisyon pou dwa sa yo satisfè.

2.2- Wòl fondalnatal yon kaye revandikasyon nan lit peyizan ak peyizàn yo an Ayiti

2.2.1- Kisa yon revandikasyon ak yon kaye revandikasyon ye ?

Yon revandikasyon se sa yon moun, yon gwoup moun osnon yon òganizasyon konsidere kòm dwa li oubyen enterè l y ap pase anba pye epi l ap goumen pou egzije yo respekte l epi satisfè l. Nan domèn politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl yon revandikasyon se sa òganizasyon, gwoup osnon moun nan ap reklame a. Ekzanp : revandike yon libète ; revandike ogmantasyon salè ; revandike yon sèvis ki esansyèl tankou dlo, kouran, swen sante, lekòl ; revandike tè ; revandike yon pi bon pri pou pwodui agrikòl yo ; elatriye.

Pou yon sendika, yon òganizasyon peyizan osnon yon òganizasyon popilè ki byen òganize epi ki byen djanm, aksyon revandike a ka pran fòm yon tèks, yon dokiman ki ranmase ak makonnen pifò revandikasyon yo genyen nan divès domèn. Se sa yo rele kaye revandikasyon an, ki se yon zouti batay ki enpòtan anpil. Nan preparasyon kaye revandikasyon an, y ap tabli sou majorite revandikasyon òganizasyon an oubyen federasyon an osnon kòdinasyon òganizasyon yo genyen. Kaye revandikasyon an prepare pou òganizasyon an ka mennen yon lit kote, si li rive chanje rapò fòs yo, l ap oblije Leta oubyen pati opoze a mande yon negosyasyon ki dwe pèmèt òganizasyon an, federasyon an osnon kòdinasyon an defann dwa l osnon enterè l pou rive jwenn satisfaksyon revandikasyon yo.

Pou òganizasyon an, federasyon an osnon kòdinasyon an rive bati kaye revandikasyon an, fòk li konsyan-tize tout manm li yo sou sitiyasyon yo, enterè yo ak dwa yo. Se konsa manm yo ap kapab patisipe yon jan ki pi aktif nan preparasyon revandikasyon yo. Se travay konsyantizasyon an ki pral pèmèt manm yo ranmase revandikasyon yo, makonnen fòs yo ansanm epi mobilize anba direksyon ak modòd òganizasyon oubyen

federasyon osnon kòdinasyon an pou jwenn satisfaksyon revandikasyon ki nan kaye a. Lè kaye revandikasyon an bati sou yon baz patisipatif, li pèmèt tout manm yo wè sa ki gen pou fèt pou amelyore kondisyon travay yo ak kondisyon lavi yo.

2.2.2- Wòl estratejik yon kaye revandikasyon ki chita sou respè ak satisfaksyon dwa peyizan ak peyizàn yo

Nan peyi d Ayiti kote majorite peyizan ak peyizàn yo manke konsyantize sou dwa yo, ni pa byen òganize, yon kaye revandikasyon ki chita sou dwa peyizan-àn yo genyen yon gwo wòl estratejik nan lit peyizanri a. Kaye revandikasyon sa a dwe pèmèt :

1. Peyizànri a nan tout depatman peyi a pran konsyans sou enterè ak dwa yo epi ede yo leve ak ranfòse nivo òganizasyon ak mobilizasyon peyizànri a.
2. Peyizànri a konprann pi byen lè Leta, ajans entènasyonal ak ONG yo ap fè pwojè oubyen pwogram imanité osnon devlopman nan teritwa yo, se pa kado ni lacharite y ap fè yo, men se yon obligasyon enstitisyon sa yo genyen pou respekte dwa peyizan-àn yo ak kreye kondisyon pou satisfè yo.
3. Peyizànri a konprann pi byen yo gen dwa patisipe nan desizyon k ap pran pou oryante ak egzekite pwojè oubyen pwogram imanité osnon pwogram devlopman k ap planifye pou kominote yo.
4. Peyizànri a sispann pran nan move kraponnaj sèk relijye, ajan devlopman reyaksyonè ak jounalis ki sou pewòl ap simaye nan milye riral la pou fè konnen se peyizan-àn yo ki reskonsab move sò ki tonbe sou yo, alòske se vyolasyon dwa peyizan-àn yo depi digdantan k ap detwi peyizànri a konsa.
5. Peyizànri a konprann pi byen se miltinasyonal agrikilti endistriyèl la ak miltinasyonal agwoalimantè yo epi sibreka yo (Leta, negosyan, gwo komèsan, ajans entènasyonal yo) nan peyi a kou lòtbò dlo ki se veritab advèsè yo nan jan y ap demantibile agrikilti familyal peyizàn lan nan yon vitès k ap grandi chak jou pi plis.
6. Peyizànri a konnen li gen dwa pou ekzije Leta fè amenajman teritwa peyi a pou nan chak komin, nan chak seksyon kominal gen espas ki rezève pou agrikilti ak elvaj, espas pou forè epi ekzije yon refòm agrè ki adapte ak reyalite peyi a.
7. Peyizànri a konnen li gen dwa pou ekzije Leta prepare epi mete annaplikasyon, nan tèt kole ak yo, yon politik agrikòl ki fè pwomosyon ak pwoteksyon agrikilti familyal peyizàn lan.
8. Peyizànri a sispann pran nan blòf politisyen demagòg ki fè yo konnen lè yo rive sou pouvwa yo pral fè pou yo ; alòske, se obligasyon otorite Leta santral kou Leta nan kolektivite terityoral yo genyen pou respekte ak pwoteje dwa peyizan ak peyizàn yo epi kreye kondisyon pou dwa sa yo satisfè.
9. Peyizàn yo konnen nan tout depatman yo, fanm nan milye riral yo egalego ak gason yo epi yo genyen pwòp dwa espesifik pa yo. Dwa pou yo patisipe nan desizyon k ap pran sou sektè agrikòl la ; dwa pou fanm peyizàn yo enplike nan aktivite agrikilti ak elvaj yo ; dwa pou yo chèmèt chèmètès kò yo ; dwa pou yo sispann sibi vyolans, imilyasyon ak diskriminasyon sou kèlkeswa fòm nan.
10. Òganizasyon peyizan yo sispann batay degaye pou ti pwojè pasi pala, men pou yo mete yo an rezo ak gonfle fòs yo pou fè pwomosyon ak defans dwa ak enterè peyizan-àn yo epi mobilize yo pou devlopman ak pwoteksyon agrikilti familyal peyizàn lan ak tout milye riral la.

11. Apwofondi dyalòg politik ant òganizasyon peyizàn yo ak òganizasyon popilè nan vil yo epi ede nan ranfòse kapasite mouvman sosyal yo.

Se tout rezon sa yo ki fè PAPDA ak akonpayman GRAMIR asosye l ak òganizasyon peyizàn epi lòt enstisyon k ap travay nan milye riral la nan edikasyon popilè nan tout depatman yo pou prepare nan tèt kole kaye revandikasyon peyizàn rejyonal yo ak nasyonal la. Ansanm n ap pare nou pou fè kaye revandikasyon nasyonal la pibliye ak difize nan lane 2018 lan, lè Asanble Jeneral Nasyon Zini an pral vote Deklarasyon Dwa peyizàn, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo. Konsa, kaye nasyonal revandikasyon peyizàn ayisyen an ap reprezante kontribisyon pa peyizànri a pou fè vanse ak respekte Deklarasyon Dwa Peyizàn, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral.

Fig 1 : Repiblik d Ayiti ak dekoupaj administratif li





Atelye preparasyon Fowòm nasyonal pou valide kaye revandikasyon peyizan yo

3

Prezantasyon Repiblik d Ayiti

3.1- Jewografi ak divizyon administratif peyi a

Repiblik d Ayiti chita nan rejyon Karayib la nan Amerik Santral la. Ayiti ak Repiblik Dominikèn pataje zile Kiskeya, li nan pati lwès zile a. Kiskeya, Kiba, Jamayik ak Pòtoriko se 4 nan pi gwo zile ki nan rejyon Karayib la. Ayiti se yon peyi ki chaje ak mòn ki kouvri twaka sipèfisi l. Repiblik la divize an 10 departman jeyografik. Chak departman divize an awondisman, komin, katye ak seksyon kominal. Jounen jodi a Repiblik d Ayiti genyen 42 awondisman, 140 komin, 64 katye ak 570 seksyon kominal (IHSI 2015).

Figi 2 : Foto zile Kiskeya nan rejyon Karayid la nan Amerik Santral



Daprè estatistik IHSI nan lane 2015, Ayiti te genyen yon sipèfisi 27 000 km² ak plis pase 10,9 milyon moun k ap viv nan peyi a. Li genyen yon dansite ¹⁴ 403 abitan/km². Plis pase 37% popilasyon ayisyen an ap viv nan departman Lwès kote kapital la, Pòtoprens, chita. Plis pase mwatye popilasyon an genyen mwens pase 21 lane sou tè li alòske moun ki gen 65 oswa plis lane yo reprezante 5,1% popilasyon an. Ki vle di popilasyon an jèn anpil. Gen pi plis fi nan popilasyon an, yo reprezante anviwon 51%. Kantite moun k ap viv nan milye rural la te

¹⁴Dansite popilasyon : kantite moun kap viv sou yon kilomèt kare(K²)

reprézante 48% popilasyon tout peyi a. Ayiti te yon peyi agrikòl men kriz agrikòl ak kriz anviwònman fè l pèdi mak fabrik sa a. Men sa pa anpeche pifò moun nan popilasyon an ap viv jouk kounye a nan milye riral la sou baz travay latè prensipalman.

3.2- Agrikòl ak ekonomik

Dapre resansman agrikòl MARNDR fè soti an 2012, gen anviwon 9 495 Km² (736 046 kawo tè), sa vle di 35% teritwa peyi a k ap sèvi pou fè agrikilti ak elvaj. Nan chak depatman, gen divès zòn ki gen klima espesifik pa yo. Peyi a chaje ak rivyè, sipèfisi tè ki ka wouze reprézante ant 1 350 a 1 500 Km² (104 651 a 116 279 kawo tè), men se sèlman 677 Km² (52 480 kawo tè) ki irige. Potansyalite agrikòl peyi a rete toujou enpòtan, malgre degradasyon anviwònman li. Agrikilti ak elvaj se prensipal aktivite ekonomik peyi a, se yo ki bay plis travay an Ayiti. Anviwon 46% moun ki gen laj pou yo travay se nan sektè agrikòl la y ap demele yo.

Prensipal kilti peyi a se mayi, pitimi, pwa, diri, viv, kafe, mango, zoranj, kakawo, anpil lòt fwi ak anpil legim. Ayiti se youn nan pi gwo pwodiktè mango fransik nan tout Karayib ak Amerik santral la.

Jounen jodi a, peyi a ekspòte lwil esansyèl, kafe, kakawo ak mango fransik. Malerezman, se sektè agrikòl la Leta pi neglije nan peyi a. Rannman tè yo ak rannman travay peyizan ak peyizàn yo pa sispann diminye depi 50 dènye lane yo. Nan lane 1960 yo, peyi a, ak agrikilti l, te rive reponn a 80% bezwen manje popilasyon an. Men depi lane 2005, dapre chif CNSA yo, se sèlman anviwon 40% bezwen manje popilasyon an pwodiksyon agrikòl peyi a rive satisfè.

Ak plis pase 1 700 km kot li yo, Ayiti chaje ak potansyèl pou devlope lapèch ak transpò nan kabotaj sou lanmè. Men 2 sektè sa yo prèske pa eksplwate ditou. Peyi a genyen toujou resous natirèl malgre forè pyebwa dantan li yo reprézante mwens pase 2% sipèfisi total li. Ayiti chaje min anba tè ak anba lanmè l, tankou kwiv, lò, ajan, aliminyòm, mab, ajil, kalkè, liyit oubyen chabon anba tè epi gen anpil siy ki montre li ka genyen gaz ak petwòl. Istwa Ayiti fè li chaje ak patrimwàn natirèl, istorik ak kiltirèl nan tout depatman li yo, men atitid jeneral lelit yo ak Leta a parapò peyi a fè anpil nan patrimwàn sa yo ap gaspiye epi menm sou wout pou yo disparèt.

Depi nan kòmansman lane 1980 yo kriz agrikòl ak ekonomik peyi a ap vini pi grav, mete sou sa katastwòf natirèl li sibi tanzantan yo anpire sitiyoasyon an pi plis toujou. Nan lane 2014 Ayiti te genyen yon PIB¹⁵ ki te egal a 8,8 milya dola ameriken, PIB pa abitan l te egal a 846 dola ; pousantaj kwasans PIB a te 2,8% epi enflasyon an te 5,3%. Nan lane 2016, kontribisyon sektè agrikòl la te reprézante anviwon 20,5% nan PIB peyi a, alòske nan lane 1970 yo, li te konn reprézante anviwon 45% PIB a. Balans komèsyal¹⁶ peyi a nan lane 2016 la te negatif e li te reprézante anviwon -2,5 milya dola ameriken. Nan lane 2016 lan, valè sa peyi a ekspòte Etazini te reprézante 78% tout sa li ekspòte epi sa li enpòte Dominikani te reprézante 34% valè tout sa li enpòte. Nan lane 2012, te genyen 59% popilasyon peyi a ki t ap viv ak sèlman 110 goud pa jou (2,41 dola ameriken), pami moun sa yo te genyen 24% popilasyon an ki t ap viv ak pi piti toujou, 53 goud pa jou (1,23 dola ameriken). Men nan menm ane a, malgre mizè, kantite telefòn selilè ki te genyen nan peyi a pou chak 1000 abitan se te 590. Ayiti se youn nan peyi ki gen plis inegalite nan monn lan, koyefisyan Gini¹⁷, ki sèvi pou mezire diferans revni ant divès klas sosyal nan yon peyi, te 0,61 an Ayiti an 2012.

¹⁵PIB a, reprézante valè kantite byen ak sèvis ki pwodui nan yon peyi pandan yon ane. PIB a montre enpòtans aktivite ekonomik yon peyi oubyen kantite richès li rive pwodui.

¹⁶Balans komèsyal la, montre diferans ki genyen ant tout byen ak sèvis yon peyi ekspòte ak tout byen ak sèvis li enpòte.

¹⁷Koyefisyan Gini : se yon endikatè ki itilize pou mezire inegalite revni nan yon peyi. Lè li 0 sa vle di genyen plizoumwon egalite nan revni ant divès klas ak kategori moun nan popilasyon an, lè li 1 sa vle di genyen anpil ak yon pakèt inegalite nan peyi sa a.

3.3- Sosyal ak kiltirèl

Menmsi genyen plis timoun ki ale lekòl jodi a pase 10 lane pase yo, men se sèlman 76% timoun ki gen laj pou ale nan lekòl primè ki rive fè sa. Majorite lekòl nan peyi a rete toujou nan men sektè prive a, dapre dènye resansman nan zafè lekòl ki fèt an 2011, sektè piblik genyen sèlman 20% lekòl yo. Sityasyon pa diferan nan nivo inivèsite. Gen plis entisite prive pase piblik nan nivo edikasyon siperyè. Malgre posibilite pou ale lekòl ogmante, men kalite edikasyon nan lekòl yo toujou rete trè fèb. Genyen omwen 15% elèv nan tout lekòl yo ki redouble chak ane. Ant sa ki double ak sa ki kite, sou chak 100 timoun ki antre nan premyè ane fondamantal se 25 ki pase pou sètifika. Sityasyon sa a makonnen ak pil kantite pwofesè ki nan sistèm lan men ki pa gen kalifikasyon, kondisyon travay elèv yo nan lekòl la ak lakay yo epi tout lòt prensip ak nòm ki pou garanti yon bon jan ansèyman ki pa respekte. Kategori moun ki plis soufri nan pwoblèm edikasyon an, se ti moun nan milye riral yo ak sa ki sòti nan fanmi pòv nan vil yo. Patisipasyon fi yo parapò a gason prèske egal ego nan nivo lekòl klasik, men anjeneral pou nivo inivèsite genyen mwens fi pase gason.

Nan kesyon manje ak lojman sityasyon an trè konplike tou. Nan lane 2011 kantite moun ki pa t byen manje - ki pa jwenn ni kantite ni kalite manje pou yo viv nòmalmman - te reprezante 45% popilasyon an. Pousantaj moun lavil ki pa jwenn kay nan bon kondisyon pou rete ki oblije ale gonfle kò yo nan bidonvil yo, se te 70% nan lane 2013 la.

Nan posibilite pou jwenn swen sante, Ayiti gen apeprè yon medsen pou 10 000 moun. Sityasyon an dife-ran si moun nan ap viv nan vil oubyen si moun nan ap viv nan milye riral. Sèvis swen sante yo konsantre sitou nan depatman Lwès. Malgre sityasyon deplorab sa a, Leta se redwi l ap redwi kantite lajan l ap mete nan sektè sante a. Ministè sante resevwa mwens kòb pase Palman an nan bidjè 2017-2018 la. Lè yon moun fèt an Ayiti, li gen chans viv 54 ane an mwayèn, si se yon fanm epi 50 ane si se yon gason. Sou 100 timoun ki fèt, gen 7 ki mouri anvan yo genyen 6 zan.

Pou sa ki gen arevwa ak dlo, moun k ap viv nan milye riral yo pa jwenn ase dlo potab nonplis. Daprè IHSI (2012), se sèlman 5% moun k ap viv nan milye riral yo ki genyen dlo tiyo lakay yo osnon pre lakay yo. Majorite moun sa yo blije ale nan sous osnon larivyè pou jwenn dlo pou sèvi lakay yo. Sityasyon an pa diferan nan zafè transpò. Se sèlman 5% popilasyon milye riral la ki gen chans genyen wout an beton osnon asfalte nan zòn kote y ap viv. Plis pase 80% wout nan milye riral yo nan move kondisyon. Nan elekrisite a, mwens pase 11% fanmi nan milye riral la rive jwenn elekrisite lakay yo alòske, mal kon mizè, plis pase 80% fanmi nan zòn metwopòl Pòtoprens¹⁸ lan gen elekrisite lakay yo. Menmsi peyi a pa pwodui ase elekrisite li bezwen, men sa ki rive pwodui a rete konsantre nan vil yo.

Orijin kilti pèp ayisyen an soti an pati nan tradisyon zansèt li yo te kidnape an Afrik vin vann kòm esklav nan Sen Domeng oubyen pitit esklav ki te fèt nan koloni an, epi yon lòt pati nan tradisyon kolon franse ak afranchi ki te pwopriyete gran plantasyon ak esklav. Melanj 2 eritaj sa yo bay yon makonnaj ant 2 kilti matlòt ki devlope sou menm teritwa a nan yon ying yang youn ak lòt. Kilti majorite klas popilè yo pa t janm danse kole ak kilti lelit yo. Opozisyon ant 2 kilti yo ki se reflè kontradiksyon ekonomik ant peyizànri a ak lelit yo, te parèt klè nan rapò lèt ak sitwon ant moun lavil ak moun kanpay. Se sa ki eksplike pwoblèm ki genyen ant lang kreyòl ak lang franse epi konfli ant pratik vodou ak relijyon katolik. Depi nan fondasyon nasyon an apre lendepondans peyi a jouk rive nan lane 1980 yo, rezistans peyizànri a kont ekonomi gran plantasyon lelit yo te vle retounen avè l la, te pote l kontribiye anpil nan anrichi kilti natif natal la.

¹⁸Zòn metwopòl Pòtoprens lan : se gran zòn kote kapital peyi a chita, Pòtoprens, ak 6 komin-Kafou, Petyonvil, Delma, Taba, Site Solèy ak Kwadèboukè- ki antoure li yo.

Nan agrikilti, elvaj ak atizana peyizànri a mete anplas yon sistèm pwodiksyon agrikòl ki chita sou agrikilti familyal, se konsa li te rive garanti souvrènte peyi a nan zafè manje. Nan milye riral la nesesite pou youn viv ak lòt, pou youn kominike ak lòt, pou viv kwayans yo epi pou trete maladi yo genyen, pou fete lajwa kontantman yo, te jwe yon gwo wòl nan jan peyizànri an fè lang kreyòl la fleri epi ranfòse tradisyon vodou a. Se menm rezon sa yo ki pote peyizànri a devlope koutim ak fòlkò peyi a. Tout kontribisyon sa yo te ede ranfòse idantite kiltirèl nasyon an.

Lè endepandans peyi a menase ak entèvansyon militè ameriken nan peyi a nan lane 1915, se peyizànri a an premye ak tradisyon rezistans li, ki te leve kanpe kont anvayisman an. Lit kont okipasyon militè ameriken ak dominasyon li enpoze peyi a, apre depa merin yo nan lane 1934, pral fè patriyòt ak pwogresis ki nan lelit yo konprann nesesite pou ankouraje yon maryaj ant 2 kilti yo pou rive mete anvalè kilti natif natal la. Men nan lane 1970-1980 yo, mondyalizasyon sistèm kapitalis la makonnen ak devlopman kriz agrikòl ayisyen an vin reprezante yon gwo blokaj pou avansman kilti natif natal la nan peyi a.

3.4- Politik ak defi yo

Depi nan lane 1994 Ayiti anba titèl yon misyon militè ak polisye Nasyon Zini k ap renouvle chak ane e ki chanje non nan chak peryòd. Men jouk jounen jodi a, enstabilite politik la toujou grav. Nan direksyon politik peyi a, fòmèlman, dapre konstitisyon 1987 la, genyen 3 pouvwa santral ki sanse endepandan youn parapò lòt : 1) yon Pouvwa Ekzekitif ak 2 tèt, Prezidan an, chèf Leta a epi Premye minis, chèf gouvènman an ; 2) yon Pouvwa Lejislatif (Palman an) ak 2 chanm, Sena a ak Chanm Depite a, pou fè lwa epi kontwole aksyon ak desizyon gouvènman an ; 3) yon Pouvwa Jidisyè pou rann lajistis epi veve sou aplikasyon lwa yo. Nan kesyon desantralizasyon, genyen 3 nivo kolektivite teritoryal : 1) kolektivite depatmantal ; 2) kolektivite kominal ; 3) kolektivite seksyon kominal. Se nan redi pou eleksyon dirèk yo rive fèt epi lè yo resi reyalize se nan koken oubyen yo debouche sou kriz elektoral. Kanta eleksyon endirèk yo, yo poko janm rive abouti.

3 pouvwa Leta yo pa janm fonksyone nan endepandans ak ekilib youn parapò lòt. Prezidans lan toujou chache mete anba kontwòl li Palman an ak Pouvwa Jidisyè a, lè l pa reyisi, sektè politik ki gen kontwòl prezidans lan fè konfli pete ant 2 oubyen 3 pouvwa yo. Nan nivo Ekzekitif la menm, prezidans lan ak primati a ap jwe wòl ministè yo. Souvan tou se ajans entènasyonal yo ki enpoze inite ekzekisyon pou jwe yon pati nan misyon ministè yo. Depite ak senatè yo mete majistra ak KASEK yo sou kote pou jwe wòl ajan devlopman nan kolektivite teritoryal yo. Kòm pa janm genyen eleksyon endirèk pou mete anplas konsèy ak asanble depatmantal yo, se delegasyon yo ki ranplase yo nan reyalite a. Tout iregilarite ak disfonsyonman sa yo makonnen ak dappiyanp pisans etranje yo ak klas dominant yo fè sou Leta a, sa kenbe an pèmanans koripsyon ak enpinite nan peyi a.

Peyi d Ayiti antre nan 21^e syèk la ak anpil defi ki te poze pou li depi apre lendepandans : 1) kijan re-prann souvrènte nasyonal la epi fè peyi a avanse ? 2) kijan chanje Leta a pou l vini osèvis nasyon an ? 3) kijan mete fen nan piyaj peyi a, pou devlope potansyalite l pou tout pitit li yo san paspouki jwenn yon jan pou yo kapab viv byen ? 4) kijan mete fen nan gwo eka inegalite k ap devlope chak jou pi plis ant rich ak pòv yo ? 5) kijan frennen degradasyon anviwònman ak konsekans chanjman klimatik la genyen sou peyi a ? 6) kijan devlope ak kontinye anrichi kilti natif natal peyi a ?

4

Analiz kèk pwoblematik kle nan preparasyon kaye nasyonal revandikasyon an

4.1- Orijin ak devlopman sistèm peze souse a an Ayiti

4.1.1- Istorik dominasyon, eskplwatasyon ak majinalizasyon peyizànri a

Sistèm dominasyon kolon franse yo te mete sou pye nan Sendomeng lan kòmanse piti piti nan lane 1625, li vin devlope vrèman vre nan lane 1690-1700 yo. Sistèm sa a te chita sou gwo plantasyon danre tankou endigo, kann, kafe, kakawo, koton..., kote esklav nwa ki soti an Afrik ak sa ki fèt nan koloni an - nwa kou milat- ap bourike travay pou granmesi epi kolon blan yo ak kèk kolon afranchi ap ranmase richès sa yo pou fè komès ak Lafrans sèlman. Se te yon sistèm kolonizasyon esklavajis esklizif, sa vle di yon sistèm dominasyon ak eskplwatasyon ki te tabli pou reponn sèlman ak enterè Lafrans epi nan pwofi negosyan ak kolon franse yo. Pou vire lòlòj esklav yo e fòse yo aksepte kondisyon travay sovaj y ap sibi a, sistèm lan vini ak yon rejim rasis kote yo konsidere esklav yo, nwa kou milat, tankou yo pa moun men yon «byen mèb», ki vle di yon byen yo kapab achte epi deplase avè l pou sèvi ak li jan yo vle, kote yo vle. Rejim rasis la te bay afranchi yo libète ekonomik men yo pa t genyen libète politik.

Aprè plis pase 170 lane nan sistèm kolonizasyon esklavajis esklizif bout di sa a, esklav tout kalite te rive fonn yo pou tounen yon sèl pèp ki diferan ni ak kolon blan franse yo, ni ak kolon afranchi yo. Se lang kreyòl la, relijyon vodou a, jaden viv yo ak ti komès ant yo ki te sèvi kòm siman kiltirèl pou makonnen yo youn ak lòt. Nan okazyon revolisyon 1789 la an Frans, kote goumen pou libète, egalite, fratènite pou tout franse vin sitwayen, kolon franse Sendomeng yo te pwofite antre nan batay pou jwenn otonomi yo, pou sispann zafè kòmès ak Lafrans sèlman an. Sou bò pa yo, divès gwoup esklav ki t ap mennen depi lontan yon batay rezistans kont sistèm kolonyal esklavajis la, te deside mete tèt yo ansanm pou ranfòse kapasite òganizasyon ak lit yo. Nan lane 1791 mouvman rebelyon esklav nan gran Nò vin tounen yon soulèvman jeneral. Esklav nan gran Nò yo monte pwòp lame pa yo pou kwape sistèm kolonyal esklavajis la epi libere tout mas esklav yo san distenksyon. Inite, detèminasyon ak lit san pran souf esklav yo te rive fè yo jwenn liberasyon jeneral tout esklav nan lane 1793. Pita, nan lane 1803, aprè echèk lame afranchi yo nan lit pou libète politik yo, yo fè alyans ak lame mas esklav yo pou koloni an rive pran endepandans li.

Alyans ant lame mas esklav yo ak lame afranchi a te fèt pou rive transfòmè mouvman sosyal¹⁹ Sendomeng lan nan yon veritab revolisyon²⁰ ki gen mak fabrik sa yo : 1) antiesklavajis, pou esklav nwa oubyen milat, fanm kou gason, jwenn libète yo e pa janm tounen nan esklavaj ankò ; 2) antiplantasyon, pou zafè gwo plantasyon an kaba, pou tout moun lib epi gen pwòp moso tè pa yo pou travay ; 3) antirasis, pou prejije koulè fini, pou tout moun, kèlkeswa ras li osnon koulè li, vin egalego ; 4) antikolonyalis, pou Sendomeng pran endepandans politik ak ekonomik li, kreye pwòp Leta pa l epi fè komès ak tout lòt peyi li vle. Men lelit yo ki t ap dirije mouvman lagè pou lendepandans lan pa t wè divès dimansyon sa yo nan revolisyon an menm jan ak mas esklav yo ki te motè mouvman sosyal la.

Touswit apre endepandans lan nan lane 1804, ni alyans ant mas esklav ak dirijan-t lame esklav yo, ni alyans ant lame esklav yo ak lame afranchi yo fann pakanpak akòz divèjans ak opozisyon ki te genyen ant nouvo lelit yo (klas dominant yo) ak mas ansyen esklav yo (klas popilè yo) sou kesyon sa yo :

1. Yon bò, lelit yo te vle kenbe gwo plantasyon ak kiltivatè yo kòm demwatye / yon lòt bò, mas ansyen esklav yo te vle pou tè yo distribiye bay kiltivatè yo-fanm kou gason- pou yo vin tounen peyizan, peyizàn endepandan epi devlope agrikilti ak elvaj famiyal sou pwòp tè pa yo°;
2. Yon bò, lelit yo te vle kenbe pwodiksyon danre pou ekspòtasyon / yon lòt bò, mas ansyen esklav, nouvo lib yo te vle fè pwodiksyon viv pou peyizan ak peyizàn yo gen mwayen bay fanmi yo ak rès popilasyon an manje ;
3. Yon bò, lelit yo te fikse a 50 kawo pou pi piti kantite tè yon moun ka achte epi entèdi acha tè an gwoup, pou pèmèt se lelit yo sèlman ki pwopriyete tè epi mas kiltivatè yo rete demwatye nèt / yon lòt bò, mas ansyen esklav yo te vle bese pi ba nivo kantite tè yon moun ka achte epi kapab asosye yo pou achte tè, konsa pèmèt tout kiltivatè -fanm kou gason- jwenn tè pa yo pou yo vin tounen peyizan, peyizàn ak tout libète ekonomik yo ;
4. Yon bò, lelit yo te vle fè lang franse ak relijyon katolik vin ofisyèl / yon lòt bò, mas ansyen esklav yo te vle pou lang kreyòl ak relijyon vodou a rete baz kilti natif natal la epi gen plas yo ni nan sosyete a, ni nan Leta a.

Kidonk, depi nan nesans peyi a genyen de (2) pwojè matlòt k ap twoke kòn yo sou ki jan pou konstwi Leta a ak ranfòse nasyon an. Youn ki dominan, se pwojè lelit yo, epi lòt la ki domine, se pwojè mas nouvo lib, ansyen esklav yo. Se sou baz opozisyon sa yo mekanis dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon (esklizyon osnon mete sou kote) peyizànri a²¹ pran rasin yo nan devlopman istwa peyi a.

4.1.2- Mekanis dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon peyizànri a

Touswit apre lendepandans, nouvo lelit peyi a, klas dominan yo, te genyen 3 branch ladan l: 1) negosyan etranje yo ki kontwole gwo komès danre pou voye vann lòt bò ak enpòtasyon pwodui ak byen ki fèt lòtbò yo ;

¹⁹Mouvman sosyal : yon ansanm aksyon kolektif gwoup aktif e òganize k ap goumen nan yon sosyete ap mennen pou rive chanje enstitisyon yo ak konpòtman moun yo nan yon sans ki nan avantaj gwoup sa yo ak nan enterè sosyete a anjeneral.

²⁰Revolisyon : yon chanjman an pwofondè e rapid ki rive fèt nan gwo boulvès nan lavi ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl yon pèp oubyen yon nasyon.

²¹Depi nan epòk sistèm kolonizasyon esklavajis la, gras ak plas jaden kolon yo te ba yo pou plante viv yo, esklav yo te deja gen nan tè yo pou tounen peyizan lè yo rive jwenn libète yo. Nan sans sa a, tout sa yo pwodui nan plas jaden sa yo, se te pou sibzistans yo ak pou vann nan mache. Se pou sa nan peryòd kòmansman 19^e syèk la n ap rele ansyen esklav yo, nouvo lib yo : kiltivatè pou sa ki demwatye yo e peyizan pou sa ki gen pwòp pwopriyete pa yo.

2) ansyen gwo afranchi yo ki se ansyen pwopriyete plantasyon ak tout esklav sou yo ; 3) gwo ofisye nan lame esklav la ki te vin pwopriyete plantasyon ak tout esklav sou yo pandan peryòd soulèvman an. Souvan, anpil istoryen rele 2 dènye branch lelit sa yo : lelit milat ak lelit nwa. Mas popilè peyi a te gen ladan l : 1) mas kiltivatè demwatye yo ki konpoze ak ansyen esklav bitasyon yo, sila yo ki t ap bourike sou plantasyon yo ; 2) kèk ansyen esklav domestik oubyen ki gen talan, men ki pa rive jwenn tè pandan peryòd soulèvman an, ki tounen travayè endepandan ; 3) Anpil peyizan, peyizàn nan mòn yo ki te okipe tè yo depi lè yo te nan mawon ak kèk lòt ki ale rejwenn yo anvan ak touswit apre lendepandans. Nouvo lelit yo te tabli epi ranfòse yon sistèm dominasyon ak eksplwatasyon sou kiltivatè ak peyizan yo, ki te genyen kòm prensipal objektif : fè dappiyanp sou tout richès peyi a epi eksplwate fòs kouraj mas popilè yo pou yo pa janm rive gen mwayen pou pran lavi ak lavni yo an men. Mekanis dominasyon ak eksplwatasyon lelit yo sou mas kiltivatè ak peyizan yo ki makonnen ak majinalizasyon yo, te genyen twa (3) dimansyon : 1) yon dominasyon ekonomik ; 2) yon dominasyon politik ; 3) yon dominasyon sosyal ak kiltirèl.

1- Dominasyon ak eksplwatasyon ekonomik : Depi pandan lagè pou endepandans peyi a, gwo otorite lame afranchi yo t ap fè dappiyanp sou tè kolon franse yo ki t ap kouri pati kite koloni an. Gwo otorite lame esklav yo t ap fè menm bagay tou. Apre 1804, 66% tè kiltivab peyi a ki te nan men kolon franse yo, te pase nan domèn Leta. Nan epòk la, peyi a te genyen sèlman 500 mil moun k ap viv ladan l, te gen mwayen pou tout moun te jwenn tè pou yo travay. Men, Leta te vini ak yon fòmil donasyon tè Leta yo, pou pèmèt se moun nan lelit yo ki vin mèt tout tè sa yo swadizan pou sèvis yo rann nasyon an. Pafwa moun nan lelit yo te fè fo papye pou pwouve kòmkiwa yo te achte tè sa yo nan men kolon franse yo. Apre sasinay Desalin an 1806, ki t ap konbat zafè fo papye tè, lelit yo te chache fè dappiyanp sou anpil nan tè Leta yo pou mete sou sa yo te deja genyen. Lelit yo ki te reprezante 5% popilasyon an lè a, te posede 33% tè yo.

Leta te mete yon seri blokaj pou anpeche kiltivatè -fanm kou gason- oubyen peyizan, peyizàn yo jwenn donasyon osnon achte tè, pandan menm Leta a te mete yon seri mekanis pou fòse kiltivatè yo al travay sou gwo plantasyon yo kòm demwatye. Ansyen esklav yo ki te reprezante 95% popilasyon an lè a, te genyen sèlman 1% tè yo. Lelit yo nan tè kole ak Leta te enpoze règleman kilti sou plantasyon yo ak yon pataj pwodiksyon ki te fèt an 4 pòsyon. Se danre pou ekspòtasyon sèlman ki te dwe pwodui sou tout plantasyon yo. Kanta pataj pwodisyon plantasyon an, li te repati konsa : nan kòmansman yon pòsyon te ale jwenn mas kiltivatè yo e 3 pòsyon te ale jwenn gran pwopriyete a ak Leta. Pita pwodiksyon an te separe mwaye-mwaye, 2 pòsyon nan pwodiksyon an ale jwenn mas kiltivatè²² yo, lòt 2 yo pou gran pwopriyete a ak Leta.

Lelit yo te pran kontwòl mache a e nan konfyolo ant yo, yo te fè tout sa yo kapab pou kenbe pri viv, sereyal ak pwa yo pi ba pase pri danre pou ekspòtasyon yo. Se negosyan etranje ak gwo komèsan ayisyen sèlman ki te gen dwa fè komès danre. Leta te entèdi pou kiltivatè ak peyizan yo fè komès an detay nan kanpay yo ak pwodui enpòte. Pri pwodui ki soti lòtbò yo te toujou disèt wotè epi pri danre pou ekspòtasyon yo te toujou rete pi ba. Negosyan ak komèsan yo te fè gwo espekilasyon sou danre ak pwodui enpòte yo epi yo te achte ak vann nan fo mezi. Objektif ekonomik lelit yo se te kenbe kiltivatè-fanm kou gason- yo kòm demwatye epi anpeche yo vini peyizan, peyizàn ki gen pwòp tè pa yo ak libète ekonomik yo. Lelit yo sèvi ak echanj inegal nan komès, ak kout ponya (prè izirye) epi yo itilize notè ak apantè yo pou fè kiltivatè ki rive achte ti moso tè, ak peyizan yo pèdi tè yo, pou retounen yo nan kondisyon demwatye. Sistèm dominasyon ak eksplwatasyon sa a te tèlman di, pèp la te ba l non : sistèm peze souse.

2- Dominasyon politik : Leta ki te tabli nan peyi a depi sou Tousen nan lane 1801 men pi espesyalman apre lane 1806, se te yon Leta lelit, yon Leta gwo chabrak (oligachik). Ki vle di yon Leta k ap defann sitou en-

²²Se règleman pataj an 2 pòsyon (mwaye-mwaye) sa a ki fè yo te rele kiltivatè yo demwatye.

terè ti gwoup nan lelit la ki gen kontwòl tè yo, gran pwopriyete oswa grandon yo, ti gwoup ki gen kontwòl gwo komès la, gwo negosyan etranje yo ak gwo komèsan ayisyen yo. Leta te ranfòse rejim travay tè sou gwo plantasyon yo ki te kòmansè depi sou Tousen, rejim ki te rele kaporalis agrè a, kote se lame ki t ap siveye travay sou plantasyon yo. Nan rejim sa a depi yo te jwenn yon kiltivatè -fanm kou gason- oswa yon peyizan, peyizàn sou wout osnon nan bouk yo, yo te arete l, mennen l travay sou plantasyon ki pi pre a. Leta oligachik la te kreye 2 kategori sitwayen, sitwayèn nan peyi a : 1) youn ki se kiltivatè -fanm kou gason- oubyen peyizan, peyizàn yo nan milye riral. Se kòd riral la ki te defini jan pou l viv nan sosyete riral la ak jan pou l travay latè. Li pa t gen libète ekonomik ni libète sikilasyon l, se yon tikras libète politik li te genyen ; 2) lòt kategori sitwayen, sitwayèn lan, se sila ki lavil yo oubyen k ap viv sou gwo plantasyon yo nan plèn yo. Se kòd sivil ak kòd penal ki te defini jan pou l viv nan sosyete a. Se dènye kategori sitwayen-èn sa yo ki te gen libète ekonomik ak politik yo. Sistèm dominasyon politik sa a te pèmèt mete sou kote (majinalizasyon) kiltivatè -fanm kou gason- ak peyizan, peyizàn yo pou yo pa gen vwa chapit nan zafè politik, ekonomik ak sosyal peyi a.

Pou fè aparèy Leta a mache epi pou asire defans peyi a, Leta te mete nan afèmaj oubyen vann yon pati nan tè li yo. Li te mete taks sou danre yo ak taks sou pwodui enpòte yo. Leta te fè lwa sou taks ak enpo, yon jan pou se mas kiltivatè ak peyizan yo ki peye tout taks. Lelit yo te sèvi ak koripsyon nan aparèy Leta a pou piye ni kès Leta, ni pwopriyete Leta yo. Leta vin tounen tankou yon manman bèf pou lelit yo tete, pandan se mas kiltivatè yo ki t ap bourike pou nourri bèf sa a (Leta a) san yo pa jwenn okenn sèvis nan men l. Kontwòl pouvwa Leta a te mete gwo chire pit ant branch lelit nwa ak branch lelit milat la pi espesyalman ant branch lelit gran Sid ak branch lelit gran Nò.



Atelye revizyon revandikasyon politik yo nan kad Fowòm validasyon Kaye nasyonal revandikasyon peyizan

Pou sistèm peze souse a te tabli epi devlope nan peyi a, Leta te mete popilasyon an anba yon rejim politik diktati, otorite ak kraze zo, yo trete mas pèp la tankou yo se lenmi. Olye lelit yo ak Leta a chache jwenn yon konpwomi ak mas popilè yo pou ranfòse nasyon an epi konsolide endepandans lan, yo te prefere, foute peyi a anba dominasyon ekonomik Lafrans. Nan lane 1825, klas dominant yo aksepte peye yon dèt lawont, 150 milyon fran an lò²³ ki te reprezante 10 fwa bidjè Leta a nan epòk la, pou Leta franse ka rekonèt endepandans Ayiti. Dèt lawont lan te vin renegosye a 90 milyon epi apre rès dèt la te vin redui a 60 milyon fran lò. Touswit apre, Leta te enpoze kiltivatè -fanm kou gason- ak peyizan, peyizàn yo kòd riral la an 1826. Objektif politik

²³Fran : se lajan peyi Lafrans te genyen depi digdantan anvan li antre nan Inyon Ewopeyèn. Chak Fran nan lane 1803 te egal a yon kantite lò, se pou sa yo te rele fran-lò ki ranplase fran-ajan ki te la anvan l.

lelit yo se te sèvi ak Leta pou devlope ak ranfòse sistèm peze souse a sou mas popilè yo, nan mete yo nan sityasyon «bourik travay pou chwal galonnen».

3- *Dominasyon sosyal ak kiltirèl* : Pou lelit ayisyen yo kenbe epi ranfòse dominasyon ekonomik ak politik yo sou mas popilè yo, yo te devlope an menm tan yon dominasyon sosyal ak kiltirèl sou yo. Eritaj kolonizasyon esklavajis la fè lelit ayisyen an te mete nan tèt li tout sa ki bon, tout sa ki gen valè, tout sa ki enpòtan se sa ki soti an Ewòp, an Frans espesyalman. Konstitisyon ak lwa yo te bay lang franse valè epi te denigre oswa voye jete kreyòl la ; lelit yo mete sou pyedestal relijyon katolik ak relijyon pwotestan epi yo pase vodou a anba pye. Mòd lavi ewopeyen yo sèvi kòm modèl epi yo pran distans yo ak mòd lavi natif natal yo kòmkiwa yo san valè. Pou kenbe mas kiltivatè ak peyizan yo nan kondisyon enferyè epi eksplwate yo pi byen, Leta ak lelit yo pap mete lekòl nan milye riral yo. Leta te entèdi mas popilè yo sikile nan peyi a jan yo vle. Lelit yo, espesyalman lelit milat yo, te fè pwomosyon prejije koulè nan Leta a ak nan sosyete a. Lelit nwa yo menm te fè kwè, se yo ki «otantik», kidonk moun tout bon, pou sa tout privilèj politik se pou yo ; menm jan ak lelit milat yo, yo te vle fè kiltivatè -fanm kou gason- ak peyizan, peyizàn yo kwè yo se moun sòt, moun enferyè. Lelit yo devlope yon sistèm sosyal k ap bay mas popilè yo konplèks enferyorite, fè yo kwè yo se gwo zòtèy, yo se parese, yo se dyab epi yo fè Leta entèdi yo viv koutim ak kilti yo jan yo vle, espesyalman pratik vodou ak dans lwa.

Lelit yo ak Leta te mete kanpe yon sistèm administrasyon ak jistis pou lelit lavil ak grandon nan plèn yo toujou gen rezon epi pou mas popilè yo toujou anba. Nan lane 1860 yo, lè Vatikan ak Ameriken resi rekonèt endepandans peyi a, Leta retounen ak kòd riral epi kòve nan travay sou wout ki te fè yon kanpe nan aplikasyon yo nan lane 1843-1848. Leta remèt sistèm edikasyon peyi a bay Legliz katolik epi pèmèt li al fè evanjelizasyon ak konbat vodou a nan milye riral yo. Peyizànri a sibi plizyè kanpay rejete. Dominasyon sosyo-kiltirèl sa a te pèmèt lelit yo egzèse yon veritab kontwòl ideyolojik sou lide yo bay valè nan sosyete a ak sa pou yo mete sou kote. Dominasyon sosyo kiltirèl la ak kontwòl ideyolojik la te gen kòm objektif : ranfòse non sèlman sistèm peze souse a nan tèt mas popilè yo, men tou garanti majinalizasyon mas kiltivatè ak peyizan yo nan sosyete a.

4.1.3- Mizanplas sistèm peze souse a ak konsekans li

Sistèm peze souse ki chita sou dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon mas kiltivatè ak peyizan yo. Li te kreye yon gwo ying yang ant lelit yo ak mas yo pandan li devlope yon gwo koupe fache ant Leta ak mas popilè yo. Mas popilè yo pa t janm aksepte dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon sa a lelit yo ak Leta a te enpoze yo a, ni yo pa t janm danse kole ak pwojè sosyete lelit yo vle devlope nan peyi a. Depi sou rejim konstitisyon Touden an, nan lane 1801, anvan endepandans peyi a, nouvo lib yo te kòmanse kite plèn yo pou ale nan mòn yo. Mouvman sa a te pran plis enpòtans apre sasinay Desalin e pandan tout premye mwatye 19^e syèk la. Nan mòn yo, kiltivatè yo -fanm kou gason- mete ansanm ak peyizan, peyizàn yo ki te deja la pou tabli lakou yo, yo monte sosyete tradisyonèl travay yo epi devlope pi plis toujou modèl sosyete solidè ki chita sou kilti natif natal la. Modèl sosyete peyizànri a konstwi nan mòn yo, se yon gwo rezistans ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl anfas pwojè sosyete lelit yo nan vil ak nan plèn yo. Pafwa menm rezistans lan konn pran fòm soulèvman, lè sa te nesèsè.

Makònay divizyon ant lelit ak mas yo epi konfli ant branch lelit nwa ak branch lelit milat yo oubyen chire pit ant lelit gran Nò ak lelit gran Sid, pral lakòz peyi a pèdi souvrènste ekonomik li devan Lafrans epi pèmèt negosyan etranje yo pran kontwòl total komès an gwo a. Menm negosyan etranje sa yo, nan fè ti dife boule ant 2 lòt branch lelit yo, rive pran kontwòl endirèk pouvwa politik la. Sa ki te fè peyi a, ant lane 1806 ak lane 1820, vin divize an de (2) : yon repiblik nan gran Sid epi yon wayòm nan gran Nò. Pwosesis afeblisman Leta a kontinye menm lè peyi a vin reyini an yon sèl repiblik.

Divizyon «lèt ak sitwon» ant lelit yo ak mas popilè yo epi konfli pou kontwòl pouvwa a ant branch lelit nwa ak branch milat yo ki pa janm rive jwenn yon solisyon dirab, genyen gwo konsekans negatif sou ranfòsman dwa grandèt majè pèp la, sou konsolidasyon idantite kiltirèl nasyon an, sou pwoteksyon resous natirèl yo ak devlopman ekonomik ak sosyal peyi a.

4.2- Istwa mouvman peyizan yo nan peyi d Ayiti

Kit se nan 19^e syèk la, soti lane 1800 rive nan lane 1899, kit se nan 20^e syèk la, soti 1900 rive 1999, pou konbat sistèm peze souse a, mas kiltivatè -fanm kou gason- ak peyizan, peyizàn yo te mennen plizyè soulèvman ak lit rezistans kont modèl depandans finansye, ekonomik ak politik peyi a ki chita sou gwo plantasyon, dèt ekstèn ak komès inegal, debalans, ant vil ak kanpay yo.

4.2.1- Mouvman rezistans kiltivatè peyizan-àn yo nan 19^e syèk la

Depi mouvman sosyal 1791-1804 la rive nan peryòd 1910-1915, anvan okipasyon meriken, mouvman soulèvman ak rezistans kiltivatè ak peyizan-àn yo konnen 3 gwo moman nan 19^e syèk la :

1- Nan lane 1801, peyi a potko menm endepandan, Gouvènè Jeneral Tousein Louvèti pran desizyon pou fè yon konstitisyon ki te bay Sendomeng otonomi l, ki rekonèt tout moun kòm sitwayen epi ki legalize liberyasyon mas ansyen esklav yo. Men konstitisyon sa a an menm tan, te ekzije pou nouvo lib yo retounen travay sou gwo plantasyon yo kòm kiltivatè demwatye. Konstitisyon 1801 an, se premye baz legal pwojè sosyete lelit yo te vle tabli nan peyi a, anvan menm yo te vin wè nesite pou Sendomeng pran endepandans li.

Senk mwa anvan pwoklamasyon konstitisyon 1801 an, kiltivatè ak peyizan-àn nan Nò ak Nòdès yo antre an rebelyon kont zak «kout ponya nan do» lelit ekonomik ak dirijan-t politik yo ba yo a. Listwa rapòte, kiltivatè ak peyizan-àn yo te mande Moyiz Louvèti, neve Tousein, pran tèt mouvman an. Mouvman soulèvman an te masakre anpil nan kolon franse ki te rete nan zòn sa yo. Men prensipal revandikasyon mouvman soulèvman an te genyen :

1. Pwoteste kont jan Gouvènè Jeneral Tousein vle favorize kolon blan yo kenbe gwo plantasyon yo nan objektif pou l kontinye gen bon rapò ak Lafrans ;
2. Kaba zafè gwo plantasyon an nan Sendomeng ;
3. Pwoteste kont règleman kilti yo ak kaporalis agrè a ;
4. Reklame pou nouvo lib osnon ansyen esklav yo gen pwòp moso tè pa yo pou travay.

Tousein ak lòt dirijan-t lame ansyen esklav yo te kraze mouvman rebèl sa a. Li fè fiziye 12 prensipal chèf li yo ansanm ak Moyiz Louvèti ki te youn nan chèf mas ansyen esklav yo te konsidere tankou yon ewo nan lagè pou liberyasyon yo. Anpil nan dirijan-t yo, Tousein espesyalman, te pran desizyon sa a paske yo te vle rete toujou anba lobedyans Lafrans, men sitou, paske kòm gran pwopriyete teryen yo pa t dakò ak pwojè pou mas ansyen esklav tounen peyizan-àn sou pwòp tè pa yo. Mouvman soulèvman kont konstitisyon 1801 an, se premye siy rapò «lèt ak sitwon» ki genyen ant pwojè sosyete lelit yo ak pwojè sosyete mas popilè yo.

2- Nan lane 1806, apre sasinay Lanprè Desalin, kiltivatè peyizan-àn nan Grandans yo souleve kont tandans oligachik ak depandan Leta a pran nan Repiblik Sid peyi a ki te sou kontwòl branch lelit milat yo. Se Jan Batis

Goman ki te pran tèt mouvman an. Pandan plis pase 14 lane, lame rebèl kiltivatè peyizan-àn yo fè fas kare ak lame pouvwa Petyon-Bwaye a. Prensipal revandikasyon mouvman soulèvman nan Grandans lan, se te :

1. Pwoteste kont konplo asasinay branch lelit gran Sid yo (ak konplisite Kristòf) fè sou Lanprè Desalin, kiltivatè peyizan-àn yo te rekonèt kòm prensipal ewo ki pèmèt peyi a jwenn endepandans li ;
2. Pwoteste kont negosyasyon k ap fèt ak Lafrans an katimini pou peye l yon mas lajan pou l rekonèt endepandans peyi a ;
3. Pwoteste kont sistèm demwatye, règleman kilti yo ak kaporalis agrè a ;
4. Pou kiltivatè yo -fanm kou gason- jwenn moso tè yo pou travay epi viv ak fanmi yo.

Mouvman an tabli yon fòm teritwa libere nan mòn Grandans yo, kote chak kiltivatè enstale l kòm peyizan-àn sou moso tè pa l epi yo devlope konbit pou youn ede lòt nan travay tè ak bati kay yo. Mouvman sa a, se premye distans kiltivatè peyizan-àn yo pran ak branch lelit milat yo. Apati mouvman sa a, modèl lakou a ak òganizasyon tradisyonèl travay²⁴ kòmanse devlope seryezman nan mòn Grandans ak Sid yo. Pou lolo kiltivatè peyizan-àn yo epi kase ren mouvman pwotestasyon nan Grandans lan, Prezidan Petyon te chache fè kèk distribisyon tè bay kiltivatè peyizan-àn ki aksepte depoze zam yo, nan zòn nan. Nan lane 1820, apre lanmò Wa Anri Kristòf kote peyi a tounen reyini nan yon sèl repiblik, lame Prezidan Bwaye a te kraze nan san mouvman kiltivatè peyizan-àn Grandans yo. Konsa, pouvwa Leta a te kapab enstale peyi a akèl nan depandans finansye ak komèsyal parapò Lafrans, apati rekonesans dèt lendepandans lan nan lane 1825. Pouvwa a te ranfòse ofisyèlman dominasyon, eksplwatasyon ak majinalizasyon kiltivatè peyizan-àn yo nan enpoze yo kòd riral la nan lane 1826.

3- Nan lane 1843, kiltivatè peyizan-àn nan Sid yo ak Jan Jak Akao kòm youn nan prensipal chèf yo, pwo-fite twoub politik ki te gen nan peyi a apre ranvèsman Prezidan Bwaye, pou mennen yon mouvman sosyal ak zam nan men nan rejyon an. Se youn nan mouvman kiltivatè ak peyizan-àn ki te genyen plis revandikasyon e ki te pi klè kont sistèm peze souse a. Men prensipal revandikasyon l yo :

1. Mete fren nan dezekilib ki genyen ant pri pwodui lokal yo ak pri pwodui enpòte yo ;
2. Distribiye tè bay kiltivatè peyizan-àn yo, sitou sa ki pi pòv yo, pou yo ka viv ak fanmi yo ;
3. Mete lekòl nan milye riral la pou asire edikasyon kiltivatè ak peyizan-àn yo ;
4. Mete yon fren nan prejije koulè pou gen egalite sivil ant sitwayen milat ak sitwayen mwa.

Mouvman an te genyen yon lame ki te bay tèt li non lame Pikè. Li fè plizyè fas kare ak lame pouvwa a ki pa rive mete do l atè malgre represyon kraze zo. Se mouvman sa a ki te fè Leta bese dabò a 25, apre a 10, answit a 5 kawo tè pou pi piti, kantite tè yon moun ka achte epi aksepte pou plizyè kiltivatè mete tè yo ansanm pou achte tè. Se mouvman sa a tou ki fè Leta mete sou kote kòd riral Bwaye a, pèmèt yon majorite kiltivatè demwatye vin peyizan-àn ki gen pwòp tè pa yo epi fè lelit yo ak Leta konprann modèl gwo plantasyon an pap janm mache nan fason yo vle l la. Men apati lane 1846, apre lanmò Akao, sou Prezidan Riche ak Soulouk pouvwa a makonnen krim politik, kraze zo, manipilasyon ak andyozman pou rive kase mouvman Pikè a epi eliminen anpil lòt dirijan-t mouvman an ki te refize mete yo osèvis rejim politik la.

²⁴Depi sou tan lakoloni, modèl lakou ak modèl òganizasyon tradisyonèl travay yo te ekziste deja nan mòn yo, kote nèg ak nègès mawon yo te tabli yo. Apre soulèvman kont konstitisyon 1801 an, li pran yon vitès nan gran Nò a.

Depi nan kòmansman lane 1860 yo, gran pwopriyete teryen nan rejyon gran Nò a te chache anbrigade kiltivatè demwatye ki sou plantasyon yo ak peyizan-àn nan mòn ki pre vil yo pou monte lame epi desann sou kapital la pou ranvèse prezidan ki sou pouvwa. Premye lame Kako sa yo, se sou baz pwomès distribisyon tè ak pòs sibaltèn nan lame peyi a yo te rive anwole kiltivatè ak peyizan-àn yo. Sou gouvènman Fab Gefra a, lelit ekonomik ak otorite Leta yo te pran dispozisyon pou febli mouvman peyizànri a. Yo te menm rive konfwonte Kako nan Nò ak Pikè nan Sid yo. Se apati epòk sa yo ranfòsman sistèm peze souse a te pase yon dezyèm etap nan peyi a, kote Leta :

1. Retounen ak kòd riral la ;
2. Bay polis riral la jarèt ;
3. Retounen ak modèl kòve ki fòse kiltivatè ak peyizan-àn yo al travay sou wout yo pou granmesi ;
4. Resi tabli relasyon diplomatik ak Vatikan e Etazini ;
5. Louvri milye riral la bay Legliz katolik pou fè levanjelizasyon ;
6. Ankouraje plis negosyan alman, meriken, angle, franse, elatiye vin tabli nan peyi a ;
7. Mete kanpe nan lane 1880, yon swadizan Bank Nasyonal Dayiti²⁵ ki pral ogmante depandans finansye peyi a parapò Lafrans.

Malgre ranfòsman sistèm peze souse a, rezistans mas popilè yo te pèmèt yo kenbe gany ak vikwa yo te genyen nan batay yo t ap mennen pou jwenn tè pou travay kòm peyizan-àn chèmèt chèmètrès. Pa pil e pa pakèt, kiltivatè yo te kite plèn yo pou ale tabli lakou ak jaden yo nan mòn yo. Se nan epòk sa a, modèl agrikilti famiyal peyizan-àn ta pral fleri toupatou. Men peyi a te antre nan yon epòk kote rapò fòs ant vil ak kanpay yo te trè frajil, paske li te kapab chavire kenpòt moman, tankou sa te pase nan kriz politik 1867-1870 yo.

4.2.2- Mouvman rezistans peyizànri a nan 20^{èm} syèk la

Nan lane 1890- 1910 yo, Leta ak lelit yo kòmanse ak yon politik konsesyon ak afèmaj tè bay konpayi etranje pou vin eksplwate menm pye bwa nan forè yo, tabli gwo plantasyon bannann, kann, pit ak fwi epi konstwi ray pou transpòte pwodui agrikòl sa yo nan tren pou pote yo ale nan izin oubyen sou waf. Popilasyon an, ki te 500 mil moun tousuit apre endepandans lan, vin triple, li pase a anviwon yon milyon 500 mil moun. Evolisyon atèrijasyon 2 pwojè matlòt yo (pwojè lelit yo ak pwojè mas popilè yo) te fè peyi a vin genyen 2 kalite mòd lavi apa ladan l ki pa t melanje youn ak lòt : sou yon bò, milye riral la, kote peyizànri a ap viv nan mòn ak nan plèn yo ; sou yon lòt bò, vil yo, kote negosyan etranje yo, komèsan ayisyen yo, notab yo, klas mwayèn ak kèk malere epi grandon yo ap viv menm si sila yo te genyen tè ak plantasyon nan plèn yo. Kapitalis agrè a, pwodiksyon agrikòl sou gwo plantasyon ak mendèv ouvriye, te fèk ap kòmanse nan peyi a ak kèk konpayi agwo-endistriyèl epi kèk izin transfòmasyon k ap chache etabli yo nan plèn yo epi anvlimen dechèpiyaj pyebwa ki gen valè yo nan mòn yo. Boujònman kapitalis la nan peyi a te genyen gwo konsekans sou kesyon tè a ak rapò travay yo nan milye riral la. Peyizanri a pral mobilize pou defann dwa ak enterè l ki menase ak nouvo sitiyoasyon sa a. Mouvman rezistans ak soulèvman peyizànri a te konnen nan 20^e syèk la 3 gwo moman.

²⁵ Bank Nasyonal d Ayiti te pote non peyi a men se te sikisal yon bank franse li te ye. Bank sa a te pèmèt kapitalis finansye franse yo pran kontwòl total finans peyi a.

1- Dezyèm lagè kiltivatè/peyizan Kako yo nan lane 1911-1915 yo

Nan lane 1910-1915 yo, sistèm peze souse neyokolonyal klas dominant yo, Leta ak kapitalis franse yo te enstale nan peyi a, te antre nan yon etap avanse nan dekonpozisyon sosyete a. Yon long peryòd enstabilite politik ak yon gwo kriz ekonomik ak sosyal t ap boulvèse peyi a. Nan mwens pase 4 lane te gen 7 prezidan ki pase sou pouvwa a. Koripsyon te anvayi tout administrasyon Leta a. Lelit nan Nò, Lwès ak Sid, nan lit pou kontwòle pouvwa politik la, te antre nan fè lagè ant yo. Kiltivatè ak peyizan-àn yo nan gran Nò a ta pral pwofite kontèks sa a pou mennen yon soulèvman rezistans ki te diferan ak premye lagè Kako yo. Listwa rele soulèvman rezistans sa a, dezyèm lagè Kako. Prensipal revandikasyon dezyèm mouvman Kako yo se te :

1. Pwoteje tè yo, rekòt kafe yo ak koup bwa yo kont destriksyon masif travay konstriksyon ray tren yo ;
2. Pwoteste kont degèpisman yo sou tè Leta ak tè pa yo pou bay konpayi etranje vin fè gran plantasyon ;
3. Goumen kont monopòl kilti ak lavant kèk pwodui tankou fig bannann Leta te bay kèk konpayi espesyalman Mac-Donald ;
4. Leve kanpe kont lamizè ak grangou ki t ap devlope nan milye riral la.

Men nan devlopman mouvman an genyen yon lòt objektif ki te vin ajoute sou revandikasyon peyizan yo epi ki ta pral nwaye yo, se ranvèse prezidan ki sou pouvwa a. Pou detounen lit kiltivatè ak peyizan-àn yo epi anbrigade kiltivatè demwatye yo pou trennen yo nan goumen pou pouvwa, grandon yo ak jeneral nan depatman ak awondisman yo te sèvi ak pwomès distribisyon lajan ak tè epi pwomès apiye kiltivatè ak peyizan-àn yo nan lit kont enstalasyon konpayi etranje yo.

Aprè premye entèvansyon meriken an 1915, lè kòmandan merin yo fin achte ak lajan majorite dirijan ki te nan tèt mouvman an pou te fè yo depoze lèzam, lit kiltivatè ak peyizan gran Nò yo te kontinye sou baz pwòp enterè pa yo. Lè sa a, lit yo pa t vize sèlman enstalasyon Mac-Donald yo, men tout moun nan lelit²⁶ yo ki t ap sipòte konpayi sa yo. Se mouvman Kako sa a ki te kòmanse fè fas kare ak merin yo. Se nan ansèkman, masak ak dinamitay, meriken te rive kraze dezyèm lagè Kako yo nan fen lane 1915.

2- Twazyèm lagè rezistans peyizan Kako yo kont okipasyon meriken nan lane 1917-1920

Pandan 19 lane okipasyon militè meriken sou Ayiti (1915-1934), li wete peyi a anba dominasyon finansye ak komèsyal Lafrans ak lòt peyi ewopeyen yo pou fòme l anba pwòp dominasyon politik, ekonomik ak sosyal pa l. Okipan an ranvwaye lame peyi a epi mete anplas yon Jandamri (1916) k ap vini Gad d Ayiti (1928) ; li kraze rezistans 2e mouvman Kako yo. Li chanje konstitisyon an pou pèmèt konpayi lakay li pouse do peyizan yo pou fè dappiyanp sou bon tè nan plèn yo epi piye resous forè nan mòn yo. Okipan an retounen ak travay kòve sou wout pou granmesi epi kreye kondisyon pou deposede peyizan-àn yo, fè yo tounen yon mendèv bon mache epi oblije yo ale bourike nan plantasyon kann konpayi kapitalis meriken yo nan Kiba ak Dominikani. Okipan an te fèmen tout pò pwovens yo pou santralize kòmès la sou Pòtoprens epi reyorante komès ekstèn peyi a nan direksyon Etazini. Meriken kraze palman an epi mete nan plas li yon Konsey deta pou mete politisyen sibreka pa yo sou pouvwa a epi pran direksyon politik peyi a ak kontwòl administrasyon piblik la.

Apati 1917, kiltivatè ak peyizan-àn yo nan Plato Santral, nan Nòdès ak yon pati nan Nò ak Latibonit te leve kanpe nan yon twazyèm lagè Kako kont okipasyon militè meriken an. Nan chak rejyon yo te genyen pwòp

²⁶Sou dezyèm lagè Kako yo, peyizan-àn nan Nò ak Nòdès toujou pale sou lit Kako kont zandolit, sa ki se yon defòmasyon lit Kako kont (les gens de l'élite) moun nan lelit yo.

chèf pa yo, men 2 prensipal dirijan ki t ap kòdone mouvman an se te dabò Chalmay Peralt answit Benwa Batravail. Mouvman sa a te genyen yon karaktè patriyotik ak anti-meriken klè, revandikasyon fondamantal li se te :

1. Konbat dappiyanp konpayi meriken t ap fè sou tè Leta ak tè peyizan-àn yo ;
2. Leve kanpe kont retou travay kòve ki te vin ankò pi long ak pi sovaj pase travay kòve anvan yo ;
3. Pwoteste kont rasis ak move tretman popilasyon an t ap sibi anba okipasyon meriken ;
4. Manifeste kòlè peyizanri a kont pri pwodui agrikòl ki t ap bese byen ba ak pri pwodui enpòte ki t ap monte byen wo ;
5. Pouse do merin meriken yo pou pèmèt peyi a reprann dwa granmoun li.

Twazyèm lame Kako yo te mobilize plis pase 10 mil kiltivatè ak peyizan-àn. Li goumen pandan 3 zan ak merin meriken yo, li fè pou pi piti 2 atak sou Pòtoprens. Lame meriken an, ak riz, trayizon, masak, avyon k ap lage bonm epi kraze zo, rive masakre majorite kiltivatè ak peyizan-àn ki te nan rebelyon an epi elimine prèske tout chèf yo. Pandan tout konba sa yo patriyòt ak demokrat lavil yo pa janm chache devlope okenn alyans ak mouvman peyizan-àn Kako a pou rive mete fen nan okipasyon meriken an. Apre eliminasyon 3^e mouvman Kako sa yo, meriken te dezame peyizànri a nan tout rès peyi a epi ranfòse ankò pi plis baz legal ak administratif okipasyon an.

Lè patriyòt ak demokrat nan vil yo mete ansanm ak popilasyon an, nan lane 1929-1930, pou rele chalbare dèyè l, meriken fè dezokipasyon militè ak administratif la an 1934. Men li te gen tan mete kanpe tout aparèy ak mekanis pou dominasyon politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl sou peyi a kontinye.

3- Mouvman rezistans peyizànri a nan kad mouvman demokratik popilè 1986 yo

Okipasyon meriken an te vin sove sistèm peze souse a nan pwofi bank ak konpayi kapitalis lakay li. Okipasyon sa a te kase ren sistèm sosyal ki te genyen nan milye riral la. Santralizasyon ekonomi an sou kapital Pòtoprens lan te mennen fayit vil pwovens yo epi apovri popilasyon nan seksyon riral yo. Okipasyon-dominasyon an te anvlimen prejije koulè ant nwa ak milat, li te òganize plizyè kanpay rejete kont vodou a epi anvayi peyi a ak sèk pwotestan pou kraze idantite ak kilti pèp la. Se jouk nan fen lane 1940 yo, apre mouvman sosyal 1946 yo, lè peyi a te resi fin peye dèt li te gen pou Lafrans ak lajan meriken te fòse l prete nan bank lakay li, epi ak nouvo kontèks finisman 2e lagè mondyal la te devlope nan monn nan, te kòmanse genyen yon alemye sou plan ekonomik ak sosyal an Ayiti. Kontwòl meriken sou Lame Dayiti ak sou aparèy politik ak administratif Leta yo fè Leta ayisyen tounen yon Leta restavèk meriken ak gwo potanta k ap defann enterè l nan peyi a, oligachi a. Dominasyon meriken an te enstale diktati pi fewòs peyi a pa't janm konnen ak rejim Divalye yo epi rive makonnen ansanm lame kraze zo a ak kò tonton makout Franswa Divalye te mete kanpe a.

Apati lane 1970 yo, divès gwoup patriyotik, demokratik ak popilè kòmanse fè yon travay konsyantizasyon ak òganizasyon nan milye popilè nan kanpay kou nan vil yo. Travay sa a te devlope nan legliz yo, espesyalman nan legliz katolik, nan lekòl yo, inivèsite a, peristil vodou yo, anndan biwo Leta yo, nan laprès, nan pwojè devlopman yo, elatriye. Òganizasyon politik anbachal yo te jwe yon gwo wòl nan travay konsyantizasyon ak devlopman òganizasyon nan milye popilè yo. Nan kòmansman ane 1980 yo, sou presyon meriken ak ajans entènasyonal yo, pouvwa Divalye yo te antre peyi a anba politik mache lib ki louvri vant li pou pwodui agrikòl

enpòte yo vin fè konpetisyon delwayal ak pwodui lokal yo. Nan lane 1982-1984, Leta ayisyen sou lòd gouvènman meriken te fè touye tout kochon kreyòl yo sou pretèks pa t gen lòt mwayen pou konbat maladi pès posin lan. Kriz ekonomik ak lavichè te kòmanse vale teren. Travay konsyantizasyon, òganizasyon ak mobilizasyon peyizànri an, klas mwayèn yo ak klas popilè lavil yo te rive debouche sou yon gwo mouvman sosyal nan lane 1986 pou ranvèsè diktati Divalye yo. Men prensipal revandikasyon gwo mouvman sosyal sa a :

1. Peyizànri a atravè òganizasyon ak mouvman l yo reklame refòm agrè, irigasyon tè ki ka wouze yo, akonpayman agrikòl, retou ak ras kochon kreyòl yo, pwoteksyon pwodiksyon nasyonal la, kaba kesyon distribisyon manje sinistre a, eliminasyon taks mache, kaba zafè chèf seksyon an, elatriye ;
2. Klas popilè lavil yo reklame pou yo jwenn travay kòrèk, ogmantasyon salè minimòm lan, lojman, dlo ak asenisman, elektrisite, elatriye ;
3. Popilasyon nan milye rural kou lavil yo mande desantralizasyon, pou lavichè a kaba, refòm nan sistèm edikasyon ak sante a epi pou Leta asire respè dwa ak libète sitwayen, sitwayèn yo san paspouki ;
4. Yon majorite òganizasyon sosyal ak politik epi anpil pwogresis nan lelit entelektyèl la ekzije pou kreyòl la pran plas li, pou pèsekisyon vodou a sispann epi pou reyabilite kilti nasyonal la ;
5. Òganizasyon feminis yo revandike rekonesans ak respè dwa fanm yo epi mete fen nan vyolans ak diskriminasyon fanm yo ap sibi ;
6. Popilasyon nan tout peyi a mande pou rejim politik la ak konstitisyon an chanje, pou demokrasi, jistis ak jistis sosyal tabli nan peyi a.

Mouvman sosyal 1986 la sekwe tout sistèm peze souse a ki chita sou yon Leta otoritè-restavèk epi sou eksplwatasyon ak majinalizasyon klas popilè nan milye rural kou nan milye lavil yo pou ranfòse dominasyon pisans etranje yo sou peyi a. Se premye fwa nan listwa Ayiti, baz sosyete neyokolonyal, oligachik, otoritè, ine-gal, enjis k ap sèvi ak prejije koulè a te destabilize konsa. Se premye fwa mas popilè yo, patriyòt ak demokrat ayisyen-èn te mete ansanm pou batay nan menm direksyon : rive chanje Leta ak sosyete malouk la.

Mouvman sosyal 1986 la te pote anpil lespwa pou peyi a pran yon nouvo oryantasyon, men apa vòt konstitisyon 1987 la, eleksyon tanzantan, kèk amelyorasyon nan rejim politik la, kèk ti chanjman nan relasyon sosyal yo ak nan mantalite yo, mouvman an pa rive abouti nan satisfaksyon prensipal revandikasyon li yo. Sektè ki pi reyaksyonè nan lelit yo, mete ansanm ak kèk pisans etranje, espesyalman Leta Etazini an pou detounen mouvman an. Estrateji makab pou kraze mouvman sosyal la konbine : 1) fè koudeta sou koudeta ak kase mobilizasyon popilè yo ; 2) fè represyon sou òganizasyon peyizan yo ak lòt òganizasyon popilè yo ; 3) òganize plizyè masak nan Pòtoprens ak nan zòn rural yo ; 4) elimine oswa rekipere anpil dirijan-t mouvman sosyal la ; 5) manipile lòloj popilasyon an°; 6) enpoze peyi a plizyè plan ajisteman estriktirèl ; 7) mete peyi a anba anbago ; 8) fè plizyè entèvansyon militè entènasyonal nan peyi a jouk yo mete l anba titèl Nasyon Zini ki fè l pèdi ti kras dwa granmoun li te rete a.

4.3- Degradasyon anviwònman peyi a

4.3.1- Jenèz zile Kiskeya lè lavi kòmanse sou li

Dapre syans jewoloji k ap fè etid sou planèt tè a, latè genyen plis pase 4,5 milya ane depi li ekziste. Premye espès plant ak bèt yo parèt sou latè depi plis pase 375 milyon ane. Premye espès ki sanble plizoumwèn ak

moun parèt depi 7 milyon lane e moun ki menm jan ak nou tout, kòmanse fè premye pa yo sou latè depi 200 mil lane.

Nan plas kote zile Kiskeya chita a, dapre etid jewològ yo, gen plis pase 25 milyon lane, se lanmè sèlman ki te la. Nan epòk sa a, zile a potko fè yon sèl, li te eklate an 4 moso : Nòdès ak yon bout anlè Dominikani rive jouk Santyago sou yon bò, tout rès preskil Nò a ak rès Dominikani sou bò pa l, Latibonit ak Lwès epi Plato Santral la kole ansanm sou bò pa yo, epi prèskil Sid la depi Ansapit rive Tibiwon sou bò pa l (Fig 1). Se tranblemantè anba lanmè ki te fè 4 pati yo vin fè yon sèl epi plèn Kildesak te monte anlè dlo, akòz mouvman plak tektonik²⁷ Karayib la k ap antre anba plak Amerik Nò a. Se rezon sa a ki fè lak Azueyi ak lak Anrikiyo sale, dlo lanmè ki rete kwense anndan tè lè divès moso zile ap reyini fè yon sèl. Se sa ki fè genyen tout chèn montay sa yo sou zile a. Apre sa, vin genyen yon pakèt vòlkan ki pete anba lanmè ak sou tè ki te pèmèt zile a vin pi gran ak pi laj. Se jenèz sa a ki fè zile Kiskeya genyen fòm sa a : yon pakèt mòn youn dèyè lòt, anpil plèn toupre kot yo epi sèten plato anlè kèk mòn. Se sa ki esplike zile a genyen anpil resous natirèl tankou min ak karyè sab sa yo. Sitiyasyon Zile Kiskeya nan rejyon twopikal la ak divès kalite sòl li genyen, te fè li vin gen yon sistèm ekolojik²⁸ espesyal ak yon gwo divèsite byolojik, sa vle di ekzistans sou zile a, diferan espès plant, divès kalite ras bèt, yon pil ak pakèt ti bèt tou piti moun pa kapab wè ak je yo, kote yo tout ansanm ap viv nan yon ekilib. Mòn dèyè mòn epi makonnen ak plèn e divès kalite wòch ak tè, fè zile a genyen yon pil zòn ki gen klima espesyal pa yo.

Fig 3 : Zile Kiskeya anvan 4 moso te vin kole youn ak lòt



Premye nasyon ki vini abite zile Kiskeya, se pèp endijèn yo, se yo kolon espanyòl yo te rele endyen yo. Premye pèp endijèn yo te jwenn yon zile ki chaje ak mangwòv sou tout kot li yo, tout arebò lanmè yo. Tout plèn yo te kouvri ak forè. Toupre rivyè ak flèv yo te gen yon pil kalite zèb. Mòn ki nan mitan yo te chaje ak forè. Tout tèt mòn nan wotè yo te kouvri ak forè pye bwapen. Ni nan mòn ni nan plèn, te gen yon pil ak yon pakèt pye fwi. Te genyen yon bèl ekilib ant forè yo ak rivyè, flèv, lak, letan ak marekaj yo. Tout kalite ras bèt ak zwazo t ap boloze nan paradi sa a. Pèp endijèn yo te kòmanse fè kèk kilti sou tè nan plèn yo men yo te viv nan bon jan relasyon ak divèsite ekolojik la nan respè ekilib natirèl la.

4.3.2- Istwa destriksyon anviwonman zile Kiskeya anjeneral ak Ayiti anpatikilye

Istwa destriksyon anviwonman zile a kòmanse ak debakman Ewopeyen yo. Lè kolon espanyòl yo debake nan lane 1492, zile a te kouvri ak forè sou 95% teritwa l. Pou fè dappiyanp sou min lò ak min kwiv, yo mete pèp

²⁷Plak tektonik : Se yon moso nan ekòs latè a ki estab, kidonk ki pa p defòme. Plak yo ap deplase a yon ti vitès piti piti. Anjeneral, tranblemanntè yo fèt kote plak tektonik yo swa ap rankontre youn ak lòt, swa ap antre youn anba lòt, swa ap pran distans youn ak lòt.

²⁸Sistèm ekolojik : yon espas kote plant yo, bèt yo ak anviwonman yo ap aji youn sou lòt nan yon menm sistèm biyolojik.

endijèn yo nan esklavaj pou fouye min yo. Anplis, yo antre nan devlope kilti sereyal ak elvaj zannimo enpòte tankou cheval, bèf ak kabrit.

Kalite entèvansyon sovaj kolon espanyòl yo t ap fè sou zile a, detwi yon pati nan forè nan plèn yo. Nan lane 1625, lè rezèv min lò yo pa kapab eksplwate ak mòd teknik ki te gen pou sa nan epòk la, kolon espanyòl yo te ale chache lòt min lò ki genyen nan Amerik Santral la epi yo pase mayèt la bay kolon franse, nan pati lwès zile a ki te vin rele Sendomeng epi apre se pati sa a ki vini Ayiti apre lendepandans lan.

Kolon franse yo te kòmanse ravaje forè nan plèn yo pou mete gwo plantasyon endigo, koton, tabak. Plizyè lane apre, yo te kouvri tout plèn ak pye mòn yo ak plantasyon kann ki te devlope sou baz eksplwatasyon fòs kouray esklav nwa yo te fè vini sot an Afrik. Annapre, kolon franse yo te kòmanse atake seryezman forè mòn nan mitan yo pou mete plantasyon kafe epi fè dappiyanp sou bwa kanpèch, kajou, tavèno, elatriye, tout bwa ki gen anpil valè yo pou voye vann an Frans. Soti 1492 rive 1791, ane soulèvman esklav yo, dechèpiyè Ewopeyen yo te gentan detwi 45% forè pyebwa peyi a.

Apre lendepandans nan lane 1804, lelit ki mete anplas nouvo Leta a, grandon yo, komèsan yo ak negosyan yo te vle retounen ak sistèm gran plantasyon an. Sa pat mache akòz rezistans kiltivatè ak peyizan-àn yo. Mouvmman rezistans sa a te fè yo ale tabli nan mòn yo pou devlope yon sistèm agrikilti ak elvaj familyal peyizan ki respekte sistèm ekolojik la. Men Leta te kontinye distribye gwo bitasyon tè bay lelit yo pou fè danre ak eksplwate pyebwa ki gen anpil valè nan forè yo pou vann negosyan etranje pou voye lòtbò. Se nan taks sou komès danre ak bwa Leta te kòmanse peye dèt lawont li te fè pou peye Lafrans rekonesans endepandans peyi a. Apati lane 1890-1910 yo jouk rive nan lane 1945, sistèm gwo plantasyon ak destriksyon forè yo te pran yon vitès siperyè nan bay konpayi espesyalman konpayi meriken gwo konsesyon tè pou fè agrikilti endistriyèl. Se konsa, konpayi Mac Donald te benefisye yon divizyon tè pou fè bannann ak pit, HASCO te tabli l sou yon latriviye tè pou fè kann, Standard Fruit te jwenn yon kantite pou fè bannann epi nan lane 1941, SHADA te fè ravaj sou bò pa l sou dividal tè li te jwenn pou plante kawoutchou epi eksplwate forè nan tèt mòn yo.

Konsesyon tout tè sa yo Leta retire nan men peyizan pou bay konpayi etranje ak fason konpayi yo te eksplwate tè sa yo, te pwovoke anpil dega sou anviwonman peyi a. Soti 1804 rive 1945, gagòt lelit lokal yo ak konpayi etranje yo fè nan kesyon tè te lakòz detriksyon 29% forè peyi a. Sa fè, deja nan lane 1945, te rete sèlman 21% nan teritwa peyi a ki kouvri ak forè pyebwa. Repiblik Dominikèn, ki pataje zile Kiskeya a ak Ayiti, pa sibi menm kalite degradasyon anviwonman sa a. Paske kolonizasyon espanyòl la te devlope gwo plantasyon yo nan plèn yo, okipasyon meriken sou Dominikani pa t sakaje peyi a menm jan yo te fè l an Ayiti. Apati lane 1960 yo jouk rive jodi a, Leta dominiken te genyen yon politik pwoteksyon anviwonman ak amenajman teritwa lakay li.

Apati fen lane 1950 yo rive lane 1970 yo, destriksyon anviwonman te kontinye fèt nan yon lòt fason nan peyi a. Yon bò, Leta bay yon seri boujwa ayisyen otorizasyon pou y al eksplwate forè pye bwapen ki nan tèt mòn yo. Yon lòt bò, li pèmèt Reynolds, yon konpayi kanadyen ak meriken, fè dappiyanp sou min boksit Mirawgàn yo pou fè aliminyòm epi li bay SEDREN min kwiv ak lò Gonayiv yo pou fè piyay. Likidasyon resous sa yo te fè anpil dega nan anviwonman zòn sa yo. Diktati Divalye yo te ravaje anpil forè nan peyi a swadizan pou konbat kamoken. Anplis, anpil bawon rejim nan te antre nan komès chabon pou vann sou mache lokal yo ak komès bwa pou vann bay dray, boulanjri ak pou fè konstriksyon.

Nan lane 1970-1980 yo, popilasyon peyi a vin ogmante seryezman a plis pase 5 milyon moun sa ki vin fè gwo presyon sou tè yo. Gouvènman meriken te fòse diktati Janklod Divalye a touye kochon kreyòl peyizan yo swadizan pou konbat pès pòsin. Sistèm agrikilti ak elvaj familyal la ki te deja sibi yon pakèt agresyon vin pa

kapab bay rannman menm jan ankò. Lamizè a vin gaye tribò babò nan peyi a, se epòk sa a sèlman peyizànri an kòmanse antre fon nan fè chabon epi komès planch ak bwadi pou yo ka viv. Se nan menm epòk sa yo eksplwatasyon karyè sab san kontwòl te kòmanse devlope nan peyi a pou l tounen jounen jodi a yon veritab tèt chaje nan destriksyon anviwònman an. Soti 1945, peyi a te kouvri ak forè pyebwa sou 21% teritwa l, pase 1986 kouvèti peyi a ak forè te tonbe nan 6%, rive jounen jodi a, li vin redui nèt nan mwens pase 2%²⁹. Lè nou konnen nan yon peyi mòn tankou Ayiti, fòk li ta genyen plis pase 30% teritwa l ki kouvri ak forè pou l kapab byen pwoteje kont dega gwo lapli, siklòn ak sechrès, nou kapab imajine ki malè pandye ki genyen sou tèt tout popilasyon an.

Kidonk, genyen plizyè kòz ki eksplike destriksyon forè pyebwa yo nan peyi a :

- Sistèm kolonizasyon kolon espanyòl ak franse yo pou fè dappiyanp, nan yon premye tan, sou min yo. Epi annapre, nan devlope, sou baz esklavaj, gwo plantasyon danre ak eksplwatasyon san kontwòl pyebwa ki gen anpil valè yo ;
- Sistèm gran plantasyon lelit yo ak Leta ayisyen te eseye kenbe a ki te pran yon lòt dimansyon anvan ak pandan okipasyon meriken ak komès san kontwòl pyebwa ki gen valè yo, bwa pou chofaj, chabon ak bwa pou konstriksyon ;
- Dappiyanp sou min yo apati lane 1950 yo ak eksplwatasyon nan move kondisyon karyè yo ;
- Sistèm agrikilti ak elvaj familyal peyizàn lan ki rive nan bout li paske divèsite byolojik la kòmanse atake seryezman epi ogmantasyon popilasyon an fè vin genyen twòp presyon ki anvlimen konfli sou tè yo.

Apati lane 1990 yo, genyen 3 bagay ki pral aji anpil sou degradasyon anviwonman an :

- Pil boutèy ak sachè plastik epi bwat plastik pou vann manje Leta kite pwodui ak enpòte san kontwòl, nan kad politik louvri vant ekonomi peyi a ;
- Konstriksyon anachik k ap fèt nan vil yo ak nan plèn ki pre gwo vil epi nan kanpay yo, sitou nan mòn yo epi pre rivyè ak ravin yo ;
- Chanjman klimatik mondyal la k ap rechofe oseyan yo e ki pote pil ak gwo siklòn ak sechrès tanzantan ba nou.

Pou jan peyi a fòme ak sistèm dèyè mòn gen mòn nan, disparisyon forè ak pyebwa nan tout peyi a vin fè dlo lapli ak siklòn yo desann pant mòn yo ak tout vitès. Mòn yo vin devantrè pou tounen zo galèt ak gwo ravin. Dlo lapli yo ap bwote alivyon (wòch, tè, gravye) nan plèn yo ak nan lanmè. Se plis pase 4650 kawo bon venn tè pou fè agrikilti nan peyi a ki pèdi chak ane akòz ewozyon.

4.3.3- Konsekans degradasyon anviwonman an

Ewozyon jeneralize k ap ravaje tout tèt mòn yo, plato yo ak plèn yo ap bwote ale bon kouch tè agrikòl yo. Li fè rannman plant yo bese epi vin genyen yon seri pwodiksyon ki pa ka fèt ankò nan anpil zòn. Zèb pou bèt yo manje pa pouse menm jan ankò. Dapre ankèt estatistik agrikòl Leta ayisyen fè nan lane 1987, se sèlman yon milyon kawo tè ki te kapab fè agrikilti nan peyi a, sa vle di 46% sipèfisi total Ayiti. Ewozyon kraze epi bouche sistèm irigasyon yo, li fouye epi ranpli kanal drenaj yo nan milye riral la tankou nan vil yo, li bwote ali-

²⁹Agwonòm Alex Bellande nan dènye liv sou debwazman an Ayiti, fè konnen genyen ant 20 a 30% peyi a ki kouvri ak pye bwa men li rekonèt pyebwa sa yo degaje e forè dantan sou tout chèn montay yo disparèt.

vyon al plen baraj idwoelektrik yo. Ewozyon an sakaje plèn ak vale yo, li chanje wout rivyè yo, fè rivyè yo kraze plantasyon yo ak vil yo, li kraze enfrastrikti wout yo ak sistèm distribisyon dlo potab yo epi detwi kot ak rivaj bò lanmè yo. Sa ki al ranpli pò ak waf yo ak tè, anpeche gwo bato akoste epi diminye anpil kantite pwason ki nan lanmè pre kot yo.

Sa ki fè ewozyon fè dega konsa se akòz destriksyon forè ak pyebwa yo, vin gen mwens dlo ki antre anba tè a pou rechaje sous dlo yo ak rezèv dlo ki anba tè a. Nan tout dlo lapli ki tonbe nan peyi a, se 10% sèlman ki rantre nan tè a ; 30% fè lavalas kavale desann epi 60% tounen vapè. Konsekans kantite dlo ki pa rantre nan tè menm jan ankò, fè sous dlo yo ap bese osnon disparèt, rivyè yo redui osnon tounen yon ti filè dlo. Rezèv dlo ki anba tè ap desann pi fon, kidonk kantite dlo pou moun bwè ak pou fè agrikilti nan peyi a ap diminye seryezman. Dezas anviwonman sa a fè divèsite byolojik la redui seryezman. Nan sans sa a, genyen plis pase 5000 varyete plant ak plis pase 300 fanmi zwazo, san konte bèt tankou kayiman, tòti, sansi, elatriye ki nan wout pou yo disparèt nan peyi a. Genyen anpil nan diferan espès sa yo se sou zile Kiskeya sèlman ou te jwenn yo.

Jan tè a vin divize ti moso pa ti moso a ak ogmantasyon popilasyon an, pwoblèm agrè ak pwoblèm sekirite sou tè yo jwenn ak degradasyon sòl yo epi jan tè pa ka bay rannman ankò, eksplike poukisa jèn peyizan-àn yo depi nan fen lane 1980 yo pa enterese nan travay agrikilti ak fè elvaj ankò. Yo prefere kite milye riral la pou ale lavil, pou ale Dominikani, pou pran kanntè ale Miyami, Naso, Baamas, pran avyon pou ale Giyan, Sen Maten, Lafrans, Brezil, Chili, elatriye. Apati fen lane 1990 yo, chak ane se plis pase 100 mil peyizan-àn k ap kite milye riral la. Tout gran vil peyi a tounen gwo bidonvil. Se plis pase 3,5 milyon moun k ap viv nan rejyon metwopòl Pòtoprens lan. Sitiyasyon ekzòd sa a diminye kantite fòs travay la nan kanpay yo epi makonnen ak lavichè, fè pri jounen travay la ogmante. Sa fè anpil moun nan peyizanri a gen plis difikilte pou travay tè yo. Nan vil yo menm, kote se moun sou moun, chomaj la ap vale teren, lamizè vin ankò pi rèd, nivo ijyèn lan bese trè ba, fatra ak dechè plastik anvayi tout vil yo. Move kondisyon lavi sa yo ap ogmante polisyon ak maladi. Kondisyon nivo degradasyon sa a plis eksplwatasyon fè malere nan kanpay kou non vil yo tonbe nan yon sitiyasyon lavi trè frajil (vilnerablite), kote nenpòt ti evènman tankou siklòn, sechrès, kriz politik osnon ekonomik fè yo vini sinistre.

4.4- Kriz agrikòl ayisyen an : manifestasyon, kòz ak konsekans

4.4.1- Manifestasyon kriz sektè agrikòl la

Depi lendepandans, yo te toujou konsidere agrikilti kòm poto mitan ekonomi peyi a pou wòl li jwe nan bay popilasyon an manje, nan kreye travay epi kòm mwayen pou fè lajan antre nan peyi a. Depi plis pase 30 lane, kontribisyon agrikilti a nan fè lajan antre nan peyi a vin pi piti akòz ekspòtasyon pwodui yo k ap diminye epi paske sektè agrikòl la rete anplas, agrikilti a ap degrennen chak jou pi plis. Sa pa anpeche sektè agrikòl la rete youn nan pi enpòtan sous aktivite pou plis pase 5,2 milyon moun k ap viv nan milye riral la jounen jodi a ak pou bay yon bon pati nan popilasyon an manje.

Malgre ogmantasyon rapid kantite moun k ap viv nan vil yo akòz pil peyizan-àn k ap pati kite milye riral la pou al viv lavil, kantite fanmi k ap travay nan agrikilti vin pi plis pandan ane sa yo. Nan lane 1971 yo, te gen 615 mil eksplwatasyon agrikòl famiyal ki te resanse nan peyi a. Nan lane 2001, dapre resansman agrikòl ki te fèt la, kantite eksplwatasyon ki genyen yo te rive apeprè 800 mil. Pou dènye resansman agrikòl 2009 yo, gen plis pase yon milyon eksplwatasyon agrikòl nan peyi a. Yo chak ap travay an mwayèn sou 0,72 kawo tè. Kidonk, piti piti, kantite moun k ap travay latè yo ap ogmante, men nivo pwodiksyon agrikòl la anjeneral rete anplas

oubyen pa ogmante nan menm pwopòsyon ak popilasyon an. Sa a, se yon siy klè ki montre genyen yon kriz agrikòl k ap layite kò l pandan lontan ankò nan peyi a.


Kriz agrikòl la tabli nan peyi a depi nan fen lane 1940 yo, men li vin pi grav jodi a, akòz desizyon politik Leta ap aplike yo ak katastwòf natirèl ki repete pi souvan depi nan fen lane 1980 yo. Malgre move sitiyasyon sektè agrikòl la, sanble li poko prèt pou jwenn yon solisyon lè nou konsidere jan sektè sa a pa gen enpòtans nan je Leta ak lelit peyi a.

Mak fabrik kriz agrikòl ayisyèn lan ka prezante konsa :

1) Yon sitiyasyon kote pwodiksyon agwo alimantè a rete anplas oubyen li gen yon fèb ogmantasyon

Pwodiksyon tout kalite pwodui agrikòl yo (sereyal, pwa, rasin ak tibèkil, elatriye) pa fè yon pa kita yon pa nago nan peyi a soti 1986 rive 2006. Sou anviwon 50 lane, nivo pwodiksyon agrikòl la ogmante an mwayèn pou pi piti pase 1%, pandan kantite sereyal popilasyon an ap manje, espesyalman diri, ogmante anpil nan 20 dènye lane yo. Nan menm peryòd la, pwodiksyon sereyal yo te rete anplas nan peyi a. Te gen yon ti amelyorasyon pandan lane 2006-2015 yo (Fig 4) men li pa t kont pou reponn ak bezwen popilasyon an. Se sitou pwodiksyon manyòk, patat, yanm ak bannann ki gen yon bon ògmantasyon. Tankou kilti sereyal yo, pwodiksyon danre pou ekspòtasyon yo, sof mango a, rete nan yon nivo trè fèb. Nivo ogmantasyon pwodiksyon kafe ak kakawo rete ba tou (Fig 4). Parapò ogmantasyon pwodiksyon agrikòl la ki fèb, sektè agwo endistriyèl la fè yon gwo bak. Apre filyè mango pou ekspòtasyon, majorite antrepriz prive k ap travay nan transfòmasyon ak nan kòmèsyalizasyon pwodui agrikòl yo te kite sektè sa a akòz anbago yo te enpoze sou peyi a nan peryòd 1992-1994 la ak konkirans malonnèt pwodui enpòte yo. Kèk antrepriz ki rete nan sektè sa a ap fè fas ak pwoblèm enfrastrikti (enèji, transpò) epi yo gen difikilte finansyèl.


Fig 4 : Prensipal pwodiksyon agrikòl Ayiti 2000-2014



Sous : FAO 2015

2) Diminisyon enpòtans sektè agrikòl la nan ekonomi peyi a

Angwo, kontribisyon sektè agrikòl la nan kreye richès nan peyi a ap diminye ane aprè ane. Pandan egzèsis fiskal 1996-97 la, kontribisyon sektè agrikòl la te reprezante 30% revni ki pwodui anndan peyi a. Jounen jodi a pou ekzèsis 2015-2016, kontribisyon menm sektè sa a desann nan 20% yo konsa (Fig 5). Akòz aktivite agrikòl yo ki pap devlope, kreyasyon richès nan sektè sa a ap vin pi fèb. Sektè sèvis yo k ap pran pwa chak jou pi plis nan kreyasyon richès nan peyi a kite sektè agrikòl la dèyè.

Figi 5. Kontribisyon sektè agrikòl la nan PIB³⁰ peyi a

Sous : BRH 2016

3) Gwo depandans popilasyon an parapò lòt bò dlo nan zafè lamanjay

Jouk nan lane 1970 yo, peyi a te prèske granmoun tèt li nan zafè lamanjay. Pandan peryòd sa yo, majorite popilasyon an t ap viv nan milye riral e yo te konn manje sa ki te pwodui nan lokalite yo. Kanpay yo te konn bay vil yo sa yo te pwodui anplis yo. Akòz popilasyon peyi a k ap ogmante pi plis chak jou ak pwodiksyon an ki pa ogmante nan menm pwoposyon an, se tout kalite manje ki sot lòt bò dlo ki vin anvayi mache a pou konble gwo twou ki genyen nan pwodiksyon nasyonal la. Jouk nan ane 1980 yo, kantite manje ki te konn sot lòt bò dlo pa t vrèman anpil. Yo te kòmanse ap vin pi plis nan kòmansman ane 1990 yo akòz jan responsab leta yo te louvri vant ekonomi peyi a bay pwodui agrikòl enpòte yo. Dapre estatistik ki genyen yo, montan lajan kantite manje ki sot lòt bò dlo te nan 63 milyon dola ameriken nan lane 1990 ; li te rive plis pase 364 milyon dola nan lane 2006. Nan lane 2011, peyi a enpòte plis pase 547,7 milyon dola manje. Nan lane 2015, enpòtasyon manje nan peyi a rive nan 708,6 milyon dola ameriken. Plis pase 50% kantite manje popilasyon an ap manje sot nan lòt peyi. Depandans Ayiti parapò lòt peyi pou bezwen manje popilasyon an k ap ogmante pi plis chak ane, vin tounen yon malè pandye pou dwa granmoun peyi a nan zafè lamanjay.

4) Ekspòtasyon agrikòl yo ap bese seryezman

Si kantite manje k ap sot lòt bò dlo ap ogmante chak jou pi plis, kantite pwodui agrikòl Ayiti ap ekspòte ap diminye seryezman. Kafé, kakawo, mango ak lwil esansyèl yo se prensipal pwodui agrikòl peyi a ekspòte kounye a. Sòf pou mango ak pwason zangiy, kote kantite k ap ekspòte a ap ogmante chak ane, ekspòtasyon lòt pwodui tradisyonèl yo ap diminye chak ane pi plis. Valè ekspòtasyon tout pwodui agrikòl primè Ayiti voye vann lòt bò dlo te rive nan 21,8 milyon dola ameriken nan lane 2011 alòske li te egal ak 31,25 milyon dola nan lane 2000. Men nan lane 2015, ekspòtasyon pwodui agrikòl yo te rive nan 45,5 milyon dola ameriken. Dènye ogmantasyon sa a makonnen, yon bò, ak ekspòtasyon mango ki soti nan 15,5 milyon dola an 2012 pou pase nan 19 milyon dola an 2015, yon lòt bò, ak fenomèn pwason zangiy, Ayiti komanse ekspòte depi nan lane 2012 yo, ki li menm pou kont li te reprezante 15 milyon dola ekspòtasyon nan lane 2013-2014. Fenomèn zangiy sa a, riske genyen gwo konsekans nan tan k ap vini yo sou ekzistans espès pwason sa a nan peyi a. Kidonk kantite lajan k ap antre nan peyi a pou ekspòtasyon pwodui agrikòl tradisyonèl yo ap sibi yon diminyasyon pi enpòtan ane apre ane.

³⁰PIB agrikòl, se valè kantite richès peyi a pwodui nan yon lane nan sektè agrikòl la.

4.4.2- Faktè pi enpòtan ki lakòz kriz agrikòl Ayiti a

Gen plizyè faktè ki ka esplike kriz agrikòl peyi a. Men kèk nan faktè ki pi enpòtan yo pou kapab esplike kriz agrikòl la.

1) Bezwen manje ap ogmante pi plis chak ane pandan pwodiksyon agrikòl peyi a pa rive ogmante nan menm pwoposyon an

Kantite manje moun bezwen nan peyi a monte wo anpil pandan 20 dènye lane sa yo akòz jan popilasyon an ap ogmante rapid rapid. Kantite moun ki bezwen manje soti nan anviwon 5 milyon nan lane 1982, pou l pase a 8,3 milyon nan lane 2003 epi rive nan 10,9 milyon nan lane 2015. Jouk nan kòmansman ane 1980 yo, apeprè 80% popilasyon an t'ap viv nan milye riral e yo te konn manje pi plis sa yo te konn pwodui. Ogman-tasyon popilasyon nan vil yo te fèt pi rapid pandan ane 1990 yo. Popilasyon vil yo reprezante jodi a 51,9% popilasyon total peyi a ak yon gwo konsantrasyon nan kapital la, Pòtoprens, ak nan lòt vil ki alantou l yo. Popilasyon nan vil yo ap viv sou sa yo jwenn achte nan mache pou satisfè bezwen lamanjay yo. Men akòz jan Leta ayisyen louvri vant mache nasyonal la bay pwodui etranje, konkirans malonnèt sa a kraze pwodiksyon nasyonal la ki chak jou pi plis pa kapab rive satisfè bezwen popilasyon an genyen nan zafè lamanjay.

2) Frajilite estrikti agrè yo

Sitiyasyon agrè ak kesyon tè ki egziste an Ayiti esplike difikilte sistèm agrikilti ak elvaj familyal peyizàn lan ap konfwonte e li se yon pikan kwenna pou avansman sistèm agrikilti ak elvaj sa a. Prensipal mak fabrik siti-yasyon tè nan peyi a kapab rezime konsa :

- Kantite tè ki disponib pou chak eksplwatasyon agrikòl piti anpil. Dapre rezilta resansman agrikòl (2008/2009), yon eksplwatasyon agrikòl familyal mezire an mwayèn 0,72 kawo tè. Eksplwatasyon agrikòl yo ki mezire mwens pase yon kawo tè reprezante anviwon 74% nan total eksplwatasyon yo e yo okipe 47% espas total ki kapab kiltive yo.
- Fason eksplwatasyon agrikòl yo divize an miyèt moso. Chak eksplwatasyon agrikòl peyi a ap travay sou 2 pasèl tè an mwayèn e sipèfisi mwayèn yon pasèl se 0,42 kawo tè.
- Pwoblèm ki genyen nan fason tè yo okipe a. Menm si majorite tè yo se mèt yo k ap travay yo, gen anpil moun ki blije fè fèmaj epi pran demwatye pou yo ka fè aktivite pwodiksyon yo. Ensekirite sou tè yo se yon gwo blokaj pou rive fè investisman ki kapab amelyore tè yo epi pèmèt pwodiksyon agrikòl la fèt pi byen.

3) Degradasyon rapid anviwonman an

Degradasyon patrimwàn natirèl la³¹ reprezante yon faktè enpòtan nan kriz agrikòl la. Dapre kèk esti-masyon, kantite espas ki kouvri ak forè reprezante mwens pase 2% nan sipèfisi total peyi a. Disparisyon kou-vèti pyebwa a mennen nan ewozyon rapid sòl yo epi li redui nan fètilite tè yo, sa ki fè yo pa ka pwodui menm

³¹Degradasyon patrimwàn natirèl la ki gen ladann deforestasyon, dezètifikasyon, destriksyon arebò rivyè ak flèv yo k ap chanje plas tout tan, destriktirasyon plèn ak vale yo.

jan ak anvan. Anviwon 85% nan basen vèsan ki nan peyi a fin degrade nèt, sa ki pwovoke pi plis ewozyon sòl la, bèss nan fètilite tè yo ak nan kantite dlo ki disponib pou wouze ak pou bwè. Degradasyon anviwonman an se alafwa yon kòz e se tou yon konsekans kriz agwoalimantè nan peyi a. Depi plis pase 30 lane, nesosite pou bay popilasyon an k ap ogmante chak jou pi plis manje fè agrikiltè yo fè gwo presyon sou resous natirèl yo nan lide pou yo ka reponn ak bezwen sibzistans yo, sa ki gen gwo konsekans sou kapasite tè yo pou yo pwodui menm jan ak anvan.

4) Adopsyon ak aplikasyon politik neyoliberal yo

Aplikasyon politik louvri vant ekonomi peyi a Leta te kòmanse depi ane 1980 yo, te mete absè sou klou kriz agrikòl la lè li detwi fòs pwodiksyon sektè agrikòl la. Anpil etid te montre konsekans negatif aplikasyon plan ajisteman estriktirèl yo sou agrikilti peyi a. Politik sa yo te retire prèske tout taks ak baryè ladwann sou pwodui enpòte pou moun manje nan peyi a. Apati ane 1990 yo, Ayiti vin tounen peyi ki gen vant pi louvri pase tout lòt peyi ki nan dèyè kamyonèt devlopman an. To mwayen tarif ladwann yo sou pwodui agrikòl enpòte yo se anviwon 3% ak yon varyasyon soti 0% pou rive 15%, alòske mwayèn lan pou lòt peyi nan rejyon Karayib la se 30%. N ap jwenn evolisyon tarif ladwann pou enpòtasyon kèk pwodui alimantè nan tablo sa a:

Pwodui	Anvan 1995	1995-2009	2010-2013	2017
Diri	50%	3%	3%	3%
Mayi ak lòt pwodui ki fèt ak mayi	50%	15%	15%	15%
Pwodui ki fèt ak mayi, sereyal			15%	30%
Pitimi	--	0%	15%	15%
Pwa	50%	5%	3.5%	3.5%
Lèt	---	0%	3.5%	3.5%

Sous : **GRAMIR 2017**

Pwosesis louvri vant sa a mennen nan yon envazyon peyi a ak yon pakèt pwodui ki vin fè konpetisyon malonnèt ak pwodui lokal yo. Sa ki gen tandans depafini kapasite pwodiksyon agrikòl peyi a, febli sektè agrikòl la epi majinalize peyizànri an pi plis toujou.

5) Dezangajman Leta parapò peyizànri a anjeneral ak nan agrikilti ak elvaj anpatikilye.

Malgre tout enpòtans agrikilti ak elvaj genyen nan ekonomi peyi a, sektè agrikòl la pa t janm jwenn sipò li bezwen nan men Leta pou l devlope. Politik piblik yo te toujou pi favorab pou vil yo pase pou milye riral yo. Investisman Leta nan sektè agrikòl la te toujou trè fèb, jouk jounen jodi a, se toujou menm bagay. Anjeneral, se mwens pase 10% nan bidjè Repiblik la ki ale jwenn sektè agrikòl la. Pou egzèsis fiskal 2016-2017 la, pati nan fon trezò piblik la ki te ale jwenn Ministè Agrikilti se anviwon 6,3%. Anplis, apeprè mwayèn bidjè Ministè Agrikilti a te ale nan depans pou fonksyonman li.

4.4.3- Konsekans kriz agrikòl la

Desizyon politik Leta ayisyen pran pou abandone nèt milye riral la gen gwo konsekans sou ekonomi peyi a, sou anviwonman an ak sou popilasyon an anjeneral. Pami konsekans kriz agrikòl la, nou ka site :

1) Defisi balans komèsyal³² peyi a ap grandi pi plis chak ane

Ak politik louvri vant mache nasyonal la bay lòt peyi epi degrengolad sa mennen nan sektè agrikòl la, anpil pwodui sot lòt kote vin anvayi mache nasyonal la e kantite kòb enpòtasyon sa a koute Ayiti ap vin pi plis chak ane. Kantite lajan enpòtasyon koute peyi a soti nan 325 milyon dola nan lane 1983 pou li rive nan 2,26 milya nan lane 2008. An menm tan, kantite pwodui Ayiti voye al vann lòt bò gen yon ti ogmantasyon tou piti pou menm peryòd la, kote li soti nan 266 milyon dola pou rive nan 490 milyon, sa ki bay peyi a yon defisi komèsyal ki varye ant -59 milyon dola ameriken nan lane 1983 pou rive nan -1,77 milya dola ameriken nan lane 2008. Defisi balans komèsyal la te rive nan -2,5 milya dola pou lane 2016 la. Defisi balans komèsyal peyi a pa sispann ogmante chak ane.

2) Ogmantasyon lamizè ak majinalizasyon milye riral la

Politik piblik Leta aplike nan peyi a depi plis pase 20 lane gen konsekans grav sou ekonomi an ak sou kondisyon lavi nan milye riral la. Youn nan konsekans politik sa yo, se sitiyasyon povrete ak lamizè li fè vin pi malouk nan milye riral la. Rannman tè yo ki ba ak pwodiksyon agrikòl la ki fèb rive bay peyizan-àn yo yon ti revni tou fèb ki pa pèmèt yo reponn ak divès kalite bezwen yo genyen. Anpil jèn gason ak jèn fi ki ta ka travay latè blije kite milye riral la pou ale lavi oubyen lòt bò dlo nan lespwa pou yo jwenn yon lavi miyò.

3) Sitiyasyon ensekirite alimantè a vin pi grav

Akoz pwodiksyon agrikòl la k ap diminye a, estòk manje ki disponib nan milye riral la ap diminye pi plis chak ane. Pifò fanmi peyizan yo lage sou kont mache a pou sa yo bezwen pou manje. Ti revni yo genyen ki deja tou piti ak pri pwodui premye nesosite yo k ap monte disèt wotè, se gwo baryè popilasyon milye riral yo genyen pou jwenn manje pou yo manje. Ensekirite alimantè a nan nivo tout peyi a pou lane 2012, te 38% men nan milye riral li te 41%. Sa ki fè gen yon gwo risk pou ensekirite alimantè a ogmante nan milye riral la kote majorite moun ki pi pòv yo ap viv.

4) Eksplwatasyon ekzajere resous natirèl yo ki mennen nan yon degradasyon rapid anviwonman an

Depi plis pase 30 lane, pou fanmi peyizan yo ka viv nan kondisyon ki dekri pi wo a, yo blije fè gwo presyon sou resous natirèl yo an menm tan yo pa gen mwayen fè okenn investisman pou rann yo dirab. Sitiyasyon sa a valab ni pou resous ki sou tè yo ni pou resous ki nan lanmè yo. Sa ki lakòz anviwonman an sibi yon degradasyon rapid ki vin tounen yon malè pandye sou lavi popilasyon an.

4.5- Posibilite pou popilasyon nan milye riral la jwenn sèvis minimòm yo

Batay popilasyon an mennen nan mouvman sosyal 1986 la, nan tout depatman peyi a, se te pou ranvèse diktati Divalye yo, jwi libète yo epi jwenn respè dwa sivil ak politik li yo, ansanm ak respè dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl fondamatal li yo. Konstitisyon 1987 la rekonèt libète ak dwa sa yo, men pouvwa Leta yo pa janm pran okenn gwo dispozisyon jiridik, administratif ak politik serye pou respekte, pwoteje epi satisfè libète ak dwa sa yo. Leta ayisyen ratifye, nan lane 1994, Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik yo (PIDCP) epi, nan lane 2012, li ratifye Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl yo (PIDESC). Men, menm jan ak Konstitisyon an, Leta pa janm fè okenn lwa pou mete enstriman jiridik entènasyonal sa yo annaplikasyon nan peyi a. Si pou nivo libète sivil ak politik yo mobilizasyon popilasyon an pèmèt konsève kèk nan gany mouv-

³²Yon balans komèsyal pozitif vle di valè sa peyi a ekspòte plis pase sa li enpòte, lè li negatif se lè valè sa peyi a enpòte plis pase sa li ekspòte.

man sosyal 1986 la, nan nivo dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl, Leta a meprize majorite dwa sa yo nèt. Depans sosyal Leta yo, espesyalman nan sèvis minimòm yo ap bese chak ane, soti 2002 rive 2011, depans sa yo soti nan 2,1% pou desann a 1,4% PIB peyi a. Se rezon prensipal ki fè posiblite popilasyon an genyen pou l jwenn sèvis minimòm nesèsè yo fèb anpil nan sitiyasyon deplorab peyi a twouve l jounen jodia.

4.5.1- Nivo sèvis minimòm ki nesèsè pou popilasyon nan milye riral yo

Se vre, nivo sèvis minimòm ki nesèsè yo, tankou ledikasyon, lasante, elektrisite, dlo potab ak transpò popilasyon yo jwenn nan tout peyi a anjeneral fèb anpil, men popilasyon nan milye riral yo pi defavorize toujou pase popilasyon nan vil yo. Sèvis sosyal sa yo prèske totalman absan nan pifò seksyon kominal yo. Sitiyasyon sa a se yon gwo obstak pou devlopman milye riral la. Nan pati sa a n ap analize ansanm posiblite popilasyon an genyen pou jwenn sèvis minimòm ki nesèsè yo nan milye riral la.

1) Posiblite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn edikasyon

Apre 52% popilasyon peyi a pa jwi dwa pou yo jwenn edikasyon e majorite pami yo ap viv nan milye riral yo. Dapre premye rezilta EMMUS-V, pousantaj popilasyon nan milye riral la ki ale lekòl primè ak preskolè (jaden danfan) se 73% epi se sèlman 16% ki rive nan nivo segondè, alòske nan vil yo se 86% popilasyon an ki ale lekòl primè e se 41% ki rive nan nivo segondè. 72% elèv nan premye ane lekòl yo nan milye riral yo twò aje.

Leta pa fè gwo jefò pou mete enfrastrikti nan sektè edikasyon an. Pou tout milye riral la, kote 48% popilasyon an ap viv, nan nivo lekòl piblik yo se anviwon 900 lekòl primè ak preskolè (jaden danfan) epi 60 lekòl segondè ki genyen. Se sektè prive a ki kontwole sektè edikasyon an. Kote ki gen enfrastrikti eskolè nan milye riral la, manke estrikti ki nesèsè pou yo bay fòmasyon kòm sadwa. Se pa sèlman lekòl ak anseyan ki manke men manke tou materyèl ak anviwonman nesèsè pou elèv yo aprann nan bon kondisyon. Anplis, sistèm edikasyon ayisyen an gen tandans ankouraje timoun yo vire do bay kilti ak koutim peyi a.

2) Posiblite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn swen lasante

Kondisyon sante moun yo gen gwo konsekans sou kapasite pou yo fonksyone ak devlope tèt yo. Anjeneral genyen yon makonnay solid ant sitiyasyon lasante yon moun ak kondisyon ekonomik ak sosyal li. An Ayiti, se sèlman 30% enfrastrikti sante yo ki piblik e se sitou nan vil yo enfrastrikti sa yo chita. Pami lopital piblik ki gen nan peyi a, se sèlman 16% nan yo nou jwenn nan milye riral la. Se sitou ONG yo k ap bay kèk sèvis sante e ONG yo rete sitou nan bay premye swen yo ki gen ladan yo sante repwodiksyon, swen pou timoun ak VIH-SIDA. Pou lòt ka yo ak sa ki pi grav yo, moun k ap viv nan milye riral yo oblije mache byen lwen, nan kondisyon ki trè difisil, pou yo jwenn yon lopital ki pou ede yo. Pa gen ase enfòmasyon sou fason yo distribye pèsònèl lasante nan peyi a. Men la a tou, yo maltrete pi plis moun k ap viv nan milye riral la, akòz absans enfrastrikti sante ak resous moun kalifye nan sektè sante a nan milye riral la, swen sante a vin koute pi chè pou moun k ap viv nan milye riral la.

3) Posiblite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn dlo ak asenisman

Pou yon nivo lavi minimòm, yon moun bezwen ant 20 ak 50 lit dlo chak jou. Nan milye riral la, kantite dlo yon moun rive itilize chak jou pou tout lizaj li pi piti pase 20 lit. Moun k ap viv nan milye riral la pa jwenn ase dlo potab nonplis. Daprè IHSI (2012), se sèlman 5% moun k ap viv nan milye riral la ki genyen dlo tiyo lakay yo osnon pre lakay yo. Majorite moun sa yo blije ale nan sous osnon larivyè pou jwenn dlo pou sèvi lakay yo. Gen kèk kote, nan mòn yo, moun yo se sou kont lapli ak rezèwa pou estoke dlo lapli yo ye, men yo pa gen

ase mwayen pou investi nan enfastrikti sa yo. Nan domèn asenisman (latrin, ramasaj ak tretman fatra, drenaj, elatriye), sitiyaasyon milye riral la grav anpil. Estrikti ki pou bay sèvis asenisman sa yo prèske pa egziste. Plis pase 53% moun k ap viv nan milye riral la pa gen twalèt osnon latrin.

4) Posibilite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn mwayen transpò ak kominikasyon

Deplasman nan milye riral yo, sitou nan zòn mòn yo, trè difisil akòz pwoblèm wout ki pa genyen, ki manke osnon ki nan move kondisyon. Moun ki rete nan zòn kote gen anpil falèz yo osnon nan tèt mòn ki pa gen wout yo oblije ap riske lavi yo chak jou pou ale nan mache byen lwen osnon pou ale chache swen lasante, pou ale chache dlo, elatriye. Se sèlman 5% popilasyon milye riral la ki gen aksè ak wout an beton osnon asfalte, 30% ki gen aksè ak wout an tè. Plis pase 80% wout nan milye riral yo nan move kondisyon. Tranblemantè 12 janvyè 2010 la vin mete absè sou klou nan sitiyaasyon move wout nan milye riral la, espesyalman nan depatman Lwès ak Sidès. Mete sou sa, majorite wout nan milye riral yo pa pratikab nan sezon lapli. Siklòn Matye demantibile anpil wout nan rejyon gran Sid la ak nan Nòdwès la. Gen kèk entèvansyon ki te fèt sou wout nasyonal yo pa gen lontan sa. Gen nan wout tranblemantè a te andomaje ki pran plis pase 5 lane anvan Leta resi ranje yo.

5) Posibilite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn kouran elektrik

Nan sa ki regade elektrisite, diferans lan klè nèt ant tretman Leta ayisyen bay moun ki nan milye riral yo ak moun k ap viv lavil yo. Mwens pase 11% fanmi nan milye riral la rive jwenn elektrisite lakay yo alòske, mal kon mizè, plis pase 80 % fanmi nan zòn metwopòl Pòtoprens lan gen elektrisite lakay yo. Menmsi peyi a pa pwodui ase elektrisite li bezwen, men sa ki rive pwodui a rete konsantre nan vil yo.

6) Posibilite popilasyon milye riral la genyen pou jwenn sekirite

Toupatou nan peyi a, sitiyaasyon sekirite a frajil. Men, si nou mete kidnapin sou kote, ensekirite a pi mal nan milye riral la. Gen anviwon 130 polisye-è pou chak 100 mil moun nan peyi a. Baz travay polisye sa yo se sitou nan vil yo. Aparèy jiridik ak legal la pratikman absan nan milye riral la : prèske pa gen prezans polisye ak lajistis. KASEK yo, ki gen plis yon wòl administratif, se yo menm sèl ki reprezante otorite Leta nan milye riral la e se yo ki jwe wòl ni lapolis, ni lajistis nan seksyon kominal yo. Se sa ki fè genyen yon sitiyaasyon ensekirite tout tan nan milye riral yo.

4.5.2- Kòz ki fè popilasyon yo manke jwenn sèvis minimòm ki nesèsè yo nan milye riral la

Gen plizyè kòz ki esplike absans sèvis minimòm ki nesèsè yo nan milye riral la. Pami yo nou ka site :

1. Jan Leta abandone milye riral la ak jan investisman yo fèb anpil nan milye riral la. Se 20% sèlman nan resous Leta yo ki al jwenn milye riral la.
2. Genyen nan peyi a depi lontan yon politik santralizasyon ki fèt nan dezavantaj milye riral la. Malgre konstitisyon 1987 la konsakre desantralizasyon, tout sèvis Leta yo toujou rete konsantre nan vil yo. Se yon gwo goumen depi lontan pou fè otorite Leta yo konprann enpòtans ak ijans ki genyen pou desantralizasyon pouvwa ak sèvis yo fèt.
3. Inegalite ki genyen nan distribisyon ak repatisyon richès yo nan peyi a. Moun ki pi pòv yo ap viv sitou nan milye riral la. Plis pase 59% popilasyon riral la ap viv ak mwens pase 2 \$ US (101,60 goud) chak jou. Sitiyaasyon povrete ekstrèm nan frape yon bon valè nan popilasyon peyi a. Revni pa ane ti gwoup fan-

mi ki trè rich nan Pòtoprens yo reprezante 21 mil fwa revni fanmi ki pi pòv nan milye riral la. Kategori moun nan popilasyon an ki gen plis mwayen yo ap viv nan vil yo. Kidonk, majorite sèvis minimòm ki nesèsè yo al jwenn moun ki gen plis mwayen pou peye yo.

Men tout kòz sa yo makonnen ak nati Leta, ki se yon Leta k ap pran dikte nan men pisans etranje yo, k ap defann sèlman enterè gwo popanta ekonomik yo (oligachi lokal la) epi ki demisyone devan responsablite l nan sosyete a.

4.5.3- Konsekans mank sèvis minimòm ki nesèsè yo sou popilasyon milye riral la

Jiska prezan, konsekans mank sèvis minimòm nesèsè yo genyen sou lavi moun nan milye riral la pa byen dokimante. Men, li klè, absans sèvis sa yo nan milye riral la gen gwo konsekans sou lavi moun yo. Pami konsekans sa yo nou ka site :

1) Pousantaj popilasyon ki analfabèt nan milye riral la wo anpil paske pa gen enfrastrikti lekòl.

Sistèm edikasyon an se pou lelit ak klas mwayèn yo li fèt epitou manke pwofesè. Pousantaj moun ki alfabetize nan milye riral la se 38,6%. Genyen 13% timoun ki gen laj 6 lane ak plis ki pa ale lekòl nan milye riral la, alòske nan vil yo, se 7% nan menm kategori timoun sa yo ki pa ale lekòl.

2) Kondisyon pou sèvis lasante yo bay tèt chaje nan milye riral la

Nan nivo lasante, sitiyasyon an bay anpil tèt chaje lè nou konsidere pousantaj fanm ki mouri pandan y ap akouche, ki se 630 pou chak 100 mil fanm nan lane 2009, lè nou konsidere tou pousantaj timoun ki mouri anvan yo gen 5 lane, ki se 57 pou chak 1 000 timoun nan laj sa yo epi lè nou konsidere vaksinasyon pou timoun ki gen laj 12 pou rive 23 mwa, ki se anviwon 43%. Kalite dlo moun yo ap bwè nan milye riral la bay anpil pwoblèm. Anpil maladi soti nan kantite ak kalite dlo moun yo ap bwè. Tifoyid, dyare epi maladi nan lestomak ak nan entesten ki soti nan enfeksyon moun yo pran, se prensipal kòz lanmò timoun ak granmoun yo. San nou pa dwe bliye kolera MINISTA pote nan peyi a depi 2010. Nan lane 2012, te genyen 100 mil nouvo ka kolera nan peyi a pami yo te gen 900 ki mouri.

3) Izòlman milye riral la

Akòz pwoblèm wout ki pa genyen, majorite zòn pwodiksyon agrikòl nan mòn yo anklave, sa vle di yo izole anpil youn ak lòt. Mank enfrastrikti transpò lakòz pwodiktè-tris agrikòl yo fè anpil defisi paske yo pa rive pote rekòt yo nan mache. Sa pral fè tou pri entran agrikòl yo monte disèt wotè epi sa mete gwo blokaj nan jefò pou moun ta investi lajan yo nan zòn sa yo. Mete sou sa, anpil ka lanmò ki rive nan milye riral yo soti nan wout ak enfrastrikti sanitè ki manke. Sa ki fè souvan malad yo pa gen tan rive lopital.

4) Pèsistans povrete a nan milye riral la

Gen kèk etid ki montre kòz dirèk povrete a se paske moun yo pa jwenn sèvis minimòm ki nesèsè yo. Absans ak mank sèvis sa yo gen gwo konsekans sou lavi popilasyon an. Sitiyasyon mank sèvis minimòm nesèsè sa yo nan milye riral la, fè moun ki nan milye riral la pa benefisye opòtinite ekonomik yo pou ogmante valè resous yo genyen dekwa pou amelyore kondisyon lavi yo.

5) Ogmantasyon kriminalite ak vyolans nan milye riral la

Absans lapolis ak aparèy jidisyè nan milye riral la lakòz kriminalite ak vyolans ap ogmante chak jou pipilis nan kanpay yo. Absans sèvis sekirite yo pral lakòz gen anpil ka kote y ap vòlè bèt, tè, lajan ak pwodiksyon agrikòl fanmi peyizan yo epi pafwa fè kò sasinay sou yo. Enfraksyon ak ekzaksyon k ap fèt nan milye riral la pa janm jwenn pinisyon. Sa pèmèt yo kontinye pi rèd.

6) Anpil anpil peyizan-àn ap kite milye riral la pou ale tabli nan vil yo ak lòtbò

Absans sèvis minimòm nesèsè yo nan milye riral la, mete ak lamizè k ap vin pi grav, fè anpil moun, sitou jèn yo, ap kite kanpay yo pou al rete lavil oubyen pati lòtbò. Ekzòd riral sa a vin ogmante pipilis toujou kantite moun k ap viv nan vil yo.

5 | Kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo

Revandikasyon prensipal òganizasyon peyizan yo se respè ak pwoteksyon enterè ak dwa sivil, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl peyizànri a. Revandikasyon òganizasyon peyizan yo chita sou 4 gran domèn : ekonomik, sosyal, kiltirèl ak politik. Nan chak gran domèn sa yo genyen revandikasyon sou plizyè sektè aktivite :

- Domèn ekonomik : anviwònman, agrè ak fonsye, agrikilti, elvaj, lapèch ak pisikilti, atizana, transfòmasyon, komèsyalizasyon, touris, kredi, anplwa/travay, enfrastrikti, min ak karyè, taks ak enpo ;
- Domèn sosyal : edikasyon, sante, dlo potab, asenisman, lojman, elektrisite, pwoteksyon sosyal ak sivil ;
- Domèn kiltirèl : lang, relijyon, tradisyon kiltirèl, patrimwàn kiltirèl ;
- Domèn politik : desantralizasyon ak dekonsantrasyon, lajistis, sekirite piblik, dwa moun, idantifikasyon ak rekonesans legal, enfòmasyon ak kominikasyon, dwa granmoun peyi a.

Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan chak sektè aktivite yo mande pou Leta defini yon politik piblik nan sektè sa a ki respekte ak pwoteje dwa ak enterè peyizan ak peyizàn yo genyen ladan l. Chak revandikasyon yo bay prensipal obligasyon Leta genyen pou politik piblik la kapab atèri nan sans ki pèmèt peyizan ak peyizàn yo jwi dwa yo genyen.

5.1- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn ekonomik

Nan dyalòg ak tout aktè nan domèn ekonomik lan san diskriminasyon, Leta dwe defini yon politik ekonomik ki pèmèt tout klas sosyal men pi espesyalman peyizànri a jwi dwa ekonomik li yo nan tout nivo sou tout teritwa peyi a. Pou kreye kondisyon pou peyizànri a jwi dwa sa yo men sa òganizasyon peyizan yo revandike nan prensipal sektè aktivite ekonomik :

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.1- Anviwònman	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè anviwònman an, Leta dwe defini epi aplike yon politik anviwònman ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa souvènte yo genyen sou resous natirèl yo pou devlopman ak souvènte alimantè kominote yo, dwa yo genyen pou viv nan yon divèsite biyolojik ak nan yon anviwònman pwòp, kòrèk epi ki gen sekirite. Nan politik anviwònman sa a, Ministè Anviwònman, Ministè Agrikilti, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Prepare, reyalize epi fè respekte yon plan amenajman teritwa ak zonaj ki fikse zòn pou fè agrikilti ak elvaj, zòn pak natirèl, zòn abitab nan vil yo, zòn abitab nan milye riral yo, zòn endistriyèl, zòn lwazi ak touristik, zòn rezève, elatriye ; • Pran kontwòl ak pwoteje rès espas forè ki rete nan Massif Nò, Montay Nwa, Lawòt ak Lasèl espesyalman Pik Makaya, Pak Lavizit ak Forè Dèpen epi reyabilite yo nan dimansyon ki nesèsè kòm zòn rezève ; • Antre fòmasyon sou anviwònman nan pwogram ofisyèl lekòl yo nan nivo preskolè, fondamantal ak segondè ; • Fè konsyantizasyon, fòmasyon ak mobilizasyon tout sektè nan lavi nasyonal la pou ankouraje tout popilasyon an, nan milye riral tankou nan vil yo, antre ak tout detèminasyon l nan refè, pwoteje ak respekte anviwònman peyi a ; • Reyabilite, ak patisipasyon popilasyon lokal yo, prensipal basen vèsan yo nan tout komin ak depatman yo. Nan reyabilitasyon sa yo, fè konsèvasyon tè ak dlo yo, plante pye bwa natif natal ki apwopriye ak rejyon yo pou rekreye divèsite biyolojik ki te genyen avan an epi mete anplas yon sistèm ki adapte pou garanti pwoteksyon basen vèsan yo ; • Ranfòse epi aplike lwa sou eksplorasyon ak eksplwatasyon min ak karyè yo, sou mòn ak pant ki twò apik yo ak sou konstriksyon anachik yo nan peyi a pou asire pwoteksyon anviwònman an ak zòn agrikòl yo ; • Reyamenaje, ak patisipasyon popilasyon lokal yo, arebò prensipal sous yo, rivyè yo, flèv, letan ak marekaj yo, plante pye bwa natif natal ki apwopriye, pwoteje yo epi jere yo tankou zòn amenajman kontwole ;

- Reyabilite ak pwoteje mangwòn ki arebò lanmè yo epi entèdi eksplwatasyon wòch koray ak plant ki nan lanmè yo ansanm ak konstriksyon kay sou rivaj yo ;
- Nan tèt kole ak òganizasyon lokal yo, amenaje omwen yon forè nan chak komin epi mete pepinyè piblik nan kominote yo pou fasilite peyizan ak peyizàn yo fè rebwazman tè yo ;
- Akonpaye peyizan ak peyizàn k ap travay tè nan tèt mòn yo, kote ki kapab fè agrikilti ak elvaj, pou yo devlope yon modèl pwodiksyon ki pa depaman ak pwoteksyon anviwonman an ;
- Pran tout mezi ki nesèsè pou konbat chanjman klimatik la nan peyi a, aplike pwogram agwo ekoloji epi mennen rechèch pou ede fanmi peyizan yo adapte ak nouvell reyalyte klimatik la ;
- Mete yon sistèm kontwòl sistematik sou izin k ap sèvi ak pwodwi toksik yo, machin k ap polye lè a, pwodwi pèpè k ap antre nan peyi a, dechè plastik yo, move pratik kiltiral ak elvaj pou lite kont poliyon anviwonman peyi a ;
- Pwoteje espès bèt ak plant ki ra yo oubyen ki riske disparèt yo epi repeple teritwa nasyonal la nan mezi ki nesèsè pou rekreye biyodivèsite peyi a ;
- Reyoryante, restriktire Ministè Anviwonman an, dekonsantre l, ekipe l, ba l pwofesyonèl ak kad teknisyen ki fòmè, ba l mwayen finansye pou l kapab jwe wòl li kòm sadwa.



Yon pati nan Delege ki te nan Fowòm validasyon Kaye nasyonal la

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.2- Agrè ak fonsye	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè agrikòl la, Leta dwe defini epi aplike yon politik agrè ak fonsye ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa souvènte yo genyen sou resous natirèl yo pou devlopman ak souvènte alimantè kominote yo epi dwa pou yo gen tè ak resous natirèl. Nan politik agrè ak fonsye sa a, Ministè Agrikilti, Enstiti Nasyonal Refòm Agrè - INARA, Ofis Nasyonal Kadas - ONACA, Ministè Ekonomi ak Finans, Direksyon Jeneral Enpo - DGI, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè resansman tout tè agrikòl epi regilarize rejis kadas tè yo pou pèmèt konnen pi byen sitiyoasyon tè yo ak limit yo, sa ki pou Leta ak sa ki pou prive yo, sekirite tè yo pou limite devlopman konfli teryen yo ; • Prepare epi aplike lwa sou pwoteksyon ak jesyon kadas, mete anplas oubyen ranfòse enstitisyon Leta k ap jere kadas la (ONACA), redefini misyon l epi rann li fonksyonèl ; • Mennen yon etid nan chak zòn agwoekolojik nan peyi a pou defini ak ki pi piti kantite tè yon fanmi peyizan kapab viv kòm sadwa epi ki pi gwo kantite lè yon sèl fanmi genyen l, l ap anpeche lòt yo genyen tè ; • Kaba zafè demwatye a sou tout teritwa a epi refè ak aplike lwa sou afèmaj, lavant ak eritaj tè nan peyi a pou anpeche tè yo rete san yo pa travay, pou evite tè yo divize an miyèt moso, pou frennen ratibwazaj tè yo epi pèmèt peyizan ak peyizàn ki nan kondisyon demwatye yo jwenn tè an sekirite pou yo travay ; • Pran dispozisyon pou ranfòse ak aplike lwa pou reglemante travay apantè ak notè yo, fikse pri travay pwofesyonèl sa yo, reyòganize anrejistremant tè nan DGI pou pèmèt tout fanmi peyizan genyen bon papye tè pou anpeche zotobre ak gwo chabrak fè dappiyanp sou tè yo ; • Frennen zafè miltinasyonal ak gwo chabrak k ap vare sou tè agrikòl yo pou fè zòn franch endistriyèl, zòn franch agrikòl, zòn franch touristik oubyen pou fè kay abitab pou vann osnon mete nan lwaye ; • Pran tout dispozisyon jiridik ak administratif pou mete kontwòl nan kesyon tè endividi, antrepriz, legliz ak enstitisyon etranje yo ap mache achtè toupatou nan peyi a ;

- Mete tribinal teryen ak jij konpetan nan tout departman yo, mete lafòs piblik osèvis yo pou pèmèt rezoud konfli tè nan peyi a ;
- Reyalize yon refòm agrè entegral ki makonnen ak tout lòt fasilite ak akonpayman pou mete tè yo anvalè, ki adapte ak sitiyasyon espesyal pwoblèm tè nan peyi a, ki fikse kantite tè yon fanmi ka genyen nan zòn agrikòl yo, ki kategori moun ki dwe gen priyorite nan restriktirasyon, remanbreman ak redistribisyon tè yo, kote tout kategori peyizan ak peyizàn yo, espesyalman piti ak pòv yo, selon bezwen yo jwenn tè kiltivab pou travay, epi ki bay peyizànri a sekirite sou tè li yo ;
- Reyoryante, restriktire Enstiti Nasyonal Refòm Agrè a (INARA) epi ba l mwayen ak pèsone konpetan pou l fè travay li nan kad refòm agrè a



Kòdonatè, kòdonatris estrikti swivi rejyonal yo. Soti agoch pou rive adwat: Willy Pierre-Louis (Gran Sid), Roseline Raymond (Gran Nò), Juselène Tyrésias (Nasyonal), Rochemy Jean (Lwès-Sant) - Nixon Boumba, animatè

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.3- Agrikilti	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè agrikòl la, Leta dwe defini epi aplike yon politik agrikòl ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen mwayen pou fè pwodiksyon, jwenn semans lokal, jwenn enfòmasyon ak fòmasyon sou sektè agrikòl la, dwa pou yo jwenn travay, dwa pou jwenn manje kòrèk epi dwa pou yo genyen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik agrikòl sa a, Ministè Agrikilti, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ogmante fiamezi bidjè investisman agrikòl la pou l rive koresponn ak bezwen kantite moun k ap viv nan milye rural la ; • Reyabilite ak ranfòse sistèm agrikilti familyal peyizàn lan, pandan Leta ap pwoteje pwodiksyon nasyonal la kont konkirans pwodui agrikòl enpòte yo ; • Ankouraje peyizànri a devlope koperativ pwodiksyon, konsèvasyon, transfòmasyon ak komèsyalizasyon agrikòl nan tout komin yo, ranfòse sa ki ekziste deja yo, ankouraje yo regwoupe yo an fedesasyon epi mete lwa pou pwoteje estrikti sa yo ; • Prepare epi aplike yon plan nasyonal devlopman agrikòl pou pèmèt aji reyèlman sou kriz agrikilti a epi kreye kondisyon pou peyi a rive rekipere souvrènte alimantè l ; • Mete sistèm irigasyon, konstwi enplivyòm, lak kolinè ak wout agrikòl kote ki gen bezwen epi reyabilite enfrastrikti ki egziste deja yo ki an degraba pou pèmèt amelyore kondisyon pwodiksyon yo ; • Akonpaye peyizànri a nan founi l asistans teknik, sèvis labouraj, semans lokal, bank entran ak bank kredi agrikòl pou pèmèt li amelyore jaden ak elvaj li yo ; • Ankouraje devlopman ak itilizasyon semans lokal, angrè ak pestisid natirèl epi entèdi antre nan peyi a semans ibrid ak OGM epi angrè oubyen pestisid chimik ki kapab genyen efè nefas sou agrikilti ak anvivònman an ; • Mete agwonòm, teknisyen ak ajan agrikòl nan tout DDA ak BAK yo, ba yo mwayen pou fè ankadreman teknik ak akonpayman peyizànri a ;

	<ul style="list-style-type: none"> • Akonpaye peyizànri a nan rejenerasyon, devlopman ak valorizasyon kilti ki pèdi pye yo tankou : kafe, kakawo, pitimi, zoranj, sitwon, kann, elatriye ; • Krewe kondisyon pou peyizànri a patisipe nan tout desizyon pou devlopman, valorizasyon, pwoteksyon ak kontwòl pwodiksyon agrikòl la ; • Mete kanpe yon fon relèvman ak yon sistèm asirans agrikòl pou pèmèt peyizànri a refè eksplwatasyon agrikòl li yo lè katastwòf natirèl frape yo ; • Mete laboratwa rechèch agrikòl nan rejyon yo pou fasilite analiz sou tout faktè nan pwodiksyon yo ki kapab reprezante yon andikap pou agrikilti peyi a ; • Fè fòmasyon ak akonpayman peyizanri a pou ranfòse kapasite teknik li nan kontwole ravaj ensèk, vèmin ak maladi nan pwodiksyon agrikòl la; • Reyoryante, restriktire, ranfòse ak dekonsantre Ministè Agrikilti epi ba li pèsònèl kalifye ak mwayen pou li fonksyone pou pèmèt li reglemante ak kòdone sektè agrikòl la epi fasilite peyi a rejwenn dwa granmoun li nan zafè lamanjay.
--	---



Atelye travay sou revandikasyon yo pandan Fowòm validasyon an

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.4- Elvaj	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè agrikòl la, Leta dwe defini epi aplike yon politik agrikòl nan nivo elvaj ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen mwayen pou fè pwodiksyon, dwa pou yo gen enfòmasyon ak fòmasyon sou sektè agrikòl la, dwa pou yo travay, dwa pou yo jwenn manje kòrèk epi dwa yo pou genyen yon revni pou viv nan kondisyon akseptab. Nan politik agrikòl sa a nan nivo elvaj la, Ministè Agrikilti, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Prepare epi aplike yon plan devlopman ak pwoteksyon sistèm elvaj peyizan epi frennen enpòtasyon pwodui elvaj k ap fè konkirans ak pwodui lokal yo ; • Devlope yon pwogram nasyonal pwodiksyon animal pou amelyore ras lokal yo epi ankouraje devlopman ti betay nan peyi a ; • Frennen elvaj lib tout kote y ap fè agrikilti nan peyi a ; • Fè pwomosyon devlopman koperativ elvaj nan tout peyi a, ranfòse sa ki egziste deja yo, ankouraje yo regwoupe yo nan federasyon epi tabli bon lwa pou pwoteksyon estrikti sa yo ; • Apiye peyizanri a nan devlopman pwodiksyon, transfòmasyon ak komèsyalizasyon lèt, ze ak siwo myèl ; • Fasilite devlopman famasi pou bèt nan tout seksyon kominal yo, fasilite disponiblite medikaman ki nesèsè, mennen kanpay prevansyon kont maladi bèt epi ankouraje ak valorize tout medsen fèy ki gen konesans nan zafè swen bèt ; • Mete veterinè nan depatman yo ak teknisyen veterinè nan BAK yo epi ajan veterinè nan seksyon kominal yo pou akonpaye elvè yo, fanm kou gason, epi ede yo goumen kont epidemi k ap frape bèt yo ; • Fasilite devlopman antrepriz k ap pwodwi manje pou bèt, fasilite yo enstale enfrastrikti ki nesèsè yo epi mete anplas mekanis pou estabilize pri yo pou pèmèt avansman sektè a ; • Kontinye an pèmanans ak sistèm idantifikasyon gwo betay yo tankou kabrit, kochon ak mouton pou frennen fenomèn volè bèt la nan peyi a ; • Mete labatwa byen ekipe nan chak komin ak seksyon kominal yo epi fè enspeksyon sanità yo regilyèman ; • Mete yon sistèm kontwòl sanità ak yon laboratwa depistaj maladi bèt nan chak depatman nan peyi a ; • Ranfòse epi dekonsantre Direksyon Elvaj nan Ministè Agrikilti, ba l mwayen ak kad teknik konpetan pou l fè travay li.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.5- Lapèch ak pisikilti	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè lapèch ak pisikilti (elvaj pwason) a, Leta dwe defini epi aplike yon politik agrikòl nan nivo lapèch ak pisikilti ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen mwayen pou fè pwodiksyon, dwa pou yo genyen enfòmasyon sou sektè agrikòl la, dwa pou yo travay, dwa pou yo jwenn manje kòrèk epi dwa pou yo genyen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik agrikòl nan nivo lapèch ak pisikilti, Ministè Agrikilti, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK epi tout lòt enstiti-syon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Devlope an pèmanans yon pwogram nasyonal pèch ak pisikilti (elvaj pwason) pou pèmèt ogmante pwodiksyon nan sektè sa a epi frennen fi-amezi enpòtasyon pwodui lapèch k ap fè konkirans ak pwodui lokal yo ; • Mete anplas lekòl pou fè fòmasyon an pèmanans pechè ak elvè pwason yo, fanm kou gason, epi ankadre yo pou kapab amelyore kapasite yo nan zafè lapèch ak pisikilti ; • Akonpaye pechè ak elvè pwason yo, fanm kou gason, nan devlopman ak ranfòsman koperativ lapèch ak pisikilti, fasilite yo nan enstalasyon dispozi-tif konsantrasyon pwason (DCP) ak sant pwodiksyon ti pwason dlo dous pou elvaj ; • Bay pechè ak elvè pwason yo, fanm kou gason, akonpayman, fasilite yo jwenn kredi ak materyèl pou fè lapèch ak pisikilti epi pou konsève pwason ak lòt bèt nan lanmè yo peche ; • Kontwole epi menm entèdi lapèch espès bèt nan lanmè a ki sou wout pou yo disparèt nan peyi a ; • Pran tout dispozisyon administratif ak jiridik pou kontwole epi reglemante pratik lapèch ak pisikilti nan peyi a ; • Mete kontwòl sou lanmè peyi a pou konbat tout fòm polisyon epi anpeche bato lapèch lòt peyi fè dappiyanp sou fwi lanmè nou yo ; • Ranfòse epi dekonsantre seksyon nan Ministè Agrikilti k ap okipe lapèch ak pisikilti a, ba l mwayen ak kad teknik konpetan pou l fè travay li

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.6- Atizana	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè atizana a, Leta dwe defini epi aplike yon politik atizana ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen mwayen pou fè pwodiksyon, dwa pou yo genyen enfòmasyon sou atizana, dwa pou jwenn travay epi dwa pou yo genyen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik pou atizana sa a, Ministè Afè Sosyal, Ministè Touris, Ministè Agrikilti, Ministè Edikasyon Nasyonal, Ofis Nasyonal Atizana, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Devlope an pèmanans yon pwogram nasyonal atizana pou pèmèt ogmante pwodiksyon ak amelyore kalite pwodui atizan yo, fanm kou gason, epi frennen flamezi enpòtasyon pwodui atizana ki kapab fèt nan peyi a ; • Fè resansman tout atizan, fanm kou gason, ki genyen nan diferan branch atizana yo nan tout komin yo epi bay yo ankadreman teknik pou amelyore kapasite yo ; • Ankouraje devlopman koperativ atizana epi akonpaye yo nan ranfòse tèt yo ak mete yo an rezo ; • Fasilite atizan yo, fanm kou gason, jwenn kredi, ekipman, materyèl ak founiti pou yo pwodui ; • Prepare epi aplike yon lwa sou devlopman, reglemantasyon ak pwoteksyon atizana nan peyi a ; • Mennen regilyèman kanpay pwomosyon ak valorizasyon atizana ayisyen an nan nivo depatmantal, nasyonal ak entènasyonal ; • Reyoryante, ranfòse epi dekonsantre Ofis Nasyonal Atizana a, ba l mwayen finansye ak kad teknik konpetan pou l fè travay li.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.7- Transfòmasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè transfòmasyon pwodui yo, Leta dwe defini epi aplike yon politik transfòmasyon pwodui yo ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen mwayen pou fè pwodiksyon, dwa pou yo gen enfòmasyon sou sektè transfòmasyon pwodui yo, dwa pou yo jwenn manje kòrèk, dwa pou yo jwenn travay ak dwa pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik transfòmasyon pwodui yo, Ministè Agrikilti, Ministè Afè Sosyal, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK, epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fasilite devlopman inite ak izin transfòmasyon pwodui agrikòl, pwodui animal ak pwodui lapèch yo nan peyi a epi frennen fiamezi enpòtasyon pwodui k ap fè konkirans ak yo ; • Ankouraje koperativ agrikòl yo devlope inite transfòmasyon pou mete plis valè ajoute nan pwodui yo ; • Asire fòmasyon ak akonpayman pèsònèl teknik inite ak izin transfòmasyon pou amelyore kapasite pwodiksyon, jesyon ak pwomosyon yo ; • Fasilite izin ak inite transfòmasyon yo jwenn dlo, elektrisite, materyèl, ekipman ak founiti yo bezwen ki respekte nòm sanità ak pwoteksyon anviwònman an ; • Ankouraje pwopriyetè izin ak inite transfòmasyon yo gwoupe yo epi devlope patenarya ak koperativ agrikòl epi koperativ lapèch yo pou asire tranzaksyon yo ekilibre e yo rive jwenn kalite ak kantite matyè premyè yo bezwen ; • Mete anplas nan diferan gran rejyon nan peyi a laboratwa kontwòl kalite ak dire lavi pwodui transfòme yo ; • Prepare epi aplike yon lwa sou devlopman, règlemantasyon ak pwoteksyon izin ak inite transfòmasyon yo nan peyi a ; • Reyoryante, ranfòse epi dekonsantre seksyon Ministè Komès ak Endistri k ap okipe kesyon transfòmasyon pwodui yo, ba l mwayen finansye ak kad teknik konpetan pou l fè travay li.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.8-Komèsyalizasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè komès la, Leta dwe defini epi aplike yon politik komès ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo genyen enfòmasyon sou sektè agrikòl la, dwa pou yo jwenn travay, dwa pou yo jwenn manje kòrèk epi dwa pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik komès sa a, Ministè Agrikilti, Ministè Afè Sosyal, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Konsèy Depatmantal yo, Meri, KASEK yo, epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dispozisyon legal, jiridik, administratif ak teknik pou mete fen nan mache lib la k ap detwi pwodiksyon nasyonal peyi a ; • Konstwi epi reyabilite mache ak tout lòt enfrastriki k ap pèmèt valorize pwodiksyon nasyonal la pandan Leta ap ekipe, sekirize epi fè yo respekte tout nòm ak prensip ijyèn yo ; • Mete anplas yon bon sistèm kontwòl kantite, kalite ak enspeksyon pwodwi ki fèt nan peyi a ak lòt k ap antre nan peyi a ; • Tabli mekanis pou kontwole epi estabilize pri pwodwi yo pou yo koresponn ak pouvwa dacha popilasyon an san pri sa yo pa nan dezavantaj pwodikte ak komèsan yo ; • Chache jwenn debouche pou ekoule nan bon kondisyon sou mache entènasyonal la pwodwi lokal peyi a fè anplis yo ; • Fasilite plis echanj komèsyal ant depatman yo pandan Leta ap restriktire epi ranfòse sistèm transpò an komen an pou fasilite moun ak machandiz yo vwayaje nan pi bon kondisyon ; • Kontwole komès pèpè ak tout lòt pwodwi kontrebann ki pase nan fwontyè yo, nan pò yo ak ayewopò yo, limite yo flamezi jouk Leta rive fèmen vòn nan sou tout teritwa peyi a ; • Mete anplas mekanis ak lwa pou reglemante ak kontwole sektè kòmès la pou l sispann yon enstriman klas dominan yo ap itilize pou peze souse pèpè la ; • Reyoryante, restriktire epi ranfòse Ministe Komès ak Endistri, dekonsantre l nan tout depatman yo epi ba l mwayen ak kapasite teknik pou devlope epi kontwole sektè komès ak endistri a nan benefis nasyon an

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.9- Kredi	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè finans ak kredi, Leta dwe defini epi aplike yon politik kredi ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa yo genyen pou fè pwodiksyon, dwa pou yo jwenn travay ak dwa pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik kredi sa a, Ministè Agrikilti, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Bank Santral, Bank Kredi Agrikòl, Bank komèsyal Leta yo, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo, epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo ap gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè yon refòm apwofondi nan sistèm finansye a pou pèmèt yon vrè devlopman ekonomik ak sosyal nan peyi a ; • Pran tout dispozisyon legal, jiridik administratif ak teknik pou regleman-te epi kontwole sektè kredi a ak finans lan pou fasilite devlopman pwodiksyon nasyonal la ; • Fasilite tout sektè aktivite ki nan pwodiksyon nasyonal la jwenn kredi nan bon kondisyon nan yon to rezonab ki pa depase to mwayen enflasyon an ; • Akonpaye devlopman ak ranfòsman mityèl solidarite, kès popilè, koperativ epay ak kredi nan tout peyi a, ankouraje yo mete yo an rezo epi fasilite yo jwenn finansman nan bon kondisyon ; • Mete anplas yon sistèm asirans kredi pou pèmèt moun oswa òganizasyon ki nan pwodiksyon, konsèvasyon, transfòmasyon, komèsyalizasyon agrikòl ak atizana yo fè fas ak risk ak dezas yo ; • Refòme, restriktire epi dekonsantre Bank Kredi Agrikòl la pou fè l vini yon bank devlopman riral tout bon vre, ba l konpetans ak mwayen pou l finance pwodiksyon, transfòmasyon ak komèsyalizasyon pwodwi agrikòl, lapèch ak atizana yo.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.10- Anplwa/Travay	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan domèn ekonomik lan, Leta dwe defini epi aplike yon politik anplwa ak travay ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa yo genyen pou jwenn travay, dwa pou yo genyen sekirite ak sante nan travay, dwa pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab epi dwa pou yon genyen sekirite sosyal. Nan politik pou anplwa ak travay sa a, Ministè Agrikilti, Ministè Afè Sosyal, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo, epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo ap gen obligasyon pou^o:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ajiste regilyèman salè minimòm lan sou kou lavi a nan sektè fòmèl kou enfòmèl la epi fasilite amelyorasyon kondisyon travay tout kalite travayè yo, fanm kou gason, nan peyi a ; • Ankouraje travayè agrikòl yo, travayè enfòmèl yo ak travayè domestik yo pou yo regwoupe yo an asosyasyon oubyen sendika pou defann pi byen dwa yo ak enterè yo ; • Pran dispozisyon jiridik ak administratif pou asire kòd travay la pwoteje travayè, fanm kou gason, nan sektè agrikòl la, sektè enfòmèl la ak moun k ap travay kòm domestik ; • Amelyore kondisyon travay anplwaye Leta yo, ranfòse kapasite yo, ankouraje yo mete yo an asosyasyon / sendika epi peye yo atan pou yo bay popilasyon an sèvis kòm sadwa ; • Fasilite devlopman piti, mwayèn ak gwo antrepriz pou kreye anplwa epi pou pèmèt ayisyen ak ayisyèn ki gen ladrès yo ka kreye travay bay tèt yo ; • Mete anplas yon sistèm asirans sante, chomaj ak vyeyès pou tout kalite travayè, fanm kou gason, nan peyi a ; • Mete fen nan kesyon ti moun minè y ap eksplwate epi defòme nan tout kalite travay tèt chaje, fòmèl kou enfòmèl, nan peyi a ; • Devlope an pèmanans yon pwogran nasyonal anplwa ak travay konsekan pou pèmèt bese presyon sou tè agrikòl yo, ankouraje jèn yo rete travay nan peyi yo epi fasilite peyizànri a ak lòt klas popilè yo amelyore kondisyon lavi yo nan diyite ; • Pran tout dispozisyon jiridik ak administratif pou konbat zafè soutretrans -« mò » osnon « zonbi »- ak tizonnaj nan travay Leta kou prive nan peyi a ; • Refòme, restriktire epi dekonsantre Ministè Afè Sosyal ak Travay, ba l pèsònèl konpetan ak mwayen pou l kapab reglemante ak kontwole reyèlman kondisyon ak konfli travay yo nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.11- Enfrastrikti yo	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan domèn ekonomi an, men espesyalman peyizanri a, Leta dwe defini epi aplike yon politik enfrastrikti ki pèmèt jete baz pou devlopman ekonomik, sosyal ak kiltirèl dirab peyi a. Nan politik piblik sa a, Ministè Travo Piblik, Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Planifikasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo, epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo ap gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konstwi, ranfòse ak fè antretyen wout ki relye depatman ak depatman, depatman ak komin, komin ak komin epi komin ak seksyon kominal ; • Devlope sistèm irigasyon ki fyab e adapte nan tout zòn irigab yo nan peyi a ; • Mete pou pi piti yon santral elektrisite nan chak depatman yo epi ranfòse sa ki la deja yo pou pèmèt antrepriz yo ak popilasyon an jwenn kouran elektrik nan bon kondisyon ; • Devlope ak elaji rezo elektrik peyi a pou alimante tout komin epi fasilite itilizasyon enèji solè nan katye ak seksyon kominal yo ; • Konstwi yon bon pò ak yon bon ayewopò nan chak depatman ki gen bezwen enfrastrikti sa yo epi amelyore ak pwoteje pò ak ayewopò ki egziste deja yo ; • Mete sistèm drenaj nan plèn yo, nan vil ak nan katye yo pou anpeche inondasyon fè twòp dega ; • Prepare osnon revize kòd konstriksyon an, vilgarize l epi aplike l pou bay nòm ak règleman sou ki jan pou konstwi ak fè antretyen tout enfrastrikti ak tout kalite kay pou pwoteje yo kont tout kalite katastwòf ki menase peyi a ; • Mete anplas yon sistèm transpò ankomen pou fasilite kominikasyon ant depatman yo epi ant tout komin yo ki koresponn ak reyalite milye riral la pou moun, bèt ak machandiz sispann transpòte nan kondisyon tèt chaje sa yo ; • Mete anplas yon sistèm kontwòl kòrèk sou sikilasyon machin ak motosiklèt nan peyi pou redwi risk aksidan grav yo ak ankonbreman wout yo ; • Devlope, ranfòse ak règlemanite sistèm kabotaj la nan peyi a pou rive aji sou pri ak kondisyon transpò machandiz yo nan peyi a ; • Sèvi an pèmanans ak pwogram devlopman enfrastikti yo pou kreye travay nan bon kondisyon pou jèn nan milye riral kou nan vil yo ; • Refòme ak restriktire Ministè Travo Piblik, dekonsantre l nan tout depatman ak awondisman yo epi ba l pèsònèl konpetan ak mwayen pou l kapab devlope, règlemanite ak kontwole sektè enfrastrikti a.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.12- Touris	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè touristik la, Leta dwe defini epi aplike yon politik touristik ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa souvènte yo genyen sou resous natirèl yo pou devlopman ak souvènte alimantè kominote yo, dwa pou yo jwenn travay ak dwa yo genyen pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik touristik sa a, Ministè Agrikilti, Ministè Touris, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo, epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè envantè tout sit touristik ak patrimwàn istorik ki genyen nan peyi a epi defini nan tèt kole ak popilasyon an yon plan pou mete yo anvalè epi asire konsèvasyon ak pwoteksyon yo ; • Mete yon fren nan zafè gwo chabrak yo k ap fè dappiyanp sou tout sit touristik ak istorik yo pou devlope biznis prive yo ; • Mete fen nan zafè Leta k ap pran tè agrikòl nan men peyizan, peyizàn pou bay miltinasyonal fè zòn franch touristik ; • Fè fòmasyon moun ki enplike nan sektè touristik la nan diferan depatman yo epi ankouraje devlopman yon modèl touris ki chita sou mete anvalè sit touristik ak istorik yo epi tradisyon kiltirèl peyi a ; • Fè pwomosyon sit touristik ak patrimwàn istorik sa yo nan nivo lokal, rejyonal, nasyonal ak entènasyonal ; • Amenaje epi mete anvalè patrimwàn ak sit touristik ki genyen nan tout peyi a epi fasilite asosyasyon lokal yo entegre pwosesis valorizasyon sit ak patrimwàn sa yo nan respè ak pwomosyon kilti nasyonal la ; • Pran tout dispozisyon administratif ak jiridik pou anpeche devlopman sektè touris la pa ankouraje devlopman vis, devègondaj ak trafik ilegal nan peyi a ; • Refòme, restriktire epi dekonsantre Ministè Touris, ba l pèsònèl konpetan ak mwayen pou l kapab entegre kominote yo nan devlopman sektè a, reglemante l ak kontwole reyèlman.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.13- Min, resous en-èjetik ak karyè yo	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè min ak karyè, anviwònman ak agrikòl, Leta dwe defini epi aplike yon politik minye ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa souvènte yo genyen sou resous natirèl yo pou devlopman ak souvènte alimantè kominote yo, dwa yo genyen pou viv nan yon divèsite biyolojik ak nan yon anviwònman si, pwòp ak sen epi dwa pou yo gen yon revni pou yo viv nan kondisyon akseptab. Nan politik minye sa a, Ministè Travo Piblik, Ministè Agrikilti, Ministè Komès ak Endistri, Ministè Ekonomi ak Finans, Biwo Min ak Enèji, Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK yo, epi tout lòt enstiti-syon ki konsène yo ap gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Defini yon politik minye ki garanti dwa ak enterè nasyon an ak kominote yo ni pou jenerasyon sa ki la ni pou jenerasyon k ap vini yo epi ki konsekan parapò a pwoteksyon anviwònman peyi a ki deja an degra ; • Ranfòse, restriktire Biwo Min ak Enèji (BME), ba l pèsònèl kalifye ak mwayen pou l kapab aplike nouvo politik minye a epi kòdone, kontwole ak sipèvize tout entèvansyon k ap fèt nan sektè min, resous enèjetik ak karyè yo ; • Fè envantè tout karyè, tout min ak resous enèjetik natirèl ki genyen nan peyi a epi enfòm popilasyon an sou ekzistans ak lokalizasyon yo ; • Mennen etid rechèch sou min, karyè ak resous enèjetik sa yo pou wè kilès ki kapab esplwate san fè dega ki pa kapab repare sou anviwonman an, sektè agrikòl la ak sou moun epi enfòm popilasyon an sou rezilta etid sa yo ; • Deklare kòm resous rezève tout min, karyè ak resous enèjetik ki kapab fè dega ki pa ka repare sou anviwònman an, sou sektè agrikòl la ak sou popilasyon an epi pran dispozisyon pou entèdi esplwatasyon yo ; • Pran dispozisyon administratif ak jiridik pou entèdi eksplorasyon ak eksplwatasyon min, resous enèjetik ak karyè nan pak natirèl, zòn rezève yo ak zòn ki gen patrimwàn kiltirèl ak istorik yo ; • Pran dispozisyon adminitratif ak jiridik pou pwoteje dwa kominote yo, dwa pwopriyetè tè yo ak dwa travayè, fanm kou gason, nan eksplorasyon min, karyè ak resous enèjetik ki pap fè dega ki pa kapab repare yo ; • Pran tout dispozisyon administratif ak jiridik ki pèmèt Leta mete kontwòl sere sou eksplwatasyon karyè yo, pèsevwa kòm sadwa taks ak redevans sou eksplwatasyon sa yo epi pou genyen ekite ak ekilib nan redistribisyon lajan sa yo ;

	<ul style="list-style-type: none"> • Annatandan definisyon ak aplikasyon nouvo politik minye a epi ranfòsman ak restriktirasyon BME a, entèdi eksplwatasyon resous enèjetik yo nan peyi a¹ ; • Entèdi eksplwatasyon min metalik yo nan tout peyi a .
--	---



Yon pati nan delege nasyonal yo pandan Fowòm validasyon kaye nasyonal la

³³ Eksperyans eksplwatasyon min metalik ki fèt deja nan Miragwàn ak nan Tè Nèv /Gonayiv, montre klè se te yon veritab piyaj kote peyi a ak popilasyon yo pa t jwenn okenn avantaj. Ni dwa, ni enterè nasyon pa t pwoteje. Si nasyon an ak Leta kite yo fè eksplwatasyon min lò ki nan peyi a, sa ap genyen gwo konsekans negatif sou anviwònman peyi a, sou sektè agrikòl la ak sou popilasyon k ap viv nan zòn kote min sa yo chita. Se poutèt sa, majorite òganizasyon peyizan ki patisipe nan bati kaye a pa dakò pou eksplwatasyon min metalik fèt nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon ekonomik yo
5.1.14- Taks ak enpo	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan domèn ekonomi an, Leta dwe defini epi aplike yon politik fiskal ki jis ak ekitab ki fasilite tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo ranpli devwa sitwayen ak sitwayèn yo pandan l ap pèmèt Leta jwenn resous pou kreye kondisyon pou yo jwi dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo. Nan politik fiskal sa a, Ministè Ekonomi ak Finans, DGI ak Ladwàn epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo ap gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete anplas yon sistèm fiskal kote tout antrepriz ak tout moun peye taks yo dapre revni yo, byen yo genyen ak sa yo fè pou sispann zafè se sou do pèp la sèlman tout taks ak enpo yo chita ; • Revize barèm taks sou pwodwi enpòte nan yon nivo pou yo sispann fè konkirans ak pwodwi lokal yo nan peyi a ; • Mete taks sou kapital lajan dividann ak benefis gwo konpayi ak gwo chab-rak nan peyi ap voye lòtbò epi pèmèt pou antrepriz k ap reyenvesti nan peyi a jwenn avantaj fiskal ki ankouraje yo kontinye nan sans sa a ; • Revize sou yon baz konsekan barèm taks sou min ak karyè yo, pwopriyete bati yo, pwodwi deliks yo, bwason alkolik ak sigarèt, jwèt aza yo epi mete l annaplikasyon ; • Pran tout dispozisyon administratif ak jiridik pou konbat kontrebann, vòl, koripsyon ak detounman nan enstitisyon k ap ranmase taks ak enpo yo ; • Restriktire DGI, fè asenisman l, dekonsantre l nan tout komin yo, ba l pèsònèl kalifye pou l kapab ranmase taks ak enpo tout moun ak tout antrepriz gen pou peye Leta san paspouki ; • Restriktire Ladwàn ak APN, fè asenisman yo, ba yo pèsònèl kalifye pou yo kapab ranmase kòm sadwa tout taks sou enpòtasyon ak ekspòtasyon san paspouki ; • Reyoryante politik ekonomik ak finansye peyi a pou garanti lajan Leta ranmase nan men antrepriz ak sitwayen, sitwayèn yo itilize pou devlopman peyi a epi retounen jwenn popilasyon an sou fòm sèvis

5.2- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn sosyal

Nan dyalòg ak tout aktè nan divès sektè sosyal yo, san diskriminasyon, Leta dwe defini yon politik sosyal ki pèmèt tout klas sosyal, men pi espesyalman peyizànri a, jwi dwa sosyal li yo nan tout nivo sou tout teritwa peyi a. Pou kreye kondisyon pou peyizànri a jwi dwa sa yo, men sa òganizasyon peyizan yo revandike nan prensipal sektè aktivite sosyal yo :

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.1- Edikasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè edikasyon an, Leta dwe defini epi aplike yon politik edikasyon ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa yo genyen pou jwenn edikasyon ak fòmasyon. Nan politik edikasyon sa a, Ministè Edikasyon ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Sekretèri Deta Alfabetizasyon, Inivèsite Leta a, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire nan piblik kou nan prive, nan chak sik yo : preskolè, fondamantal, segondè, pwofesyonèl ak siperyè, se yon sèl e menm pwogram edikasyon k ap aplike nan milye rural kou nan vil yo ; • Refòm sistèm edikatif la pou garanti pwogram edikasyon nan diferan nivo yo inivèsèl, chita sou kalite kòrèk, makonnen ak reyalite e bezwen sosyete a epi mete an valè kilti peyi a ; • Fè fòmasyon elèv yo an kreyòl jouk rive nan dènye ane fondamantal, aprann yo franse a tankou dezyèm lang ofisyèl peyi a epi fè edikasyon fizik, sivik ak seksyèl elèv yo ; • Revize tout materyèl pedagogik yo yon fason pou yo koresponn ak refòm sistèm edikatif la epi amelyore nivo de baz edikasyon nan sik preskolè, fondamantal, segondè, pwofesyonèl ak siperyè ; • Revize pwogram fòmasyon pwofesè yo epi fè resiklaj regilyèman pou tout pwofesè preskolè, fondamantal, segondè, pwofesyonèl ak siperyè yo pou ogmante konpetans yo, pèmèt yo metrize ajou ak refòm sistèm lan epi ba yo materyèl nesèsè ak yon salè pou yo viv kòm sadwa ; • Mete lekòl preskolè, fondamantal, segondè ak pwofesyonèl nan tout komin ak katye yo ki pa genyen ase yo, asire lokal yo koresponn ak nòm konstriksyon kont katastwòf natirèl, ekipe yo epi ba yo pwofesè konpetan pou yo kapab fonksyone kòm sadwa ; • Asire tout lekòl ak inivèsite yo genyen bibliyotèk ak laboratwa ki nesèsè epi pou inivèsite yo genyen sant pou fè rechèch ;

	<ul style="list-style-type: none"> • Pran dispozisyon pou fè lekòl kominotè yo ak lekòl prive ki gen gwo difikilte yo tounen fiamezi lekòl Leta ; • Mete sant alfabetizasyon ak monitè, fanm kou gason, byen fòme nan chak lokalite nan seksyon kominal yo ak nan chak katye yo epi fasilite patisipan yo, fanm kou gason, jwenn materyèl alfa ki nesesè yo ; • Devlope nan chak departman yo sant fòmasyon espesyalize pou timoun ki andikape fizik oubyen mantal yo ki gen difikilte pou avanse nan sistèm edikasyon klasik la ; • Mete yon lise teknik nan chak komin epi yon sant pwofesyonèl ki devlope tout filyè metye estratejik yo nan chak awondisman yo pou prepare bon teknisyen, bòs ak ouvriye pou chak departman yo ; • Konstwi yon kanpis inivèsite piblik nan chak departman, ba yo ekipman ki nesesè ak pwofesè kalifye pou pèmèt devlope yon pwogram fòmasyon siperyè ki adapte ak reyalyte peyi a ; • Fasilite tout elèv nan tout nivo yo epi tout etidyan ak etidyant jwenn materyèl ak founiti eskolè, pwofesyonèl ak inivèsite ki nesesè yo ; • Revize mekanis enspeksyon eskolè, pwofesyonèl ak inivèsite pou asire yon pi bon suivi ak sipèvisyon sistèm edikasyon an ; • Restriktire ak ranfòse Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon pwofesyonèl, ba l pèsònèl kalifye ak mwayen pou l kapab refòme sistèm edikasyon an epi kòdone, reglemante ak kontwole sektè edikasyon an nan tout nivo nan peyi a.
--	---

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.2- Sante	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè edikasyon an, Leta dwe defini epi apNan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè sante a, Leta dwe defini epi aplike yon politik sante ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa sante fizik ak mantal yo. Nan politik piblik sa a, Ministè Sante Piblik, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Refòme sistèm sante a pou mete an valè medsin tradisyonèl la, adapte medsin modèn lan ak reyalyte peyi a, pèmèt popilasyon nan milye riral kou nan vil yo jwenn swen sante epi mete fen nan sistèm sante ki gen plizyè vitès la ; • Asire fòmasyon ak resiklaj regilye medsen, enfimyè, oksilyè, matwon, matwòn ak medsen fèy pou amelyore konpetans yo, mete yo nan yon nivo fòmasyon pou yo ka daplon a refòm sistèm sante a epi ba yo kondisyon travay ki kòrèk ; • Konstwi, kote ki poko genyen, yon lopital referans nan chak awondisman, yon lopital ak matènite nan chak komin, yon sant sante nan chak seksyon kominal epi yon dispansè nan chak katye ak bitasyon, ekipe yo, ba yo pèsònèl kalifye ak mwayen pou yo fonksyone ; • Asire tout lopital, sant sante ak dispansè prive kou piblik gen ekipman, materyèl ak pèsònèl sante kalifye pou yo fonksyone kòm sadwa epi pran dispozisyon pou sant sante ak dispansè kominotè kou prive ki gen gwo difikilte yo tounen fiamezi pou Leta ; • Fasilite devlopman famasi ak pèsònèl kalifye nan tout komin, katye ak seksyon kominal, ankouraje itilizasyon medikaman esansyèl yo epi mete yon sistèm kontwòl sou tout medikaman k ap antre nan peyi a ; • Devlope nan milye riral la tankou nan vil yo yon pwogram an pèmanans pou fè prevansyon ak konbat maladi k ap bay epidemi yo ; • Devlope nan milye riral yo kou nan vil yo yon pwogram an pèmanans pou akonpayman ak tretman moun ki gen maladi mantal ak twoub sikolojik yo ; • Devlope nan chak departman yon sistèm anbilans ak sekouris kalifye pou ale chache malad grav yo kelkeswa kote yo ye pou mennen yo lopital ;

- Pran tout dispozisyon legal, jiridik, administratif ak teknik pou kòdone, kontwole ak sipèvize inivèsite ak sant fòmasyon nan sante yo epi tout lòt enstitisyon ak òganis k ap travay nan sektè sante a ;
- Mete yon ekip prevansyon sou lasante ak planin familyal nan chak komin pou akonpaye ajan sante, matwòn ak matwon, medsen fèy yo epi fè sansibilizasyon ak fòmasyon popilasyon an sou ijèn ak sante ;
- Restriktire ak ranfòse Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye li bezwen yo pou l kapab refòme sistèm sante a epi kòdone, reglemante ak kontwole sektè sante nan tout nivo nan peyi a.



Aricia Fleurimond, manb Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen, Delege Depatman Lwès

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.3- Dlo potab	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè dlo potab la, Leta dwe defini epi aplike yon politik dlo potab ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo jwenn dlo potab an kantite ak kalite sifizan. Nan politik piblik sa a, Ministè Travo Piblik, Ministè Agrikilti, Ministè Anviwònman, DINEPA, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete fren nan politik privatizasyon sistèm distribisyon dlo potab yo, fasilite fanmi peyizan yo pou yo jwenn kantite ak kalite dlo minimòm yo bezwen epi pran tout dispozisyon pou asire pwoteksyon ak konsèvasyon tout rezèv dlo ki genyen nan peyi a ; • Pran tout dispozisyon administratif, jiridik, teknik ak finansye pou dlo potab rete yon sèvis piblik nan peyi a ; • Kapte sous dlo yo tout kote ki genyen, fouye pi fon kote ki pa gen sous ak pre larivyè yo, konstwi enplivyòm ak rezèwa kote ki sèk yo, mete perimèt pwoteksyon alantou tout sous ak pi yo pou anpeche popilasyon an pran maladi nan dlo ; • Mete epi jere kòmsadwa, nan tèt kole ak kominote yo, sistèm distribisyon dlo potab nan komin ak seksyon kominal ki poko genyen yo epi asire dlo tout sistèm distribisyon teste ak trete regilyèman°; • Mete kontwòl sou eksplwatasyon rezèv dlo anba tè yo (nap freyatik yo) pou evite kontaminasyon yo ; • Mete kontwòl sou konpayi k ap vann kamyon dlo yo ak izin k ap vann glas ak dlo trete yo, fè analize dlo yo regilyèman epi pran mezi pou sanksyone yo lè sa nesesè ; • Mennen yon kanpay sansibilizasyon regilye sou ijyèn kò, kay ak anviwònman an pou pèmèt popilasyon an konnen kòman konbat polisyon nan dlo epi kòman trete ak konsève dlo ; • Restriktire ak ranfòse DINEPA, OREPA ak KAEPA yo, ba yo pèsònèl kalifye ak mwayen pou yo kapab kòdone, reglemante ak kontwole sektè dlo potab la nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.4- Asenisman	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè asenisman an, Leta dwe defini epi aplike yon politik asenisman ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou viv nan yon anviwònman pwòp, kòrèk epi ki gen sekirite. Nan politik piblik sa a, Ministè Travo Piblik, DINEPA, Ministè Anviwònman, Sèvis Ijèn, Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon konsène gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire fanmi peyizan yo jwenn nivo asenisman ki nesèsè pou yo kapab viv kòmsadwa nan milye riral la ; • Pran tout dispozisyon administratif, jiridik, teknik ak finansye pou asenisman rete yon sèvis piblik nan tout peyi a ; • Mete anplas osnon ranfòse sèvis ramasaj fatra ak zòn dechaj piblik nan tout komin, katye ak seksyon kominal yo epi tabli yon sistèm jesyon sit dechaj yo pou transfòme fatra òganik yo ak pwoteje popilasyon an kont kontaminasyon ; • Mete anplas an pèmanans yon pwogram latrinizasyon nan seksyon kominal ak katye yo epi asire genyen latrin nan tout mache yo ak nan tout lòt espas piblik yo ; • Mete anplas nan komin ak katye yo yon sèvis netwayaj latrin yo epi fè resiklaj matyè òganik yo nan bon kondisyon ; • Pran tout dispozisyon pou limite itilizasyon matyè plastik yo jouk yo rive elimine yo nèt nan peyi a. Annatandan egzije konpayi k ap pwodui osnon komèsyalize matyè plastik pou yo resikle yo ; • Entèdi itilizasyon pwodui agwochimik oubyen endistriyèl ki kapab polye anviwònman an nan milye riral yo kou nan vil yo ; • Asire bon antretyen sistèm drenaj yo nan milye riral yo kou nan vil yo epi fè regilyèman kiraj sistèm drenaj ak ma dlo yo ; • Devlope an pèmanans yon pwogram sansibilizasyon ak konsyantizasyon popilasyon an sou kesyon asenisman ak ijyèn nan milye riral kou nan vil yo; • Ranfòse sèvis ijyèn ak vwari yo nan komin yo epi ba yo mwayen ak pèsònèl kalifye pou pèmèt yo bay sèvis asenisman an kòmsadwa nan vil, katye ak seksyon kominal yo ; • Restriktire ak ranfòse DINEPA, OREPA ak KAEPA yo, ba yo pèsònèl kalifye ak mwayen pou yo kapab kòdone, reglemante ak kontwole sektè asenisman an nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.5- Lojman	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè lojman an, Leta dwe defini epi aplike yon politik lojman ki pa depaman ak plan amenajman ak zonaj teritwa a epi ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou yo genyen yon lojman sifizan, akseptab ak konfòtab. Nan politik lojman sa a, Ministè Travo Piblik, Ministè Afè Sosyal, Antrepriz Piblik Lojman Sosyal - EPPLS, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon Leta ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire fanmi peyizan yo jwenn kay akseptab pou yo rete epi kapab konsève lojman yo pou yo viv nan lapè ak nan diyite ; • Pran tout dispozisyon pou konbat zafè bidonvil k ap devlope nan vil yo epi fini ak kesyon kounouk lan nan katye ak seksyon kominal yo ; • Mete anplas yon pwogram an pèmanans lojman sosyal ki pèmèt moun ki pòv yo, espesyalman fanm ki chèf fanmi yo, nan milye riral yo kou nan vil yo, jwenn yon kote pou yo rete epi viv nan kondisyon akseptab ; • Ankouraje fanmi peyizan yo ak fanmi malere nan katye yo monte koperativ lojman epi fasilite koperativ sa yo jwenn tè, kredi ak asistans teknik nan bon kondisyon pou bati kay yo ; • Mete anplas yon bank nasyonal lojman ki pou pèmèt devlope sektè lojman an nan milye riral kou nan vil yo ; • Pran tout dispozisyon pou bese epi kontwole pri ak kalite materyo konstriksyon yo pou fasilite devlopman sektè lojman an nan peyi a ; • Asire, nan milye riral yo kou nan vil yo, kay yo fèt nan espas ki apwopriye pou fè konstriksyon epi yo respekte nòm kont tout katastwòf natirèl ki menase peyi a ; • Asire yon pi bon fòmasyon pou enjenyè, achitèk, kontremèt ak ouvriye konstriksyon yo epi resikle yo regilyèman ; • Fè amannman epi aplike lwa sou lwaye kay nan peyi a pou asire pri lwaye yo sispann monte disèt wotè ni pou yo pa mete moun deyò nan kay sou yon baz enjistis ak ilegal ; • Ranfòse kapasite meri yo pou yo kapab fè Sèvis Jeni Minisipal yo fonksyone kòmsadwa, espesyalman nan travay verifikasyon plan kay yo ak sipèvisyon konstriksyon yo.

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.6- Elektrisite	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè enèji elektrik la, Leta dwe devlope yon politik piblik elektrisite ki pèmèt tout fanmi ak tout antrepriz san diskriminasyon, men espesyalman fanmi peyizan yo ak antrepriz nan milye rural yo, jwenn elektrisite nan mezi bezwen yo. Nan politik piblik sa a, Ministè Travo Piblik, Elektrisite d Ayiti - EDH, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè sèvis kouran elektrik la tounen yon sèvis piblik kòrèk epi mete fen nan likidasyon EDH la ; • Pèmèt popilasyon an, espesyalman peyizànri a, jwenn kantite enèji elektrik li bezwen sou fòm ki pi ekonomik ak nan respè anviwònman an. Nan sans sa a ankouraje itilizasyon sous enèji ki pwòp ak renouvlab yo (enèji ki pwodui ak solèy, dlo ak van) ; • Fasilite devlopman izin k ap pwodui materyèl pou enèji pwòp ak renouvlab yo pou pèmèt popilasyon an gen aksè ak ekipman sa yo epi kreye travay dirab nan peyi a ; • Devlope sèvis kouran elektrik la nan tout komin ak katye yo nan yon pri rezonab, pran tout dispozisyon legal sistematik ak efikas pou konbat vòl kouran epi fè tout abònè peye elektrisite yo regilyèman ; • Restriktire ak ranfòse EDH, ba li pèsònèl kalifye ak mwayen pou l kapab kòdone, reglemante ak kontwole sektè enèji elektrik la nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.7- Pwoteksyon sosyal	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè pwoteksyon sosyal, Leta dwe devlope yon politik pwoteksyon sosyal ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou yo genyen sekirite sosyal. Nan politik pwoteksyon sosyal sa a, Ministè Afè Sosyal ak Travay, Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Garanti tout moun vilnerab ki nan bezwen yo, nan milye riral yo kou nan vil yo, jwenn yon minimòm ki pèmèt yo gen yon kay akseptab pou yo rete, swen sante esansyèl yo ak yon revni ki asire yo yon nivo lavi sifizan nan diyite ; • Pèmèt tout peyizan, peyizàn yo jwenn asirans sosyal lè yo pèdi rekòt yo osnon kreye travay serye pou yo nan moman difisil sa yo ; • Mete anplas yon sistèm asirans sante ak asirans chomaj pou tout moun ki genyen yon travay estab ak dirab, nan milye riral kou nan vil yo ; • Mete nan depatman yo, òfelina, sant akèy ak edikasyon espesyal pou òfelen yo, moun andikape fizik ak mantal yo epi sant reyedikasyon pou jèn ki tonbe nan delenkans ; • Mete anplas an pèmanans yon pwogram pou ankadre timoun ki nan lari yo epi pèmèt yo aprann metye pou yo ka mennen lavi yo nan diyite ; • Mete azil pou granmoun aje ki pa genyen mwayen yo, nan tout komin ki poko genyen azil yo; • Ranfòse, restriktire ak dekonsantre enstitisyon piblik pwoteksyon sosyal yo, espesyalman OFATMA, CAS, IBESR, ONM ak PNCS pou asire yon nivo sekirite sosyal akseptab pou travayè yo, fanm kou gason, timoun, granmoun aje, refijye ak deplase epi elèv ak etidyan, etidyant ki nan bezwen yo.

Sektè aktivite	Revandikasyon sosyal yo
5.2.8- Pwoteksyon sivil	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè nan sektè pwoteksyon sivil, Leta dwe devlope yon politik pwoteksyon sivil ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou yo genyen sekirite sivil. Nan politik pwoteksyon sivil sa a, Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal, Ministè Agrikilti, Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete nòm ak kontwòl pou moun pa konstwi nan zòn ki gen risk yo pou kay yo kapab konstwi yon fason ki pwoteje yo kont katastwòf natirèl, nan milye riral kou nan vil yo ; • Deplase moun k ap viv nan zòn ki gen anpil risk yo, bay yo lòt espas pou yo konstwi epi kreye travay dirab pou yo ka viv kòm sadwa, nan milye riral kou nan vil ; • Mete anplasabri apwopriye nan tout komin ak seksyon kominal yo pou akeyi moun ki viktim nan okazyon katastwòf natirèl ; • Mete komite pwoteksyon sivil nan tout katye yo ak nan seksyon kominal yo ; ankadre yo epi ba yo mwayen pou akonpaye ak pote sekou bay popilasyon an nan ka katastwòf natirèl ; • Mete anplas nan depatman yo sistèm estòk estratejik manje ak estòk estratejik semans pou pèmèt peyizan ak peyizàn yo jwenn manje ak semans apre katastwòf natirèl yo pou refè jaden yo ; • Mete anplas yon sèvis ponpye byen ekipe nan chak awondisman, ba yo mwayen ak pèsònèl kalifye pou ede konbat dife epi pote sekou bay moun ki an danje ; • Ranfòse ak restriktire Direksyon Pwoteksyon Sivil, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab kòdone, reglemante ak kontwole sektè pwoteksyon sivil la nan tout peyi a.

5.3- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn kiltirèl

Nan dyalòg ak tout aktè nan divès sektè kiltirèl yo san diskriminasyon, Leta dwe defini yon politik kiltirèl ki pèmèt tout klas sosyal, men pi espesyalman, peyizànri a, jwi dwa kiltirèl li yo ak libète pou viv idantite li nan tout nivo, sou tout teritwa peyi a. Pou kreye kondisyon pou peyizànri a jwi dwa sa yo, men sa òganizasyon peyizan yo revandike nan prinsipal sektè aktivite kiltirèl sa yo :

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.1- Lang	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay sou 2 lang ofisyèl peyi a, Leta dwe defini epi aplike yon politik sou lang ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa kiltirèl yo nan kesyon lang. Nan politik piblik sa a, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Ministè Kilti ak Kominikasyon, Akademi Kreyòl Ayisyen an, Inivèsite Leta a, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Asire tout jèn ayisyen, fanm kou gason, ki rive nan sizyèm ane fondamantal kapab itilize kòmsadwa ni nan pale ni nan li ni nan ekri tou de (2) lang ofisyèl peyi a, nan milye riral kou nan vil yo ; • Fè tout òganizasyon ak enstitisyon piblik ak prive yo k ap travay nan peyi a, respekte lang kreyòl la kòm youn nan prensipal baz idantite kiltirèl nasyon an epi kòm sèl lang majorite popilasyon an pale ak konprann san grate tèt ; • Fè an kreyòl tout zouti pou aprann, zouti pedagogik ak zouti metodolojik pou nivo preskolè, fondamantal la, pou sant alfabetizasyon yo, sant pwofesyonèl yo ak pou edikasyon enfòmèl jèn ak granmoun yo ; • Fè kreyòl la vini yon lang ki itilize kòmsadwa nan tout administrasyon piblik ak prive a, yon manyè pou popilasyon an kapab jwenn tout sèvis li bezwen an kreyòl ; • Fasilite pou tout dokiman piblik ak jijman yo fèt nan 2 lang ofisyèl yo, se moun yo ka chwazi nan ki lang yo vle dokiman osnon jijman an ; • Valorize nan tout peyi a pwodiksyon literè k ap fèt nan 2 lang yo, men bay sa ki fèt an kreyòl yo yon plas espesyal ; • Ankouraje pwodiksyon an kreyòl nan inivèsite yo pou pèmèt jèn yo ekri rapò, memwa ak lòt tèks nan lang yo pi alèz la ; • Fè pwomosyon epi valorize pi plis lang kreyòl la nan peyi a epi konbat tout fòm diskriminasyon k ap fèt kont li ; • Pran tout dispozisyon administratif, teknik, jiridik ak finansye pou pèmèt akademi lang kreyòl ayisyen an gen pwofesyonèl kalifye ak mwayen pou pèmèt li jwe wòl li kòmsadwa

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.2- Relijyon	<p>Nan dyalòg politik ak aktè nan tout sektè relijye, Leta dwe defini epi aplike yon politik sou relijyon ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi libète relijyon ak libète konsyans yo. Nan politik sou relijyon sa a, Ministè Afè Etranje, Direksyon Jeneral Kilt, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo genyen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Garanti respè ak pwoteksyon libète relijyon ak libète kwayans pou tout moun san diskriminen okenn gwoup, kategori oubyen klas sosyal ; • Pran tout dispozisyon legal, jiridik ak administratif pou Leta ayisyen tounen yon Leta layik ¹ ; • Kreve kondisyon pou chak moun egzèse libète konsyans ak libète relijyon l nan limit lalwa otorize l^o; • Anpeche kelkeswa moun osnon gwoup sèvi ak relijyon pou andyoze lòt oubyen vyole dwa lòt yo ; • Veye pou genyen tolerans ant diferan relijyon yo epi pran tout dispozisyon pou okenn relijyon pa pèsekite nan peyi a, espesyalman vodou a ; • Pwoteje gwo espas rekèyman ak manifestasyon lafwa relijyon ki gen rekonesans legal nan peyi a, espesyalman pa vodou a ; • Pran tout dispozisyon administratif, jiridik ak finansye pou pèmèt Direksyon Jeneral Kilt reglemante ak kontwole demokratikman fonksyonman relijyon ak sèk relijye nan tout peyi a.

³⁴Leta layik : yon Leta ki pa pran pati pou okenn relijyon oubyen kouran espirityèl, ki pa kite okenn relijyon genyen enfluyans nan zafè piblik yo nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.3- Espas rekreyatif ak lwazi	<p>Nan dyalòg politik ak aktè k ap travay nan sektè rekreyatif ak lwazi a, Leta dwe defini epi aplike yon politik sou aktivite rekreyatif ak lwazi yo ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou yo gen lwazi. Nan politik sou aktivite rekreyatif ak lwazi sa a, Ministè Jenès, Espò ak Aksyon Sivik, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, Ministè Kilti ak Kominikasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo genyen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kreve sant lwazi ki makònen ak reyalite kiltirèl nasyon an nan tout komin, katye ak seksyon kominal yo pou timoun yo, jèn yo ak moun ki nan laj avanse yo kapab amize yo epi detann yo ; • Valorize jwèt ak lwazi natif natal yo tankou : lago, marèl, sote kòd, tire kont, elatriye ; • Mete plas piblik byen amenaje nan tout komin yo ak espas natirèl pou rekreyasyon nan seksyon kominal yo ; • Mete bibliyotèk, sal sinema, teyat ak espektak nan tout seksyon kominal ak katye yo pou jèn yo ka fòme ak detann yo ; • Amenaje nan tèt kole ak jèn yo, plaj piblik arebò lamè, rivyè ak letan yo nan tout komin ak seksyon kominal ki genyen posibilite natirèl pou sa fèt ; • Òganize emisyon rekreyatif ki makònen ak kilti nasyonal la sou radyo, televizyon Leta, kominotè ak komèsyal yo pou tout popilasyon an, san distenksyon ; • Asire tout espas rekreyatif ak lwazi yo amenaje yon fason pou moun ki andikape yo gen aksè a yo kòmsadwa ; • Ranfòse, restriktire epi dekonsantre Ministè Jenès, Espò ak Aksyon Sivik, ba l mwayen ak pèsonèl kalifye pou l kapab devlope, kòdone, reglemante ak kontwole espas rekreyatif ak lwazi yo nan tout peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.4- Espò	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè ki nan sektè espò, Leta dwe defini epi aplike yon politik espò ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen posiblite fè espò. Nan politik espò sa a, Ministè Jenès, Espò ak Aksyon Sivik, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo genyen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete yon lekòl espò byen ekipe nan chak awondisman yo epi sant pou fè espò nan prensipal filyè yo nan tout katye ak seksyon kominal yo, ba yo monitè konpetan ak mwayen pou yo fonksyone ; • Entegre tout bon vre edikasyon fizik nan tout lekòl fondamantal, lise ak sant teknik yo ; • Fasilite devlopman asosyasyon espò yo nan komin yo epi apiye yo nan òganizasyon chanpyona nan divès filyè espò yo ; • Asire espòtif pwofesyonèl k ap mete talan yo osèvis peyi a, kapab viv kòm-sadwa nan espò a ; • Valorize espò natif-natal yo tankou pinge, tire baton, tire machèt, elatriye ; • Ranfòse, restriktire epi dekonsantre Ministè Jenès, Espò ak Aksyon Sivik, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab devlope, kòdone, reglemante ak kontwole sektè espò a nan tout peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.5- Tradisyon kiltirèl	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan domèn kiltirèl, Leta dwe defini epi aplike yon politik kiltirèl ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa kiltirèl yo nan nivo koutim ak tradisyon kiltirèl yo. Nan politik kiltirèl sa a, Ministè Kilti ak Kominikasyon, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete anvalè ak pwoteje kilti, koutim ak tradisyon peyi a pou asire pèp la makonnen ak rasin kiltirèl li ; • Reyamenaje ak pwoteje tout lye ak espas kiltirèl ki gen anpil enpòtans pou popilasyon an ; • Mete pou pi piti yon sant animasyon kiltirèl nan chak komin ; • Fè pwomosyon tablo, mizik, chan, dans, teyat ak jwèt tradisyonèl yo nan vil yo, nan milye riral la kou nan nivo entènasyonal ; • Pran tout dispozisyon legal, jiridik, administratif ak teknik pou mete an valè ak pwoteje zèv atis ak ekriven ayisyen yo, fanm kou gason ; • Mete anplas sant rechèch ak fòmasyon oubyen akademi pou fè etid ak devlope divès branch kilti natif natal la ; • Devlope ak ranfòse kapasite atizan, atis, ekriven, poèt ayisyen (fanm kou gason) epi fasilite yo jwenn mwayen pou pwodui zèv ki makonnen ak kilti peyi a ; • Ankouraje popilasyon nan vil yo kou nan milye riral la bay kilti yo valè epi apresye pi byen ak itilize pwodui lokal yo ; • Ranfòse, restriktire epi dekonsantre Ministè Kilti ak Kominikasyon, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab devlope, kòdone, reglemante ak kontwole sektè kiltirèl la nan tout peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon kiltirèl yo
5.3.6- Patrimwàn ¹ istorik	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay sou kesyon patrimwàn, Leta dwe defini epi aplike yon politik patrimwàn ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn jwi libète pou viv idantite li nan konnen pi byen epi apwopriye patrimwàn istorik ak kiltirèl peyi a. Nan politik patrimwàn sa a, Ministè Kilti ak Kominikasyon, ISPAN, Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Idantifye tout sit istorik yo nan tout depatman yo, pataje istwa sit sa yo ak popilasyon lokal yo epi ankouraje yo apwopriye yo pou ranfòse idantite yo ; • Pran tout dispozisyon legal, jiridik, administratif ak teknik pou kontwole ak pwoteje patrimwàn istorik peyi a ; • Ankouraje inisyativ tout gwoup, asosyasyon oswa endividi pran ki ale nan sans pou mete an valè ak pwoteje sit ak patrimwàn istorik peyi a ; • Devlope yon pwogram an pèmanans pou amenajman ak restorasyon tout patrimwan istorik peyi a nan milye riral kou nan vil yo ; • Mete yon mize nan chak depatman pou konsève ak fè konnen patrimwàn materyèl ak patrimwàn ki pa materyèl ki genyen nan chak rejyon nan peyi a ; • Mete anplas mekanis ak sant pou fè pwomosyon patrimwàn istorik yo ; • Fasilite lekòl, inivèsite ak sant fòmasyon yo, sitou sa ki pa gen mwayen yo, mennen timoun ak jèn yo vizite regilyèman sit istorik yo ; • Ranfòse, restriktire epi dekonsantre ISPAN, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab devlope, kòdone, reglemante ak kontwole patrimwàn istorik yo nan tout peyi a.

³⁵Patrimwàn istorik oswa kiltirèl : se yon seri byen materyèl oubyen ki pa materyèl (moun pa kapab touche) ki gen yon enpòtans istorik oubyen atistik epi ki kapab swa pou yon fanmi, yon antrepriz, yon asosyasyon oubyen pou yon komin, yon depatman osnon Leta yon peyi. Patrimwàn yo se eritaj jenerasyon anvan yo kite pou nou ; nou gen obligasyon pou transmèt yo entak oubyen amelyore yo pou jenerasyon k ap vini yo. Patrimwàn materyèl yo, se peyizaj yo, ansyen batiman yo, sit jewolojik yo, espas agrikòl yo, elatriye. Patrimwàn ki pa materyèl yo, se chan, dans, manje tradisyonèl yo, jwèt yo, kont yo, dokiman ekri ak achiv yo, elatriye.

5.4- Revandikasyon òganizasyon peyizan yo nan domèn politik

Nan dyalòg ak tout aktè nan divès sektè politik yo san diskriminasyon, Leta dwe defini yon politik piblik nan domèn politik ki pèmèt tout klas sosyal, men pi espesyalman, peyizànri a, jwi dwa sivil ak politik li yo nan tout nivo sou tout teritwa peyi a. Pou kreye kondisyon pou peyizànri a jwi dwa sa yo, men sa òganizasyon peyizan yo revandike nan prensipal sektè aktivite politik sa yo :

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.1- Desantralizasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan kesyon desantralizasyon, Leta dwe defini epi aplike yon politik desantralizasyon ki pa depaman ak konstitisyon 1987 la e ki pèmèt sitwayen ak sitwayèn yo, espesyalman peyizan kou peyizàn yo, jwi dwa pou patisipe nan pwosesis demokrasi lokal kote desizyon yo vini pi pre yo, epi tout kolektivite terityal yo nan tout nivo ekziste epi kapab ekzèse misyon yo kòm sadwa. Nan politik desantralizasyon sa a, Primati a, Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn, Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Enteryè ak Kolektivite Terityal, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon nan Leta ki konsène gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè epi aplike tout lwa ki nesèsè yo, espesyalman manman lwa (lwa kad) desantralizasyon an pou li tounen yon reyalite epi fè vilgarizasyon yo, espesyalman pou eli lokal yo, pou òganizasyon peyizan ak peyizàn yo ak òganizasyon lokal yo anjeneral ; • Mete anplas Asanble depatmantal, Asanble minisipal ak Asanble seksyon kominal yo pou pèmèt popilasyon nan milye riral kou nan vil yo patisipe nan desizyon Leta kote konstitisyon 1987 la ba yo dwa ak manda pou sa ; • Ranfòse kapasite twa (3) nivo kolektivite terityal yo, bay yo kad teknik ak mwayen finansye epi ekipe yo pou yo ka ranpli misyon yo sou yon baz efikas ; • Mete anplas yon fonksyon piblik terityal pou garanti gen fonksyonè konpetan nan kolektivite terityal epi gen kontinite Leta nan antite desantralize yo. Pou sa, kreye nan chak nivo kolektivite terityal yo yon kò anplwaye ki genyen estati fonksyonè Leta pou fè travay administratif ak teknik ki nesèsè yo pou bay popilasyon an sèvis piblik yo ; • Pran tout dispozisyon jiridik, administratif ak teknik pou gouvènman yo sispann fè kòkòday ak palmantè yo nan ba yo ti pwojè pou al ranpli wòl Konsèy depatmantal, Konsèy minisipal ak KASEK yo ; • Revize epi retrase limit dekoupaj kolektivite terityal yo nan 3 nivo yo pou mete fen nan konfli ant majistra yo sou kesyon sa a ; • Elabore epi aplike, sou yon baz patisipatif, yon plan devlopman lokal pou chak depatman ak komin yo ki chita sou reyalite, bezwen ak priyorite popilasyon k ap viv nan kolektivite sa yo ;

	<ul style="list-style-type: none">• Akonpaye kolektivite terityal yo nan prepare sou baz patisipatif bidjè depatman ak komin yo epi entegre bidjè sa yo nan bidjè Leta santral la ;• Ranfòse, restriktire epi dekonsantre Ministè Enteryè ak Kolektivite Terityal yo, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab kòdone, devlope ak evalye, nan tèt kole ak kolektivite lokal yo, politik desantralizasyon an nan tout peyi a.
--	---



Yon pati nan patisipan nan Fowòm validasyon Kaye nasyonal revandikasyon peyizan yo

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.1- Desantralizasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan kesyon dekonsantrasyon sèvis piblik yo, Leta dwe defini epi aplike yon politik dekonsantrasyon ki pa depaman ak konstitisyon 1987 la ni ak lwa kad sou desantralizasyon an ki pèmèt sitwayen ak sitwayèn yo, espesyalman peyizan ak peyizàn yo, jwi dwa pou yo jwenn sèvis piblik yo. Nan politik dekonsantrasyon sa a Pouvwa Ekzekitif la, Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon nan Leta ki konsène, gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Prepare epi mete annaplikasyon, nan tèt kole ak kolektivite teritoryal yo, yon plan dekonsantrasyon administrasyon piblik la pou pèmèt rapwoche sèvis Leta yo pi pre posib popilasyon an, espesyalman popilasyon k ap viv nan komin ak seksyon kominal yo ; • Pran dispozisyon administratif, jiridik, teknik ak finansye pou sèvis piblik yo rive ateri nan depatman yo ak nan komin yo epi pou sèvis ki pi esansyèl yo rive tabli nan katye ak seksyon kominal yo ; • Elabore epi aplike yon plan devlopman nasyonal ki pèmèt ogmante, sou yon baz dirab, kalite ak kantite sèvis minimòm ki nesesè nan milye rural yo ; • Fè yon nivo investisman nan depatman yo ki makonnen ak potansyalite yo genyen epi priyorite popilasyon k ap viv nan depatman sa yo ; • Ranfòse tout ministè yo, ba yo akonpayman teknik ak mwayen yo bezwen pou yo kapab kòdone, devlope ak evalye, nan tèt kole ak kolektivite lokal yo, politik dekonsantrasyon sèvis piblik yo nan tout peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.3- Sekirite piblik	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan sektè sekirite piblik, Leta dwe defini epi aplike yon politik sekirite piblik ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn jwi dwa pou yo gen lavi, libète, libète sikilasyon epi sekirite fizik ak pèsònèl. Nan politik sekirite piblik sa a, Primati a, Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN), Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik, Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal yo, Sekretarya Sekirite Piblik, Polis Nasyonal la, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou</p> <ul style="list-style-type: none"> • Redefini plan fòmasyon ajan polis yo, resikle tout fòmasyon ak fòmasyon yo pou adapte lapolis la ak realite peyi a ; • Devlope yon polis kominotè ki pou travay men nan men ak popilasyon nan milye riral yo pou konbat vòl, krim ak ensekirite ; • Devlope yon polis maritim ak woutye, ekipe yo epi ba yo mwayen pou asire kontwòl ak pwoteksyon kòt yo ak wout nasyonal yo ; • Konstwi yon komisarya nan tout komin yo, mete kantite polisye ki nesèsè ladan yo epi ba yo mwayen pou pèmèt sèvis sekirite piblik la ateri nan komin yo ; • Revize epi aplike règleman sikilasyon yo pou pèmèt tabli yon kontwòl serye sou sikilasyon kamyon, machin ak sou motosiklèt nan komin yo ; • Refòme, ranfòse PNH la, retire l anba kontwòl ekstèn pou l kapab asire sekirite lavi ak byen tout moun san distenksyon, nan milye riral kou nan vil yo ; • Ranfòse, restriktire epi dekonsantre Sekretarya Sekirite Piblik la, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab kòdone, devlope, reglemante ak kontwole sektè sekirite piblik la nan tout peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.4- Dwa moun	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan sektè jistis ak dwa moun, Leta dwe defini epi aplike yon politik dwa moun ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa sivil, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo epi dwa espesifik yo. Nan politik dwa moun sa a, Ekzekitif la, Palman an, Pouvwa Jidisyè a, Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran tout dispozisyon jiridik, administratif, teknik ak finansye pou respekte, pwoteje epi kreye kondisyon pou dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl tout moun san distenksyon satisfè epi pou tout moun san paspouki egalego devan lalwa ; • Pran tout dispozisyon pou tout enstitisyon Leta yo respekte ak pwoteje dwa sivil ak politik sitwayen ak sitwayèn yo, espesyalman sila k ap viv nan milye riral yo ; • Enfòm epi fòm popilasyon nan depatman, komin, ak seksyon kominal yo sou dwa yo ak lwa ki pi enpòtan nan lavi chak jou yo ; • Pran tout dispozisyon pou elimine diskriminasyon ant moun nan vil ak moun milye riral epi kaba tout lòt fòm prejije ki chita sou ras, koulè, sèks ak orijin sosyal nan peyi a ; • Pèmèt tout sitwayen, sitwayèn ranpli devwa politik yo san okenn fòm presyon ni manipulasyon, espesyalman sila k ap viv nan milye riral yo ; • Kreye kondisyon reyèl pou fanm yo jwi dwa yo e pou genyen egalite tout bon vre ant fanm ak gason, espesyalman ant fanm ak gason k ap viv nan milye riral yo ; • Pran tout dispozisyon nesèsè pou fanm yo patisipe nan gwo desizyon k ap pran nan peyi a epi pou yo entegre administrasyon piblik la ak 3 pouvwa yo nan tout nivo, espesyalman fanm peyizàn k ap viv nan milye riral yo ; • Frennen vyolans ak vyolasyon dwa k ap fèt sou fanm yo, timoun yo, andikape yo, malere yo, ti machann yo, domestik yo, moun ki gen pwoblèm mantal yo, elatriye ; • Fasilite òganizasyon dwa moun yo pou yo kabap fè travay yo nan komin, katye ak seksyon kominal yo ; • Pran tout dispozisyon administratif, teknik ak jiridik pou Leta vote ak ratifye epi fè lwa aplikasyon Deklarasyon dwa peyizan, peyizàn yo ak moun k ap travay nan milye riral yo.

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.5- Lajistis	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan sektè lajistis, Leta dwe defini epi aplike yon politik jistis ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn jwi dwa pou yo jwenn lajistis. Nan politik jistis sa a, Konsèy Siperyè Pouwa Jidisyè (CSPJ) a, Primati a, Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik, Ofis Pwoteksyon Sitwayèn ak Sitwayèn (OPC), Konsèy Depatmantal yo, Meri ak KASEK yo epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elabore epi aplike lwa sou refòm lajistis la pou sistèm enpinite, enjistis ak koripsyon an kapab fini nan peyi a ; • Pran tout dispozisyon jiridik, administratif, finansye ak teknik pou mete fen nan kesyon detansyon prevantif san limit lan ; • Ranfòse Koudapèl nan depatman yo, mete yon tribinal sivil nan chak komin ak tribinal depè nan chak seksyon kominal, bay yo mwayen ak jij konpetan epi serye pou yo ka rann jistis kòm sadwa°; • Ranfòse fonksyon komisè gouvènman a epi rann li kredib ak dinamik pou l ka vini pi efikas ; • Mete anplas mekanis pou fikse barèm pri sèvis notè, apantè, avoka, jij ak lòt oksilyè lajistis yo epi enfòm popilasyon an regilyèman sou pri sèvis sa yo, espesyalman sila k ap viv nan milye riral yo; • Pran dispozisyon pou lajistis sanksyone tout otorite Leta ki fè abi, enjistis oubyen ki nan koripsyon dapre jan lalwa mande pou sa fèt ; • Refòme Pouwa Jidisyè a, wete l anba depandans Egzekitif la ak gwo potanta yo, bay CSPJ a kad teknik konpetan ak mwayen pou l kòdone ak evalye refòm lajistis la pou pèmèt jistis la ekitab pou tout moun san paspouki, ni nan milye riral la ni nan vil yo ; • Refòme ak restriktire Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou l kapab devlope kòm sadwa refòm lajistis la nan peyi a.

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.6- Idantifikasyon ak rekonesans legal	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan idantifikasyon ak rekonesans legal, Leta dwe defini epi aplike yon politik idantifikasyon ak rekonesans legal ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn yo jwi dwa pou yo gen idantite yo, libète asosyasyon yo ak dwa pou yo genyen yon nasyonalite ak pèsonalite jiridik. Nan politik idantifikasyon ak rekonesans legal sa a, Ministè Lajistis ak Sekirite Piblik, Ministè Ekonomi ak Finans, Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal, Achiv Nasyonal, Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mete biwo etasivil nan tout seksyon kominal yo, pran tout dispozisyon pou rejis yo transfere nan tribinal Premye Enstans konsène a ak nan achiv nasyonal lè yo fini ranpli yo ; • Pran tout mezi ki nesesè pou pèmèt tout timoun, espesyalman sila yo ki nan seksyon kominal yo, jwenn bon jan batistè (akt nesans) epi pou chak batistè genyen pwòp nimewo rejis pa li ; • Aplike lwa sou patènite ak matènite reskonsab la pou paran yo rekonèt epi fè devwa yo genyen parapò a pitit yo ; • Revize sou yon baz patisipatif avan pwojè lwa kad sou asosyasyon an, vote l epi aplike l pou pèmèt òganizasyon yo jwenn rekonesans legal definitf yo ak fonksyone kòmsadwa ; • Refòme, restriktire epi dekonsantre Biwo Imigrasyon ak Emigrasyon pou pèmèt tout Ayisyen ak Ayisyèn jwenn paspò nan yon delè akseptab ; • Refòme, restriktire epi dekonsantre Ofis Nasyonal Idantifikasyon (ONI) pou pèmèt tout moun ki majè jwenn kat idantifikasyon nasyonal yo kòmsadwa, nan nan milye riral kou nan vil yo ; • Ranfòse ak restriktire ak sistèm etasivil la, ba l mwayen ak pèsònèl kalifye pou pèmèt timoun ki fèt ak moun k ap marye jwenn ak legal kòmsadwa nan milye riral kou nan vil yo ; • Enfòmatisize sistèm etasivil la menm jan ak sistèm idantifikasyon nasyonal la epi mete yo an rezo.

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.7- Enfòmasyon, kominikasyon ak patisipasyon	<p>Nan dyalòg politik ak tout aktè k ap travay nan enfòmasyon ak kominikasyon, Leta dwe defini epi aplike yon politik enfòmasyon ak kominikasyon ki pèmèt tout moun san diskriminasyon, fanm kou gason, jèn kou granmoun, men espesyalman peyizan ak peyizàn jwi dwa patisipasyon ak enfòmasyon l epi libète panse, opinyon ak lapawòl yo. Nan politik enfòmasyon ak kominikasyon sa a, Primati a, Ministè Kilti ak Kominikasyon, Ministè Travo Piblik Transpò ak Kominikasyon, Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal, Konsèy Nasyonal Telekominikasyon (CONATEL), Konsèy depatmantal, Meri ak KASEK epi tout lòt enstitisyon ki konsène yo ap gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè yon lwa daplikasyon sou dwa tout moun genyen nan popilasyon an pou jwenn enfòmasyon, dwa ki rekonèt nan Konstitisyon 1987 la ; • Fè radyo, televizyon ak journal piblik yo rive nan tout komin nan tout depatman yo epi tounen zouti ki osèvis piblik la, espesyalman popilasyon k ap viv nan milye riral yo; • Fasilite laprès pale, televize, ekri ak an liy yo pou yo ka enfòme piblik la pi byen epi devlope emisyon edikatif pou amelyore nivo enfòmasyon ak fòmasyon popilasyon an, espesyalman sila yo k ap viv nan milye riral yo ; • Pran tout dispozisyon pou tout enstitisyon Leta yo respekte libète panse, opinyon ak libète lapawòl sitwayen ak sitwayèn yo espesyalman sila k ap viv nan milye riral yo ; • Pèmèt tout popilasyon k ap viv nan milye riral kou nan vil yo jwenn enfòmasyon sou tout gwo desizyon Leta pran ; • Kreye yon mekanis pou kontwòle pi byen sèvis ak pri tout operatè telefòn ak entènèt yo ; • Bay popilasyon an regilyèman tout enfòmasyon ki nesèsè sou fonksyonman Leta santral, kolektivite teritoryal yo ak sou gwo pwoblèm peyi a ap konfwonte ; • Kreye kannal ak mekanis pou tout popilasyon an, espesyalman sila yo ki nan milye riral la ak nan katye yo, patisipe nan tout gwo desizyon k ap pran ki gen yon enterè nasyonal, depatmantal ak lokal ; • Oganize regilyèman eleksyon onèt, kredib, patisipatif nan kadans Konsitasyon 1987 la prevwa epi asire eleksyon sa yo demokratik ak transparan pou garanti respè vòt pèp la ; • Oganize eleksyon yo sou yon baz nasyonal ak souvren ak pwòp mwayen peyi a pou anpeche peyi etranje foure bouch yo nan zafè nasyon an ;

- Prepare yon lwa epi aplike pou ankouraje devlopman, ranfòsman ak reglemantasyon milye asosyatif la nan peyi a ;
- Revize lwa sou òganizasyon ak pati politik yo, regularize kondisyon egzistans, estriktirasyon ak fonksyonan yo pou yo kapab entegre pi byen popilasyon an epi mete yo osevis li.



Atelye travay sou revandikasyon yo pandan Fowòm validasyon Kaye Nasyonal la

Sektè aktivite	Revandikasyon politik yo
5.4.8- Dwa granmoun peyi a	<p>Nan dyalòg politik ak prensipal aktè nan tout sektè nan lavi nasyonal la, Leta dwe defini epi aplike yon politik pou rekipere dwa granmoun peyi a ki pèmèt pèp ayisyen jwi dwa chèmèt chèmetrès li epi peyi a rejwenn souvrènte nasyonal ak popilè l. Nan politik pou rekipere dwa granmoun peyi a, Pouvwè Ekzekitif la, Pouvwè Lejislatif la, Pouvwè Jidisyè a ak Kolektivite Teritoryal yo epi tout lòt kò Leta ki konsène yo gen obligasyon pou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Òganize yon seri woumble nasyonal sou dwa granmoun peyi a pou defini epi aplike yon estrateji pou Ayiti soti anba dominasyon pisans etranje ; • Defini ak patisipasyon tout fòs sosyal yo epi aplike yon ansanm refòm ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl pou mete fen nan sistèm peze souse enjis k ap kale mizè ak dezolasyon nan peyi a ; • Defini ak patisipasyon tout fòs sosyal yo epi aplike yon estrateji pou retire administrasyon piblik la anba kontwòl gwo potanta ak pisans etranje yo ; • Devlope relasyon diplomatik ak lòt peyi osnon enstitisyon entènasyonal yo sou yon baz egalego nan respè dwa granmoun peyi a ; • Refòme, restriktire epi ranfòse Ministè Afè Etranjè ak Kilt ak Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn pou pèmèt yo devlope relasyon diplomatik ak relasyon koperasyon ki chita sou respè dwa granmoun peyi a, solidarite entènasyon ak rapò echanj komèsyal oswa kiltirèl egalego.

6 | Estrateji mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon peyizànri a

Delege Komite Kòdinasyon ak Swivi (KOKS) kaye gran Nò, gran Sid ak rejyon Lwès-Sant, ki te patisipe nan atelye konsètasyon pou bati kaye nasyonal la, nan mwa fevriye 2018, te rekonèt pledwaye pou defann kaye nasyonal revandikasyon an pap abouti si li pa makonnen ak yon pwosesis konsyantizasyon, òganizasyon ak mobilizasyon ki chita sou yon demach aksyon-refleksyon-aksyon. Pou delege KOKS rejyonal yo, se tout yon pwosesis konsètasyon, kòdinasyon ak mobilizasyon òganizasyon peyizan yo k ap fè Leta pran kaye nasyonal revandikasyon an oserye epi santi l oblije ba yo repons. Pwosesis sa dwe fèt nan pataj lide ant òganizasyon peyizan yo, antant ant yo, nan devlope alyans ak lòt òganizasyon sosyal, lòt enstitisyon ak òganizasyon politik pwogresis konsekan, pou mennen aksyon ansanm e an menm tan.



13 Manb Komite Nasyonal Kòdinasyon ak Swivi Kaye revandikasyon peyizan yo

Nan sans sa a, estrateji mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an ap demare ak yon travay konsyantizasyon ak estriktirasyon, pase nan devlopman alyans ak lòt aktè nan mouvman sosyo yo, pou rive nan dyalòg politik ak negosyasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an ak aktè politik yo epi otorite Leta yo. Dapre delege KOKS rejyonal yo devlopman estrateji mobilizasyon ak pledwaye ap pran anviwon 3 a 5 lane anvan yo rive nan etap dyalòg politik ak negosyasyon sou kaye nasyonal la.

6.1- Konsyantizasyon òganizasyon peyizan yo sou kaye nasyonal revandikasyon an

6.1.1- Travay konsyantizasyon òganizasyon peyizan yo sou kaye a nan tout departman yo

Nan peyi d Ayiti genyen 4 gran kategori òganizasyon peyizan : 1) òganizasyon tradisyonèl travay yo tankou konbit, eskwad, sori, ranpono, kòve, elatriye ; 2) òganizasyon peyizan k ap travay nan filyè agrikòl yo ; 3) òganizasyon peyizan k ap fè pwojè devlopman nan kominote yo ; 4) òganizasyon peyizan revandikatif yo. Men sa pa anpeche genyen òganizasyon peyizan ki travay sou filyè agrikòl ak pwojè devlopman epi genyen lòt ki pandan y ap fè pwojè devlopman, yo travay tou sou filyè epi mennen revandikasyon sou pwoblèm peyizànri a.

Kaye nasyonal revandikasyon an ap vin reprezante dizon majorite peyizànri a, lè òganizasyon peyizan nan divès kategori sa yo, nan tout komin peyi a, apwopriye yo kaye a epi enplike yo nan mobilizasyon ak pledwaye sou li. Pou rive nan sitiyan sa a fòk genyen yon gwo travay konsyantizasyon sou kaye a depi seksyon kominal yo rive nan departman yo.

Delege Komite Kòdinasyon ak Swivi (KOKS) kaye rejyonal yo mete yo dakò pou apre lansman kaye nasyonal la, òganize nan chak departman yon rankont ak tout òganizasyon peyizan ki te patisipe nan bati kaye nasyonal la pou prepare travay konsyantizasyon sou kaye a. Nan rankont departmantal preparasyon travay konsyantizasyon an delege yo ap gen pou antann yo sou :

1. Idantifikasyon, nan chak seksyon kominal, òganizasyon peyizan nan 4 gran kategori sa yo ki dwe konsyantize sou kaye nasyonal la ;
2. Chwa òganizasyon peyizan, pami sa ki te patisipe nan bati kaye a, k ap genyen pou mennen travay konsyantizasyon sa a nan chak seksyon kominal nan departman an ;
3. Demach ak teknik animasyon pou fè travay konsyantizasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an ;
4. Dire tan ak kalandriye pou rive fè travay konsyantizasyon an nan tout seksyon kominal nan departman an.

KOKS kaye rejyonal yo ap gen pou kòdone rankont preparasyon konsyantizasyon an nan departman ki nan rejyon an. KOKS kaye nasyonal la, ak apui PAPDA epi lòt gwo mouvman òganizasyon peyizan, ap prepare yon sipò materyèl senp pou travay konsyantizasyon an.

A- Nan nivo seksyon kominal yo, konsyantizasyon an ap plis fèt sou baz sansibilizasyon plizyè òganizasyon nan divès gran kategori yo, sou : 1) enpòtans kaye nasyonal revandikasyon an ak defi ki gen ladan li; 2) nannan kaye a ; 3) chwa 2 delege seksyon pou ale nan yon atelye fòmasyon nan nivo awondisman an sou kaye revandikasyon an. Yon evalyasyon dwe fèt apre chak rankont sansibilizasyon. KOKS kaye nasyonal la ap prepare yon fòmilè pou evalyasyon yo.


B- Nan nivo awondisman yo, konsyantizasyon an ap fèt nan kad yon atelye fòmasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an. Se manm KOKS kaye rejyonal nan depatman an k ap prepare ak anime atelye fòmasyon sou kaye revandikasyon nasyonal la. KOKS kaye nasyonal la ap apiye yo nan preparasyon atelye awondisman an. Rankont atelye fòmasyon yo ap fèt pandan yon jounen ak delege diferan seksyon yo. Atelye fòmasyon nan awondisman yo ap gen pou travay sou pwèn sa yo : 1) revandikasyon nan 4 domèn yo ; 2) estrateji mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal la ; 3) chwa 4 delege, ki soti nan diferan komin, pou ale patisipe nan yon rankont depatmantal sou apwobasyon kaye nasyonal revandikasyon an. Yon evalyasyon dwe fèt apre chak atelye fòmasyon yo. Delege yo dwe fè restitasyon atelye fòmasyon an nan seksyon pa yo chak.

C- Nan nivo depatman an, konsyantizasyon an ap pran fòm apwobasyon kaye nasyonal la ak preparasyon mobilizasyon ak pledwaye sou li. Se KOKS rejyonal ak apui KOKS nasyonal k ap prepare epi anime rankont depatmantal sou kaye a. Nan rankont depatmantal yo deba ap fèt epi desizyon ap pran sou pwèn sa yo : 1) apwobasyon kaye nasyonal revandikasyon an ; 2) aterisaj mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an nan depatman an ; 3) mete anplas yon Komite mobilizasyon ak pledwaye depatmantal (KMPD) sou kaye a.

KMPD (Komite mobilizasyon ak pledwaye depatmantal) a ap genyen menm kantite manm ak komin ki gen nan depatman an. Pou garanti kontinite, li enpòtan pou manm KOKS rejyonal ki pi aktif nan depatman an rekondwi nan KMPD a.

Pwosesis travay konsyantizasyon sa a nan depatman kapab bezwen youn (1) a de (2) lane pou li fèt byen, san kouri prese. Pou rive asire enplikasyon tout aktè peyizan yo nan tout komin nan peyi a nan travay mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an li enpòtan pou konsyantizasyon an fèt ak metòd toupatou, san voye monte !

Chapant òganizasyon nan etap konsyantizasyon an



6.1.2- Estriktirasyon mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an

Pandan travay konsyantizasyon òganizasyon peyizan yo, KOKS nasyonal la ansanm ak PAPDA ap gen pou mennen yon pwosesis diskisyon ak mouvman peyizan nasyonal ak rejyonal yo pou jwenn yon antant ak yo sou kijan y ap pote ansanm mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an. Se vre pou bati

kaye a mouvman tankou TK, MPP, KROS, MPNKP ak lòt te pote gwo konkou, men pwosesis diskisyon sa a dwe fèt ak direksyon mouvman sa yo menm. KOKS nasyonal la gen pou chache idantifye ki lòt mouvman ki genyen nan peyi a, pou entegre yo nan diskisyon yo. Pwosesis diskisyon an dwe dewoule sou pwen sa yo : 1) kòman mouvman yo ap fè kaye nasyonal la tounen zouti pa yo depi nan direksyon rive nan baz ; 2) apwi ak enplikasyon mouvman yo nan mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an ; 3) apwi ak enplikasyon mouvman yo nan dyalòg politik ak negosyasyon sou kaye nasyonal la.

Pandan diskisyon KOKS nasyonal la ak mouvman peyizan yo, KMPD yo ap mete kanpe, sou yon baz demokratik ak patisipatif, nan chak komin ki nan depatman pa yo a yon Komisyon mobilizasyon ak pledwaye kominal (KMPK). KMPK ap genyen yon manm pou chak seksyon kominal ki nan komin lan.


Lè KMPK fini kanpe epi byen konprann travay yo, premye bagay y ap genyen pou fè se ale monte, sou yon baz demokratik ak patisipatif, yon Komisyon mobilizasyon ak pledwaye seksyon kominal (KMPSK). KMPSK yo ap genyen yon manm pou chak gwo bitasyon ak katye ki genyen nan seksyon kominal la.

Pou asire kontinite ak bon konpreyansyon travay mobilizasyon ak pledwaye, li enpòtan nan mete anplas KMPK ak KMPSK pou manm yo chwazi pami delege ki te ale patisipe nan atelye fòmasyon nan awondisman yo epi pami delege ki te patisipe nan rankont depatmantal pou apwobasyon kaye nasyonal revandikasyon an.

Se KOKS nasyonal la ak mouvman peyizan rejyonal oswa nasyonal yo k ap mete kanpe Komite mobilizasyon ak pledwaye nasyonal (KMPN) la. Pou sa yo genyen pou defini : 1) ki reprezantasyon KMPD yo ap genyen nan KMPN la, 2) modalite pou mete anplas KMPN la; 3) modalite fonksyonman KMPN la.

Estrikti mobilizasyon ak pledwaye sou kaye a kit nan nivo seksyon kominal (KMPSK), kit nan nivo kominal (KMPK), nan nivo depatmantal (KMPD) ak nasyonal (KMPN) genyen menm manda : 1) devlope alyans ak lòt aktè sou kaye nasyonal la ; 2) fè pwomosyon kaye a ; 3) prepare, kòdone ak reyalize mobilizasyon ak pledwaye sou kaye a ; 4) prepare, kòdone ak mete anplas komisyon dyalòg politik ak negosyasyon yo. Chak nivo estrikti sa yo gen pou ranpli manda a nan espas pa yo.

Chapant òganizasyon nan etap mobilizasyon-pledwaye



6.2- Devlopman alyans ak lòt aktè konsekan nan peyi a sou kaye nasyonal revandikasyon an

Pou rive fè mobilizasyon ak pledwaye pou kaye nasyonal revandikasyon an vanse, li nesèsè pou alyans devlope ak lòt aktè ki ka pote kontribisyon pa yo. Nan sans sa a genyen 2 nivo alyans ki enpòtan : 1) alyans ak lòt aktè nan milye riral yo ; 2) alyans ak lòt aktè nan vil yo. Kapab genyen lòt tip aktè enpòtan ki pa site la a.

6.2.1- Alyans ak aktè nan milye riral yo

Nan milye riral yo genyen plizyè lòt tip òganizasyon pou chita pale fèt ak yo sou kaye a epi rive nan akò ak yo pou mennen konba pou kaye nasyonal la ansanm. Pami lòt tip òganizasyon sa yo genyen : 1) òganizasyon jèn yo ; 2) òganizasyon pwofesè lekòl yo ; 3) òganizasyon fanm yo ; 4) òganizasyon atizan yo ak lòt metye ; 5) òganizasyon nan sektè relijye yo tankon vodouyizan, katolik ak pwotestan yo. Kapab genyen lòt tip òganizasyon ki pa site la a.

KMPSK yo gen pou idantifye epi mennen diskisyon ak òganizasyon nan diferan tip sa yo. Diskisyon sa yo ap fèt sitou sou : 1) kòman dwa ak enterè manm òganizasyon sa yo pwoteje nan kaye nasyonal la ; 2) kòman òganizasyon sa yo kapab pote konkou nan konba pou kaye nasyonal revandikasyon an. KMPN lan dwe prepare yon sipò materyèl senp pou mennen diskisyon sou alyans yo.

Lè diskisyon nan nivo seksyon kominal yo avanse ak divès tip òganizasyon sa yo, KMPK ansanm ak KMPD gen pou anvizaje si se nan nivo komin oubyen awondisman y ap fè rankont ak reprezantan (fanm kou gason) divès tip òganizasyon sa yo, pou fè akò ak yo pou make alyans pou konba sou kaye nasyonal revandikasyon an. Li enpòtan pou akò ak aktè nan milye riral yo fèt sou yon baz fòmèl epi ekri. Konsa angajman an ap klè pandan tout dire akò a.

KMPN lan genyen pou prepare modèl akò ki gen pou siyen ak aktè nan milye riral kou nan vil yo.

6.2.2- Alyans ak lòt aktè nan vil yo

Nan vil yo genyen plizyè tip òganizasyon pou chita pale fèt ak yo sou kaye revandikasyon an tankou : 1) òganizasyon popilè nan katye popilè yo ; 2) sendika ak asosyasyon sosyo pwofesyonèl yo ; 3) ONG lokal yo ak òganizasyon dwa moun ki konsekan yo ; 4) enstitisyon k ap akonpaye mouvman popilè a ; 5) òganizasyon jèn ak òganizasyon etidyan yo ; 6) òganizasyon fanm yo.

Menm jan pou òganizasyon nan milye riral yo, KMPK gen pou chache idantifye òganizasyon lavil nan diferan tip sa yo. Mennen pwosesis rankont ak yo sou defi kaye a genyen ladan l, sou enterè yo ki nan kaye a epi sou patisipasyon yo nan konba pou fè revandikasyon kaye a vanse nan peyi a. KMPK ak KMPD gen pou gade ansanm kijan rankont pou make akò alyans ak divès tip òganizasyon lavil sa yo ap gen pou fèt. Li enpòtan pou akò ak aktè nan vil yo fèt sou yon baz fòmèl epi ekri. Konsa angajman an ap klè pou tout moun pandan tout dire akò a.

KMPD yo dwe evalye regilyèman kijan pwosesis alyans sa yo ap devlope ni nan nivo milye riral yo kou nan vil yo.

6.3- Pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan yo

Pou pèmèt tout popilasyon nan chak depatman yo konprann demach la, pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon an dwe fèt kòm sadwa. Objektif travay pwomosyon an, se fè opinyon piblik la ak tout lòt sektè

nan sosyete a byen konprann : 1) ki danje ki genyen si sitiyaasyon milye riral la kontinye rete konsa ; 2) ki sa peyizànri a vize nan batay pou jwenn satisfaksyon revandikasyon ki nan kaye a ; 3) jan revandikasyon ki nan kaye a kòrèk ; 4) makònay ki genyen ant revandikasyon òganizasyon peyizan yo ki nan kaye a ak revandikasyon diferan kategori sosyal nan klas popilè lavil yo ; 5) kouman òganizasyon peyizan yo konte sou apui tout lòt sektè sosyal yo pou ede yo batay pou jwenn satisfaksyon revandikasyon ki nan kaye nasyonal la.

Kòdinasyon pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon an ap sou reskonsablite KOKS rejyonal yo ak nasyonal la nan yon premye tan epi apre se KMPD ak KMPN k ap pran li an men. Travay fè pwomosyon kaye nasyonal la sou teren an, nan nivo seksyon kominal ak nivo kominal, ap sou reskonsablite KMPSK ak KMPK yo.

6.3.1- Antant ak estrikti kominikasyon kominotè yo sou pwomosyon kaye nasyonal revandikasyon an

KOKS kaye nasyonal la ap mennen yon pwosesis diskisyon ak estrikti kominikasyon kominotè tankou SAKS ak REFRAKA pou ede yo tabli yon plan pwomosyon, prepare zouti pou fè pwomosyon an epi fè fòmasyon enstans ki enplike nan pwomosyon an. Si manda KOKS kaye nasyonal la rive nan bout li pandan diskisyon sa yo, se KMPN lan k ap pran larelev.

Pwosesis diskisyon ak estrikti kominikasyon kominotè yo dwe abouti nan yon akò ekri ki presize : 1) kijan kolaborasyon an ap mache ; 2) gran liy plan pwomosyon an ; 3) lis zouti y ap ede prepare pou pwomosyon an ; 3) kijan y ap fè fòmasyon akonpayman pou pwomosyon an. Akò a ap mache ak yon kalandriye sou aplikasyon l.

6.3.2- Òganizasyon pwomosyon kaye nasyonal la

Apre akò ak estrikti kominikasyon kominotè yo, KOKS kaye nasyonal oswa KMPN ap fè yon rankont travay ak delege KMPD nan tout depatman ki reskonsab kesyon sa a, pou prepare pwomosyon kaye a nan tout peyi a. Nan rankont travay sa a y ap fè deba epi pran desizyon sou pwosesis sa yo : 1) kijan pwomosyon an ap fèt nan laprès ; 2) kijan l ap fèt nan lye rasanbleman piblik yo ; 3) kijan l ap fèt nan rezo sosyo yo ; 4) Kòman pwomosyon an ap fèt nan nivo nasyonal, depatman, komin, katye ak seksyon kominal yo°; 5) ki materyèl k ap sèvi pou fè pwomosyon nan chak nivo sa yo°; 6) ki reskonsablite KMPSK, KMPK, KMPD ak KMPN nan travay pwomosyon an.

Travay pwomosyon kaye nasyonal la dwe kontinye san rete, jouk revandikasyon nan kaye a rive jwenn repons. Pwomosyon an dwe fèt yon fason pou popilasyon an apwopriye l revandikasyon ki nan kaye nasyonal la epi rive wè se wout kaye a trase a k ap mennen yon chanjman reyèl nan milye riral yo.

6.4- Mobilizasyon ak pledwaye sou kaye nasyonal revandikasyon an

6.4.1- Mobilizasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an

Se nan demach batay pou kaye nasyonal revandikasyon an, peyizànri a ap prepare tèt li pou pran an men pwoteksyon ak defans dwa ak enterè li yo. Pwosesis mobilizasyon pou kaye nasyonal revandikasyon an ap long epi ap genyen anpil obstak sou wout li. Sa mande yon bon travay preparasyon mobilizasyon yo ak tout òganizasyon peyizan ki enplike nan demach la pou yo pa kite ni detèminasyon yo, ni kouraj yo febli, anvan yo jwenn satisfaksyon revandikasyon ki nan kaye a nan divès domèn ak sektè aktivite yo.

KMPN ak KMPD yo dwe fè plizyè rankont pou defini estrateji k ap devlope ak aksyon k ap mennen nan mobilizasyon sou kaye nasyonal la nan nivo seksyon, katye, komin, depatman ak nasyonal. Mobilizasyon sou kaye nasyonal la dwe kontinye fèt san rete jouk yo rive nan negosyasyon ak aktè politik epi otorite Leta yo. Mobilizasyon an kapab pran plizyè fòm diferan an fonsksyon chak rejyon epi fòs òganizasyon peyizan yo ak alye yo nan depatman yo.

6.4.2- Pledwaye bò kote aktè politik yo ak otorite Leta yo

Li enpòtan pou pa genyen konfizyon ki fèt ant mobilizasyon ak pledwaye. Mobilizasyon an se peyizànri a ak alye li yo k ap mennen divès fòm aksyon pou montre detèminasyon yo pou defann dwa ak enterè yo ki nan kaye revandikasyon an. Pledwaye a se pwosesis echanj ak aktè politik yo epi otorite Leta yo pou konvenk yo sou karaktè lejitim revandikasyon yo ak sou nesosite pou Leta satisfè yo nan defini ak aplike politik piblik ak pwogram piblik ki koresponn ak dwa epi enterè estratejik peyizànri a. Youn mache ak lòt men yo pa menm. Si pa gen mobilizasyon otorite yo pap okipe revandikasyon yo !

Pou kondwi pwosesis pledwaye a sou kaye nasyonal la fòk nan preparasyon an nou defini : 1) objektif pledwaye a; 2) lis agiman ki demontre revandikasyon ki nan kaye korèk epi lejitim ; 3) lis aktè politik ak otorite Leta pledwaye ap touche ; 4) demach pou defann kaye nasyonal revandikasyon an devan aktè politik ak otorite yo.

Pou prepare agimantè ak demach pou defann kaye a devan otorite yo, PAPDA ak lòt alye nan vil yo, ki genyen eksperyans nan pledwaye, kapab bay yon gwo konkou nan sans sa a. KMPD yo ak KMPN la dwe fè rankont pou prepare pwosesis pledwaye a nan nivo lokal, depatmantal ak nasyonal. Genyen nesosite pou yon travay fòmasyon fèt ak moun ki pral fè pledwaye yo.

Pledwaye nan nivo lokal yo ap fèt bò kote ASEK, KASEK, Konsèy kominal, Depite yo ak otorite administrasyon dekonsantre nan nivo komin yo, elatriye. Se KMPK yo k ap kòdone epi devlope pledwaye nan nivo komin yo epi KMPSK yo nan nivo seksyon kominal yo.

Pledwaye nan nivo depatmantal yo ap fèt bò kote Asanble Depatmantal, Konsèy Depatmantal, Delegasyon yo, Direksyon depatmantal ministè yo, Senatè yo, elatriye. Se KMPD yo k ap kòdone epi devlope pledwaye nan nivo depatman yo.

Pledwaye nan nivo nasyonal la ap fèt bò kote responsab nan 3 pouvwa Leta yo : Ekzekitif, Palman ak Pouvwa Jidisyè. Nan nivo nasyonal kapab genyen nesosite pou pledwaye a fèt bò kote responsab antite otonòm Leta yo. Se KMPN la k ap kòdone ak devlope pledwaye nan nivo nasyonal la.


6.5- Dyalòg politik ak negosyasyon sou kaye nasyonal revandikasyon an

Pandan pledwaye a ap vanse, KMPD yo ak KMPN la ap rankontre pou prepare dyalòg politik ak aktè politik oubyen ekonomik yo epi negosyasyon ak 3 pouvwa Leta yo sou kaye nasyonal revandikasyon an. Nan etap mobilizasyon-pledwaye n ap chache enfluyans aktè politik ak otorite yo pou fè yo konprann ak aksepte revandikasyon yo lejitim. Alòske, nan faz dyalòg ak negosyasyon politik n ap chache jwenn antant ak aktè politik epi otorite yo sou jan Leta dwe chanje politik ak pwogram piblik yo pou satisfè revandikasyon yo. Sa a, se faz ki pi delika nan pwosesis batay pou jwenn repons sou kaye a. Genyen oubyen pèdi batay la ap depann sou kijan faz sa a mennen.

KMPN ak KMPD yo nan tèt kole ap mete anplas yo Komisyon dyalòg politik ak negosyasyon (KDPN) pou jwe wòl sa a. KDPN la kapab genyen kèk manm KMPD ak KMPN epi manm kèk alye ladan l men li pa dwe genyen plis pase 13 manm. KDPN la ap travay sou direksyon KMPN lan. Nan sans sa a li pa dwe fè okenn akò nan dyalòg oswa negosyasyon yo san konsantman KMPN lan. Fòk moun ki pral nan KDPN pou mennen dyalòg oswa negosyasyon yo byen chwazi. Fòk yo byen konprann epi metrize sa yo gen pou fè a. Fòk se moun ki genyen konviksyon ak gwo angajman nan kòz defans dwa ak enterè peyizànri a.

Ni anvan ni pandan faz dyalòg politik ak negosyasyon yo fòk KMPN lan kenbe yon bon nivo kominikasyon ak KMPD yo. Menm jan tou fòk genyen yon bon ale vini nan pataj enfòmasyon ant KMPD yo ak KMPK epi KMPSK yo. Se echanj entèn sa yo k ap pèmèt : lyen yo pi sere ant divès nivo yo, kenbe vijilans sou pwopozisyon tèt chat zòt ap pote devan nou epi rive fè akò ki nan avantaj dwa ak enterè tout peyizànri a ak milye riral yo.

Chapant òganizasyon nan etap dyalòg politik ak negosyasyon



PAPDA ak alye nan nivo lavil yo, ki gen eksperyans nan kesyon dyalòg politik ak negosyasyon, kapab pote gwo apwi nan preparasyon ak devlopman estrateji pou faz sa a.

Jan sa te di nan kòmansman an, devlopman estrateji mobilizasyon ak pledwaye ap pran anviwon 3 a 5 lane anvan li rive nan faz dyalòg politik ak negosyasyon. Kidonk se pa ni ane sa a ni lane pwochen n ap rive nan faz sa a. N ap genyen ase tan pou prepare faz dyalòg politik ak negosyasyon an. Sa ki enpòtan fòk nou ranmase anpil eksperyans ak enfòmasyon nan faz konsyantizasyon, mobilizasyon ak pledwaye a pou nou kapab byen prepare dyalòg politik ak negosyasyon an.

Ayiti pap chanje tout bon vre ni li pap rejwenn dwa granmoun li si pa genyen dyalòg politik ak negosyasyon ant tout klas sosyal yo, sitou sila yo ki nan opozisyon youn ak lòt yo ! Men dyalòg politik ak negosyasyon sa yo dwe fèt sou baz rekonesans ak respè dwa tout moun nan tout klas sosyal. Akò politik ki soti nan pwosesis negosyasyon sa yo dwe pèmèt tabli politik ak pwogram piblik ki pa konsidere enterè klas dominant yo sèlman men ki chita sou respè enterè estratejik klas popilè lavil kou nan milye riral yo.

Anèks³³ kaye nasyonal revandikasyon òganizasyon peyizan ayisyen yo

A₁ - Ranmase an kreyòl Deklarasyon sou dwa peyizan/peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral yo

Deklarasyon an vote nan Konsèy Dwa Moun Nasyon Zini nan mwa septanm 2017³⁴. Deklarasyon an genyen 3 pati : 1) Pou kòmanse deklarasyon an, 2) Definisyon ak prensip fondamantal yo, 3) Dwa fondamantal peyizan, peyizàn yo. Men yon rezime deklarasyon sou prensipal dwa ak libète peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral.

Pou kòmanse deklarasyon an

Konsèy Dwa Moun Nasyon Zini an fè yon bann konsiderasyon epi prezante tout preyoqipasyon li genyen pou jistifye deklarasyon dwa peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral.

Pati I - Definisyon ak prensip fondamantal yo

Atik 1 - Definisyon peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral

Nan deklarasyon sa a, peyizan, peyizàn vle di gason oubyen fanm ki angaje l oswa k ap chache angaje l nan pwodiksyon agrikòl pou asire sibzistans li oswa pou fè komès epi ki chita sitou, men pa nesèsèman, sou travay fanmi l ak sou echanj travay. Definisyon sa a, valab tou pou peyizan ak peyizàn san tè yo ak ouvriye agrikòl yo.

Atik 2 - Obligasyon Leta yo

Leta yo dwe respekte, pwoteje epi kreye kondisyon pou pèmèt peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo jwi dwa yo, ni sou teritwa, ni andeyò teritwa yo. Leta yo dwe pran mezi lejislatif, adminis-

³³Anèks : Lòt dokiman ki te sèvi nan preparasyon kaye nasyonal revandikasyon an oubyen ki makonnen ak li

³⁴Deklarasyon sa a adopte nan Konsèy Dwa Moun ONU men li poko yon enstriman jiridik entènasyonal ki gen fòs lalwa. L ap rive nan estad sa a, lè Asanble Jeneral Nasyon Zini vote l ak lè li jwenn ratifikasyon yon ansanm Leta manm Nasyon Zini, sa ki ta sipoze fèt nan lane 2018 la.

tratif ak lòt mezi ki nesèsè pou asire firamezi peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan milye riral jwi tout aspè nan dwa ki nan deklarasyon sa a ki pa kapab garanti touswit.

Atik 3 - Diyite, egalite ak non diskriminasyon

Peyizan, peyizàn yo ak tout lòt moun k ap travay nan zòn riral yo egalego ak tout lòt moun, ni nan diyite, ni nan dwa. Yo dwe jwi nètalkole tout dwa Nasyon Zini rekonèt yo ak tout lòt dwa ki nan lòt enstriman jiridik entènasyonal yo.

Leta yo dwe pran mezi nan poze aksyon pozitif pou diminye ak elimine kondisyon ki fè oswa ki ankouraje pèsistans diskriminasyon kont peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo.

Atik 4 - Egalite ant moun ki gen sèks diferan yo

Leta yo dwe pran tout mezi ki nesèsè pou akselere egalite ant fanm ak gason, pou asire san gade dèyè emansipasyon, pwomosyon ak otonomi fanm yo nan objektif pou garanti ekzèsis ak jwisans dwa ki enskri nan deklarasyon sa a ak nan lòt enstriman jiridik entènasyonal yo.

Atik 5 - Dwa souvrènte sou resous natirèl yo, dwa devlopman ak dwa souvrènte alimantè osnon dwa granmoun nan zafè lamanjay

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa souvrènte sou resous natirèl ki nan kominote yo. Yo gen pouvwa pou jere ak kontwole resous sa yo epi pwofite avantaj devlopman ak konsèvasyon yo ofri. Yo gen dwa deside bay oubyen pa bay dwa pou itilize resous sa yo. Yo gen dwa genyen tou yon patisipasyon ki jis ak ekitab nan avantaj ki soti nan itilizasyon resous sa yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa souvrènte alimantè yo, ki vle di dwa granmoun yo nan zafè lamanjay. Souvrènte alimantè a, se dwa pèp yo genyen pou jwenn manje kòrèk, manje ki koresponn ak kilti yo, manje ki pwodui ak metòd ki jis sou plan sosyal epi ki respekte anviwònman an. Souvrènte alimantè a mache ak dwa pèp yo genyen pou defini pwòp sistèm alimantè ak agrikòl yo epi patisipe nan desizyon k ap pran ki konsène sistèm sa yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa defini epi tabli priyorite ak estrateji yo pou asire devlopman tèt yo.

Pati II - Dwa fondalnatal peyizan/peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan milye riral yo

Atik 6 - Dwa fanm riral yo

Leta yo ap pran tout mezi nesèsè pou elimine diskriminasyon kont fanm peyizàn ak fanm k ap travay nan zòn riral yo. Dapre prensip egalite ant fanm ak gason, Leta yo dwe veye, pou fanm peyizàn ak fanm k ap travay nan zòn riral yo gen posiblite chwazi nan tout libète sitiyoasyon politik yo vle epi aji nan tout libète pou asire, patisipe ak benefisyè devlopman ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo. Anpatikilye, Leta yo dwe veye pou fanm peyizàn ak fanm k ap travay nan zòn riral yo jwi tout dwa yo nan tout nivo nan lavi yo.

Atik 7 - Dwa pou gen lavi, libète ak sekirite fizik ak pèsònèl

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral gen dwa pou gen lavi san sibi okenn atak ni nan kò yo, ni nan mantal yo, menm jan tou nan libète ak sekirite yo. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap

viv nan zòn riral yo pa dwe sibi arestasyon ak detansyon gwo ponyèt, ni yo pa dwe sibi vyolans fizik oubyen mantal (tòti) pou fè yo avwe yon bagay, ni yo pa dwe sibi move trètman oswa pèn sovaj ak degradan. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap viv nan zòn riral yo pa dwe sibi ni esklavaj, ni kontrent, ni nan sitiyaasyon restavèk, ni nan sitiyaasyon depandans total.

Atik 8 - Dwa pou gen nasyonalite ak pèsonalite jiridik

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa tout kote yo ye pou yo rekonèt pèsonalite jiridik yo (yon non, yon adrès, batistè, sètifika desè). Yo gen dwa pou fè afè ak devwa pou peye enpo. Fanm peyizàn yo ak lòt fanm k ap travay nan zòn riral yo gen menm dwa ak gason pou pran, chanje oswa kenbe nasyonalite yo.

Atik 9 - Libète sikilasyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou sikile ak rezide libelibè anndan teritwa Leta kote y ap travay la. Yo gen dwa tou pou retounen nan peyi yo. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa chwazi, libelibè lye kote y ap rete oswa kite tout peyi kote y ap viv, menm peyi kote yo fèt la.

Atik 10 - Libète panse, opinyon ak lapawòl

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa libète panse, konsyans, relijyon, opinyon, lapawòl ak reyinyon pasifik yo. Yo gen dwa eksprime opinyon yo nan tradisyon ak kilti yo. Yo menm gen dwa pou fè reklamasyon, petisyon, mobilizasyon nan nivo lokal, rejyonal, nasyonal ak entènasyonal.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa, pou kont yo oubyen an gwoup, pou eksprime yo nan koutim yo, nan lang yo, nan kilti yo, nan relijyon yo, nan literati ak atizana lokal yo. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo kapab patisipe nan manifestasyon pasifik pou goumen kont vyolasyon dwa ak libète fondanatal yo.

Atik 11 - Libète asosyasyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa antre oswa fòme asosyasyon ak lòt fòm regwoupman ak travayè -fanm kou gason-, nan sektè endistriyel oubyen nan lòt sektè fòmèl yo. Yo pa dwe mete yo sou kote (ekate yo) nan kòd travay la ak nan lòt enstriman jiridik ki koresponn ak sitiyaasyon yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa mete kanpe oswa antre nan òganizasyon, sendika, koperativ oubyen tout lòt òganizasyon osnon asosyasyon ki nan chwa yo epi ki la pou defann dwa ak enterè yo.

Atik 12 - Dwa patisipasyon ak pou jwenn enfòmasyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou patisipe aktivman, libelibè, epi kòrèkteman swa an dirèk swa atravè òganizasyon yo, nan preparasyon, ekzekisyon ak evalyasyon politik piblik, pwogram ak pwojè ki kapab afekte lavi yo, tè yo ak mwayen sibzistans yo.

Yo gen dwa chache, resevwa, prepare ak difize enfòmasyon. Leta yo dwe veve pou peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo patisipe nan pwosesis desizyon sou rechèch syantifik ak pwodiksyon metòd oubyen teknik ki nouvo yo (inovasyon).

Atik 13 - Dwa pou jwenn enfòmasyon sou kesyon pwodiksyon, komèsyalizasyon ak distribisyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou yo jwenn yon enfòmasyon konplè, transparan, nan tan ki nesèsè sou tout sa ki ka afekte pwodiksyon, transfòmasyon, komèsyalizasyon ak distribisyon pwodui yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou yo jwenn yon sistèm evalyasyon ekitab epi san paspouki sou kalite pwodui yo nan nivo lokal, nasyonal ak entènasyonal.

Atik 14 - Dwa pou jwenn lajistis

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa jwenn pwosedi jis ak ekitab pou regle kont ki gen nan mitan yo epi pou yo jwenn desizyon an rapidman. Leta yo dwe mete enstans jidisyè ak administratif ki konpetan epi ki pa nan paspouki pou garanti peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo jwenn jistis san diskriminasyon. Leta dwe respekte epi fè pwomosyon apwòch ki chita sou abitud ak koutim peyizan, peyizàn yo konn itilize pou rezoud konfli yo yon jan ki an dyapazon ak dwa moun yo. Peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa jwenn asistans jiridik. Leta yo dwe ranfòse manda ak fonksyonman enstitisyon nasyonal dwa moun yo nan zòn riral yo.

Atik 15 - Dwa pou jwenn travay

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou yo jwenn travay, ki gen ladan l dwa pou chwazi libelibè jan yo vle travay pou repwodwi lavi yo. Leta yo dwe devlope yon anvivonman ki favorab pou kreye opòtinite travay ki pèmèt peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo genyen yon nivo lavi ki aseptab.

Leta yo dwe siveye respè lwa travay yo nan milye riral yo nan bay mwayen nesèsè pou garanti bon fonksyonman enspeksyon travay. Leta yo dwe pran mezi nesèsè, nan tèt kole ak peyizan, peyizàn yo ansanm ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo oubyen òganizasyon ki reprezante yo, pou pwoteje yo kont eksplwatasyon ekonomik. Pèsòn pa gen dwa fòse oswa oblije okenn moun fè travay fòse oubyen mete moun nan lesklavaj.

Atik 16 - Dwa pou gen sekirite ak sante nan travay

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo menmsi yo se travayè-fanm kou gason- pou yon tibout tan, oubyen travayè chak sezon oubyen yo se migran, kelkeswa estati jiridik yo, yo dwe jwenn kondisyon travay ki korèk ak sekirite. Yo dwe kapab pastisipe nan egzamine kondisyon sekirite ak sante yo epi chwazi reprezantan-t yo nan komite sekirite ak sante yo. Yo gen dwa pou jwenn rad ak ekipman ki kapab pwoteje yo. Yo dwe jwenn fòmasyon nan kesyon sekirite ak sante ki kapab ede yo pwoteje tèt yo kont danje ki mache ansanm ak aktivite pwofesyonèl y ap egzèsè a.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo dwe travay nan kondisyon ki pwoteje yo kont tizonay sitou tizonay seksyèl. Leta yo dwe pran yon seri mezi klè pou pwoteje dwa sa yo.

Atik 17 - Dwa pou jwenn manje osnon lamanjay

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwenn lamanjay ak pwoteksyon kont grangou. Yo gen dwa pou jwenn fizikman ak ekonomikman, nan nenpòt ki moman, ase manje yo bezwen

yon fason ki akseptab nan kilti yo. Manje sa yo dwe pwodui epi konsome yon fason ki dirab pou pa anpeche lòt jenerasyon k ap vini yo jwenn manje pou yo manje. Lamanjay sa yo dwe asire lavi yo nan diyite epi yo dwe satisfèzan ni sou plan fizik ak mantal ni sou plan pèsònèl ak kolektif.

Leta yo dwe pran bonjan mezi pou lite kont malnitrisyon lakay timoun nan milye riral yo espesyalman swen sante primè nan mete an aplikasyon teknik ki pi fasil disponib yo epi bay manje ki gen nannan. Leta yo dwe asire yo tout moun nan sosyete a, men sitou paran ak timoun yo, jwenn enfòmasyon ak edikasyon nan zafè nitrisyon.

Atik 18 - Dwa pou gen yon revni ak mwayen pou viv kòmsadwa

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwenn mwayen lajan ak lòt mwayen pou yo viv yon fason ki respekte diyite yo ak diyite fanmi yo. Leta yo dwe apiye mache lokal, nasyonal ak rejyonal yo yon fason pou peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo jwenn mache pou yo vann ak achte pwodwi yo nan pri ki pèmèt yo repwodui tèt yo ak fanmi yo. Pri sa yo dwe fikse dapre yon pwosesis san fòs kote, ki klè kou dlo kòk epi ki enplike peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo kapab devlope pwòp sistèm komèsyalizasyon kominotè pa yo. Leta yo dwe pran mezi pou fasilite komès dirèk ant pwodiktè, pwodiktris ak konsomatè, konsomatris yo.

Atik 19 - Dwa pou gen tè ak resous natirèl

- Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap viv nan zòn riral yo gen dwa, pèsònèlman oubyen kolektivman, pou jwenn tè, dlo, lanmè bò lakòt, lapèch, patiraj ak forè yo bezwen pou genyen yon nivo lavi sifizan nan sekirite, lapè, diyite epi devlope pwòp kilti yo.
- Leta yo dwe entèdi epi elimine tout fòm diskriminasyon ki gen pou wè ak dwa fonsye, ladan yo sa ki soti nan chanjman sityasyon moun ki marye oubyen plase yo, absans kapasite jiridik ak mank posibilite nan resous ekonomik yo. Leta yo dwe sitou siveye egalite ant gason ak fanm nan dwa fonsye ak nan dwa eritaj yo.
- Leta yo dwe bay rekonesans jiridik a dwa fonsye yo, espesyalman dwa fonsye koutimye ki poko antre nan kad lalwa yo. Kelkeswa fòm okipasyon ki gen sou yon tè, menm yon tè ki nan lwaye, dwe genyen yon nivo pwoteksyon legal kont tout fòm abi, tankou fòse yo kite tè a. Leta dwe rekonèt epi pwoteje resous natirèl kolektif yo (komen) ak tout sa ki mache ak yo, nan itilizasyon ak jesyon kolektif yo. Leta yo dwe mete nan lwa lakay yo mezi pwoteksyon kont tout mezi gwo ponyèt pou fòse mete moun deyò, demolisyon kay, destriksyon zòn agrikòl ak ekspwopriasyon gwo ponyèt.

Atik 20 - Dwa pou viv nan yon anviwònman ki pwòp, korèk epi ki gen sekirite

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou viv nan yon anviwònman sekirite, pwòp epi kòrèk. Yo gen dwa pou fè konsèvasyon ak pwoteksyon anviwònman an epitou pwodwi nan tè yo ak resous yo. Leta yo dwe pwoteje dwa sa a epi pran mezi nesèsè pou peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo jwi totalman dwa sa a san diskriminasyon.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou jwenn pwoteksyon kont efè negatif chanjman klimatik yo kapab genyen sou dwa moun yo. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou pote kontribisyon pa yo nan definisyon ak aplikasyon politik piblik lokal ak nasyonal yo ki adapte ak chanjman klimatik yo. Kontribisyon pa yo kapab menm chita sou itilizasyon pratik ak konesans tradisyonèl yo genyen.

Atik 21 - Dwa pou jwenn mwayen pou fè pwodiksyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa jwenn mwayen pwodiksyon yo bezwen pou asire yon revni ak lòt mwayen sibzistans yo nan respè valè sosyal, kiltirèl ak etik yo. Pami mwayen pwodiksyon sa yo nou jwenn kredi, asirans, zouti pou pwodwi, asistans teknik, materyèl ak zouti pou mennen aktivite yo.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou jwenn mwayen transpò, mwayen pou fè transfòmasyon, mwayen pou seche ak estoke pwodwi yo pou vann sou mache lokal, nasyonal ak re-nyonal. Leta dwe veye sou respè dwa sa a nan aplikasyon politik ak pwogram li nan domèn devlopman rural, agrikilti, anviwònman, komès ak envestisman.

Atik 22 - Dwa pou jwenn bon jan semans

Peyizan, peyizàn yo nan tout rejyon nan monn nan te konn epi kontinye ap pote yon kontribisyon endispansab pou konsève ak pwoteje resous fito-jenetik³⁵ ki se baz pwodiksyon manje ak agrikilti nan monn nan. Peyizan-àn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou konsève, itilize, kenbe epi devlope pwòp semans, kilti ak resous jenetik yo jan yo vle epi yo gen dwa fè kilti yo vle.

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou pwoteje, estoke, transpòte, bay, vann ak reytilize semans sa yo, menm jan pou kiltive yo ak mwayen pou miltipliye yo. Leta yo dwe pran mezi nesèsè pou pwoteje, respekte ak kreye kondisyon pou reyalizasyon dwa sa a.

Atik 23 - Dwa pou viv nan yon divèsite biyolojik osnon biyodivèsite

Leta yo rekonèt gwo kontribisyon pèp natif yo ak peyizan, peyizàn yo nan tout rejyon nan monn nan te konn pote epi kontinye ap pote pou konsève ak devlope byodivèsite agrikòl la, ki se baz pwodiksyon manje ak agrikilti nan monn lan. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo swa yon fason pèsònèl oubyen kolektif gen dwa pou prezève, kenbe ak devlope biyodivèsite agrikòl la epi yo gen dwa devlope konesans ki mache ak sa menm nan kesyon ras bèt yo. Leta yo dwe rekonèt itilizasyon ak dwa kolektif ki makonnen ak biyodivèsite agrikòl la ak tout konesans ki mache ak li.

Leta yo dwe veye pou semans ak sistèm elvaj peyizan, peyizàn yo pwoteje kont kontaminasyon jenetik, kont biyo-piratri³⁶ ak kont vòl. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou kenbe sistèm agwo-pastoral³⁷ ak agwo-ekolojik tradisyonèl yo, ki se sous lavi yo ak renouvèlman biyodivèsite a. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn rural yo gen dwa pou voye jete epi pa respekte pwopriyete entèlektiyèl sou resous jenetik, biyodivèsite agrikòl la, konesans ak teknoloji ki mache ak yo, ki te devlope nan kominote yo oubyen ki se pwopriyete pa yo.

³⁵Fito-jenetik : ki makonnen ak jèm nan devlopman plant yo

³⁶Byo- piratri : moun oubyen konpayi k ap fè dappiyanp sou materyèl jenetik ki soti nan plant oubyen bèt

³⁷Agwo-pastoral : ki konsène agrikilti ak elvaj nan yon men zòn

Atik 24 - Dwa pou jwenn dlo ak asenisman

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwenn bonjan dlo potab, asenisman ki esansyel pou viv lavi yo epi yo gen dwa pou jwenn dlo pou fè agrikilti, elvaj, lapèch epi pou pwoteje lòt mwayen pou repwodwi lavi yo. Leta yo dwe garanti nan tout moman kondisyon pou yo jwenn ase dlo potab pou itilizasyon pèsònèl, domestik ak pwodiktif pou peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo viv nan diyite.

Atik 25 - Dwa pou gen sekirite sosyal

- Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwenn sekirite sosyal. Leta yo dwe selon sitiyasyon lakay yo, mete sou pye pi vit posib epi konsève yon sistèm pwoteksyon sosyal ki garanti baz pou asire sekirite sosyal moun yo ak fanmi yo.
- Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo bezwen gen posiblite pou jwenn enfrastrikti ak sèvis korèk pou swen sante esansyèl yo, swen matènite de kalite ki disponib, ki aseptab epi nòminal. Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo dwe jwenn yon minimòm sekirite pou timoun yo ki nan menm nivo ak sa ki defini nan nivo nasyonal tankou edikasyon, lòt byen ak sèvis yo.

Atik 26 - Dwa pou gen lasante

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun ki travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwi sante fizik ak sante mantal yo. Pou jwi dwa sa a peyizan, peyizàn ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou pa itilize pwodwi agwo-chimik, bagay ki ka polye agrikilti a ak pwodwi endistriyèl yo. Yo gen dwa gen famasi tradisyonèl ak pwòp pratik pa yo nan domèn sante. Pou rive nan satisfaksyon dwa sa a, Leta yo dwe mete enstalasyon pou bay sèvis sante, medikaman esansyèl epi fè yon repatisyon ekitab enstalasyon ak sèvis sa yo.

Atik 27 - Dwa pou gen lojman

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa jwenn bonjan kay pou yo rete. Yo gen dwa genyen ak konsève lojman kote y ap viv nan lapè ak nan diyite. Yo gen dwa pou yo pa mete yo deyò nan kay yo. Yo dwe jwenn pwoteksyon kont pèsekisyon ak lòt fòm menas sou kay kote y ap viv. Leta pa dwe fè mete yo deyò nèt oubyen pou yon tibout tan. Leta dwe bay dedomajman ekitab nan ka ekspwopriasyon nesèsè (ka kote li oblije mete deyò nan lojman an).

Atik 28 - Dwa pou jwenn bon jan edikasyon ak fòmasyon

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou jwenn edikasyon ak fòmasyon. Edikasyon ak fòmasyon nan milye riral yo dwe chita sou anviwònman ekonomik, kondisyon sosyal ak kiltirèl yo epi bezwen konkrè yo. Pwogram fòmasyon sa yo dwe entegre istwa, konesans ak sistèm valè lokal yo.

Atik 29 - Dwa pou viv nan kilti w epi jwenn konesans tradisyonèl yo

Peyizan, peyizàn yo ak lòt moun k ap travay nan zòn riral yo gen dwa pou viv nan pwòp kilti pa yo san yo pa sibi ankenn fòm diskriminasyon. Ankenn moun pa ka pran pretèks dwa kiltirèl pou vyole dwa moun yo.

Atik 30 - Reskonsablite Nasyon Zini ak lòt òganizasyon entènasyonal yo

Enstitisyon ak ajans espesyalize sistèm Nasyon Zini yo ak lòt òganizasyon entènasyonal yo dwe kontribiye nan kreye kondisyon pou reyalizasyon nètalkole dispozisyon ki nan deklarasyon sa a ak pou asire swivi l, yon jan pou gen garanti l ap pote bon jan ranman.

Gwoup Rechèch ak Apui Milye Riral la (GRAMIR) / Pòtoprens- 20 fevriye 2018**A₂- Lis òganizasyon ak enstitisyon nan tout departman yo ki patisipe nan bati kaye a**

#	Òganizasyon		Depatman
	Sig	Non konplè	
1	KPGA	Konbit Peyizan Grandans	Grandans
2	MOPDAG/ MPNKP	Mouvman Peyizan pou Devlopman Grandans / Mouvman Peyizan Nasyonal Kongrè Papay	Grandans
3	ROPAGA	Rezo Òganizasyon Pwodiktè Pwodiktris Agrikòl Grandans	Grandans
4	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	Grandans, Jeremi
5	AJEMPRA	Association des Jeunes Méthodistes de Petite Rivière de l'Ar-tibonite	Latibonit
6	AJNG	Asosyasyon Jèn pou Nouvèl Jenerasyon	Latibonit
7	AMISMODH	Asosyasyon Militan Senmak e Nòdwès pou Devlopman Ayiti	Latibonit
8	AMMDG	Asosyasyon Men nan Men pou Devlopman Gonayiv	Latibonit
9	AMMDG	Asosyasyon Men nan Men pou Devlopman Gonayiv	Latibonit
10	APLAD	Asosyasyon Plantè Dedin	Latibonit
11	APSD	Asosyasyon Prespòtif Desalin	Latibonit
12	ATAD	Asosyasyon Tèt Ansanm Diklo	Latibonit
13	CLUJAD	Klèb Jèn pou Avansman desalin	Latibonit
14	COFESAED	Koperativ Fratènèl Edikasyon Apò Ekonomik Desalin	Latibonit
15	CONFROD	Konfederasyon Regwoupman Òganizasyon Desalin	Latibonit
16	COPAV	Koperativ Pwodiktè Agrikòl Vijilan	Latibonit
17	FENAPRIH	Federasyon Nasyonal Prodiktè Diri Ayisyen	Latibonit
18	FETRASMA	Federasyon Travayè Sen Michèl Latalay	Latibonit
19	ITECA	Enstiti Teknolojik ak Animasyon	Latibonit
20	KOPG	Koperativ Plantè Gran Salin	Latibonit
21	KOPKOMFG	Koperativ Pwodiktè ak Komèsyalizasyon Mango Fransik Gwo Mòn	Latibonit
22	KOSPAVAL	Koperativ Sèvis Pwodiksyon Agrikòl Vant Acha Latibonit	Latibonit
23	KOSPAVAL	Koperativ Sèvis Pwodiksyon Agrikòl Vant Acha Latibonit	Latibonit
24	MIP	Mouvman Inite Peyizan	Latibonit
25	MITPA	Mouvman Inite Ti Peyizan Latibonit	Latibonit
26	MOPLAD 5	Mouvman Plantè pou Devlopman 5 ^{èm} Seksyon Senmak	Latibonit

Òganizasyon			
#	Sig	Non konplè	Depatman
27	MOPLAD 5	Mouvman Plantè pou Devlopman 5 ^{èm} Seksyon Senmak	Latibonit
28	MPDSM	Mouvman Peyizan pou Devlopman Senmak	Latibonit
29	MPDSM	Mouvman Peyizan pou Devlopman Senmak	Latibonit
30	OFEVHD	Òganizasyon Fanm Vanyant Wo Dekawo	Latibonit
31	OPFJ	Òganizasyon Fanm Peyizan Jan Deni?	Latibonit
32	OSCED	Òganizasyon Sosyo Kiltirèl Ekonomik Devlopman	Latibonit
33	PREPLA	Platfòm Rezistans Peyizan Latibonit	Latibonit
34	RACPABA	Rezo Asosyasyon Koperativ Pwodiksyon ak Komèsyalizasyon Ba Latibonit	Latibonit
35	SOCAM	Sosyete Koperativ pou Avansman Moje	Latibonit
36	TK / Latibonit	Tèt Kole ti peyizan / Latibonit	Latibonit
37	SAKS	Sèvis Animasyon ak Kominikasyon sosyal	LWÈS
38	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Lwès
39	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	LWÈS / Akayè
40	SAKS	Sèvis Animasyon ak Kominikasyon sosyal	LWÈS / Delmas
41	Tiboukan FM	Ti Boukan FM	LWÈS / Gresye
42	FGPB	Federasyon Gwoupman Peyizan Bèlfontèn	LWÈS / Kwadèboukè
43	MOFALAK	Mouvman Fanm Lakay An Aksyon	LWÈS / Kwadèboukè
44	APV	Asosiyasyon Peyizan Vali	LWÈS / Ti Gwav
45	CMD-OD	Kòdinasyon Militan pou Devlopman 11 ^{èm} ak 12 ^{èm} Seksyon	LWÈS / Ti Gwav
46	ENTEVET	Asosyasyon Veterinè Entè Depatmantal	Nasyonal
47	KORENIP	Konbit Relèvman Nip	Nip
48	KPN	Konbit Peyizan Nip	Nip
49	KPN/KFPN	Konbit Peyizan Nip/ Konbit Fanm Peyizan Nip	Nip
50	ROPANIP	Rezo Òganizasyon Pwodiktè Pwodiktris Agrikòl Nip	Nip
51	Tèt Kole (TK)	Tèt Kole Ti Peyizan	Nip, Baradè
52	Tèt Kole (TK)	Tèt Kole Ti Peyizan	Nip, Fondènèg
53	KORENIP / FONAPE	Kòdinasyon Rejyonal Nip / Fondation Nippes pour l'Agriculture et la Protection de l'Environnement	Nip, Miragwàn
54	KORENIP/ OKAN	Kòdinasyon Rejyonal Nip / Òganizasyon pou Kore Abitan nan Nip	Nip, Miragwàn
55	ADP	Asosyasyon pou Devlopman Pò Mago	Nò
56	AFLIDEPA	Asosyasyon Fanm Limonad Pou Devlopman Pwodiksyon Agrikòl ak Atizanal	Nò
57	AJTB	Alyans Jèn Twoudanfè Bòy	Nò
58	APWOLEG	Asosyasyon Pwodiktè Lèt G	Nò
59	APWOLIM	Asosyasyon Pwodiktè Lèt Limonad	Nò

Òganizasyon			
#	Sig	Non konplè	Depatman
60	KA LETRI Lzi-monad	Konsèy Administrasyon Leteri Limonad	Nò
61	MKAD	Mouvman Koperativ Agrikiltè Dibou	Nò
62	MOPP	Mouvman Òganizasyon Peyizan Plezans	Nò
63	MPA/RENHAS-SA	Mouvman Peyizan Akildinò/ Rezo Nasyonal Ayisyen Sekirite ak Souvrènte Alimantè	Nò
64	MPAL	Mouvman Popilè pou Avansman Limonad	Nò
65	MPM	Mouvman Peyizan Milo	Nò
66	MTKPBS	Mouvman Tèt Kole Ti Peyizan Bwanèf Senrafayèl	Nò
67	OFPB	Òganizasyon Fanm Ti Bouk Obòy	Nò
68	RAFAVAL	Rasanbleman Fanm Vanyan Limonad	Nò
69	ROL	Rasanbleman Òganizasyon Limonad	Nò
70	ROPL	Rasanbleman Òganizasyon Popilè Limonad	Nò
71	ROPL	Rasanbleman Òganizasyon Popilè Limonad	Nò
72	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	Nò
73	VETERIMED	Veterimed	Nò
74	AFDRP	Asosyasyon Fanm pou Devlopman Wòch Plat	Nòdès
75	AFDRP	Asosyasyon Fanm pou Devlopman Wòch Plat	Nòdès
76	AJAC	Association des Jeunes pour l'Avancement de Cerca la Source	Nòdès
77	AJPF	Asosyasyon Jèn Pechè Fòlibète	Nòdès
78	APLF	Asosyasyon Pwodiktè Lèt Ferye	Nòdès
79	ATPB	Asosyasyon Travayè Peyizan Bwadelorens	Nòdès
80	CAFUMO	Koperativ Frè Ini Mon Oganize	Nòdès
81	CEFPA	Centre de Formation Professionnelle Agricole de Vallières	Nòdès
82	FOPANE/RE-CAP	Federasyon Peyizan Agrikiltè Nòdès	Nòdès
83	GEDWA	Gwoupman Elvè pou Devlopman Wanament	Nòdès
84	KFPBM	Kòdinasyon Fanm Plantè Ba Maribawou	Nòdès
85	KODV	Kòdinasyon Òganizasyon pou Devlopman Valyè	Nòdès
86	KPSKBM	Kòdinasyon Peyizan Seksyon Kominal Ba Maribawou	Nòdès
87	KPSKBM	Kòdinasyon Peyizan Seksyon Kominal Ba Maribawou	Nòdès
88	KRPN	Kòdinasyon Rezistans Popilè Nòdès	Nòdès
89	MPDB	Mouvman Peyizan Bwadolorens	Nòdès
90	NAJAG	Nouvelle Association des Jeunes pour l'Avancement de Guabary	Nòdès
91	ODK	Oganizasyon pou Devlopman Karis	Nòdès
92	PCSO	Òganizasyon pou mizannè Plan Konpansasyon Sosyal	Nòdès
93	SKDK	Sant kominikasyon ak Devlopman Kiltirèl	Nòdès
94	TK/Nòdès	Tèt Kole ti peyizan Nòdès	Nòdès

Òganizasyon			
#	Sig	Non konplè	Depatman
95	AFADA	Asosyasyon Fanm Dodàn	Nòdwes
96	AGAB	Asosyasyon Gwoupman Agrikiltè Bonbadopolis	Nòdwes
97	AJBA	Asosiyasyon Jèn pou Devlopman Ba Nòdwès	Nòdwes
98	APAB	Asosyasyon Peyizan Bonbad	Nòdwes
99	APDSS	Asosyasyon pou Devlopman Sanitè Senlwi/Nò	Nòdwes
100	OFADB	Oganizasyon Fanm pou Devlopman Bedeyèn	Nòdwes
101	OPADNO	Organisation des Penseurs en Action pour le Développement du Nord-Ouest	Nòdwes
102	TK / Nòdwès	Tèt Kole ti peyizan/ Nòdwès	Nòdwes
103	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Nòdwès
104	JILAP	Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè	Sant
105	OPM	Oganizasyon Peyizan Mayisad	Sant
106	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	Sant
107	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Sant
108	MPP	Mouvman Peyizan Papay	SANT / Ench
109	MRCPBB	Mouvman Rezistans Chalmay Peral ak Benwa Batravil	SANT / Ench
110	MPP	Mouvman Peyizan Papay	SANT / Ench (Papay)
111	COCDEL	Collectif des Organisations pour le Développement de Lascachobas	SANT / Laskaobas
112	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	SANT / Laskaobas
113	Fanm MPP	Fanm Mouvman Peyizan Papay	SANT / Mayisad
114	Justice et Paix	Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè	SANT / Mayisad
115	MPP / OPM	Oganizasyon Peyizan Mayisad	SANT / Mayisad
116	UNNOH	Inyon Nasyonal Nòmalyen Ayisyen	SANT / Mayisad
117	OGPAM	Òganizasyon Peyizan Agrikòl Mibalè	SANT / Mibalè
118	APK	Asosyasyon Peyizan Kowòs	SANT / Savanèt
119	MOFAS	Mouvman Fanm Savanèt	SANT / Savanèt
120	MPBS	Mobilizasyon Peyizan Batis/Savanèt	SANT / Savanèt
121	RAJES	Rasanbleman Jèn Savanèt	SANT / Savanèt
122	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	SANT / Savanèt
123	MPSK	Mouvman Peyizan Sèka Kavajal	SANT / Sèkakavajal
124	KOFASUD	Kòdinasyon Fanm Sid	Sid
125	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Sid
126	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Sid, Kavayon
127	MPNKP	Mouvman Peyizan Nasyonal Kongrè Papay	Sid, Koto
128	KOPI	Komite Peyizan Ilavach	Sid, Lilavach
129	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Sid, Manich
130	GADES	Gwoup Api pou Devlopman Sid	Sid, Okay

Òganizasyon			
#	Sig	Non konplè	Depatman
131	JILAP	Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè	Sid, Okay
132	JPO	Jèn Pwogresis Okay	Sid, Okay
133	RPS	Rasanbleman Pwogresis Sid	Sid, Okay
134	UNEP	Inyon Nasyonal Anseyan Ayisyen	Sid, Okay
135	UPLADEP	Inyon Plantè pou Devlopman Piko	Sid, Okay
136	VKM	Vwa Klodi Mizo	Sid, Okay
137	OLAJEKA/R Lakay	Oganizasyon Lave Je Koray Anri	Sid, Sen Lwi
138	KROS	Kòdinasyon Rejyonal Òganizasyon Sidès	Sidès, Jakmèl
139	VEDEK	Viv Espwa pou Devlopman Kap-Wouj	Sidès, Kap Wouj
140	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	Sidès, Kay Jakmèl
141	TAMEN	Tèt Ansanm Mete Men	Sidès, Kay Jakmèl
142	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyen	Sidès, Marigo
143	TK	Tèt Kole Ti Peyizan	Sidès, Marigo
144	KOPKAB	Koperativ Pwodiktè Kafe Bèlans	Sidès, Tyòt
145	KROS	Kòdinasyon Rejyonal Òganizasyon Sidès	Sidès, Tyòt
146	AJEDA	Asosyasyon Jèn pou Devlopman Adwen	Lwès
147	ASAMEC	Association des Amis de L'Environnement et de la Culture	Ouanaminthe, Nòdès
148	Batay Ouvriye	Batay Ouvriye	Nòdès
149	COOPUB	Coopérative des Planteurs Unis de Bas Coursin	Ti Rivyè, Latibonit
150	KLK	Komite Leve Kanpe	Pòtay Sen Jozèf, Lwès
151	TIMKATEK	Timoun k ap Teke Chans	Pòtoprens, Lwès
152	Alterpresse	Alterpresse	Nasyonal
153	GRAMIR	Gwoup Rechèch k ap Apiye Milye Riral la	Nasyonal
154	ICKL	Enstiti Kiltirèl Karl Levêque	Nasyonal
155	INARA	Enstiti Nasyonal refòm Agrè	Nasyonal
156	ITECA	Enstiti Teknolojik ak Animasyon	Nasyonal
157	MODEP	Mouvman Demokratik Popilè	Nasyonal
158	PAPDA	Platfòm Ayisyen k ap Plede pou yon Devlopman Altènatif	Nasyonal
159	SAKS	Sosyete Animasyon ak Kominasyon Sosyal	Nasyonal
160	SOFA	Solidarite Fanm Ayisyèn	Nasyonal
161	TK	Tèt Kole ti peyizan	Nasyonal
162	UEH/Campus Limonade	Université d'État d'Haiti/ Campus de Limonade	Nasyonal

A₃- Definisyon kèk mo kle ki itilize souvan nan kaye nasyonal revandikasyon an

Pou analiz ak diskisyon pou prepare kaye revandikasyon an te fèt byen ak anpil patisipasyon, te gen nesesite pou animatè ak patisipan, patisipan nan atelye yo te mete yo dakò sou yon seri mo kle osnon konsèp yo te pral tandè oubyen y ap itilize tout tan. Definisyon mo kle osnon konsèp sa yo te pèmèt tout moun konprann pi byen travay delege yo vini fè ansanm nan. Nan kaye nasyonal revandikasyon an genyen anpil mo kle definisyon anba paj kote yo itilize yo a. Men gen lòt mo kle ki pa defini tankou : 1) peyizànri; 2) sitwayen ak sitwayèn; 3) òganizasyon; 4) konsyantizasyon; 5) mobilizasyon; 6) pledwaye; 7) Leta; 8) politik piblik; 9) dominasyon; 10) majinalizasyon ; 11) pozisyon ideyolojik ak politik.

Peyizànri :

Peyizànri a se ansanm peyizan ak peyizàn k ap viv nan milye riral la sou baz travay tè li genyen, li afème oubyen li jwenn nan demwatye. Men se li menm ak fanmi k ap travay tè sa yo epi li achte oubyen jwenn jounen travay nan lòt pou kèk operasyon nan jaden l yo. Peyizànri a, se ansanm klas sosyal oubyen kategori sosyal ki fèt e k ap viv nan milye riral la, tankou gwo, mwayen, ti peyizan, peyizàn ak ouvriye agrikòl yo. Sa vle di, peyizànri an rasanble tout kategori peyizan ak peyizàn : kit peyizan ak peyizàn ki gen anpil tè yo men pa twòp, kit se sa ki gen kèk ti moso tè, kit sa ki gen yon ti mouchwa tè ak sila yo ki pa genyen oubyen ki prèske pa genyen tè ditou. Grandon yo menm si gen ladan yo k ap viv nan milye riral la, ki genyen menm koutim ak peyizànri a men yo pa peyizan paske se pa yo menm ak fanmi yo k ap travay pil ak pakèt tè yo genyen.

Peyizànri ayisyen an, se desandan mas esklav mawon yo, mas esklav bitasyon yo. Se gras ak patisipasyon mas esklav sa yo nan lit pou premye liberasyon peyi a sou direksyon esklav domestik yo, esklav atelye yo ak afranchi yo ki fè Ayiti rive jwenn endepandans li nan lane 1804. Men apre, divizyon ap pete ant nouvo kiltivatè, kiltivatris sa yo ak nouvo lelit ekonomik ak politik peyi a. Kiltivatè peyizan yo pran mòn yo pou yo epi yo kite lelit yo nan plèn ak nan vil yo.

Se peyizànri a ki pote pwodiksyon nasyonal la sou do l epi ki fè fleri ak devlope kilti ak koutim ayisyen natif-natal la.

Sitwayen -fanm kou gason :

Yon sitwayen -fanm kou gason- jodi a nan yon peyi demokratik se yon moun ki gen pwoteksyon yon Leta, k ap viv anba otorite Leta sa a e ki gen nasyonalite Leta sa a. Moun sa a genyen depi l fèt, kèlkeswa klas sosyal li, koulè l ak sèks li, yon ansanm dwa sivil, politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Moun sa a genyen tou devwa vizavi Leta a, sosyete a ak kominote kote l ap viv la, tankou peye taks, respekte lalwa, bay lòt moun ki andanje asistans, pa gaspiye ni detwi byen Leta ak sosyete a, pwoteje anviwonman an.

Pou rive nan sitiyasyon jounen jodi a, kote prèske nan tout peyi sou latè yo rekonèt tout moun tankou sitwayen ak sitwayèn, se anpil batay pèp yo mennen. Kapasite yon moun pou ekzèsè patisipasyon ak reskonsablite sitwayen, sitwayèn li depann de nivo devlopman demokrasi a nan peyi l ap viv la, ki vle di, nivo lit ki genyen pou amelyore osnon chanje sistèm politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki genyen nan sosyete sa a.

1. Òganizasyon :

Yon òganizasyon, se yon ansanm endividi ki regwoupe anndan yon estrikti ki gen prensip ak règleman, ki gen pwòp sistèm kominikasyon l pou fasilite sikilasyon enfòmasyon anndan l, tout sa nan bi pou l rive jere yon seri bezwen manm li yo genyen ak pou atenn youn osnon plizyè objektif majorite manm li yo pataje. Mo ki genyen apeprè menm sans ak òganizasyon se : asosyasyon; gwoup; gwoupman; regwoupman; òganis; koperativ; fondasyon; bann; kolonn; sosyete; eskwad; elatriye.

Kapasite òganizasyon an ap montre volonte manm ak dirijan, dirijant li yo pou yo atenn bi yo bay tèt yo a. Nan sans sa a, òganizasyon an pral chache asosye ak konbine yon ansanm mwayen materyèl, teknik, lajan ak fòs kouraj pou fè pwomosyon yon ansanm aksyon ak lide pou rive reyalize misyon l ak objektif li yo. Konpetans òganizasyon an se kapasite l pou rezoud kontradiksyon ki genyen ant bi li bay tèt li ak mwayen li genyen. Pou sa, ni nan konsepsyon ni nan jesyon òganizasyon an, li oblije òganize manm li yo ak sa yo chak kapab pote pou yo tounen yon kò k ap aji ansanm pou rive bay rezilta.

Òganizasyon yo monte pou satisfè bezwen manm yo ak kominote yo, pou defann dwa ak enterè manm yo ak kominote yo, pou fè pwomosyon lide, aksyon ak rasanbleman pou amelyore osnon chanje yon kominote, yon rejyon, yon sosyete, yon leta. Nati òganizasyon yo chita sou bi, misyon, objektif, kalite aksyon y ap mennen epi klas ak kategori sosyal yo regwoupe anndan yo, tankou òganizasyon peyizan, òganizasyon popilè, sendika, koperativ, òganizasyon pwodiktè ak pwodiktris, chanm komès ak endistri, òganizasyon politik, pati politik, ONG, elatriye.

Souvan, pou yon òganizasyon rive atenn bi li yo, li blije fè alyans ak lòt òganizasyon. Alyans sa a kapab pran fòm federasyon, si òganizasyon yo pèdi yon pati nan otonomi yo nan mete tèt yo ansanm nan. Li kapab pran fòm kòdinasyon, si yo kenbe tout otonomi yo men yo mete yon estrikti santral pou reprezante yo epi pran kèk angajman nan non yo. Li kapab pran fòm rezo, si yo pa fè ni youn ni lòt nan 2 premye ka yo men se yon espas echanj ak konsètasyon yo kreye antre yo.

Youn nan dwa ak devwa yon sitwayen, yon sitwayèn se fòme òganizasyon oubyen antre nan òganizasyon pou pote kontribisyon pa l nan avansman sosyete a epi defann dwa l ak enterè l.

1. Konsyantizasyon

Konsyantizasyon an, se yon pwosesis kote y ap chache fè yon moun, yon òganizasyon oswa yon kominote pran konsyans sou reyalite ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl kote l ap viv la. Se yon demach ki tanmen sou baz sitiyasyon materyèl ak sosyal moun nan, òganizasyon an oswa kominote a. Kòm pwosesis, demach konsyantizasyon an fèt nan yon ale vini nan pataj lide ak diskisyon ant yon animatè osnon militan ak moun lan, òganizasyon an oswa konimote a, kote tou 2 aktè sa yo ap aprann konprann reyalite a pi byen. Bi pwosesis konsyantizasyon an se pa aprann pou gen konesans sèlman, men se yon refleksyon-aksyon pou rive chanje ansanm reyalite ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl y ap viv la.

Mo ki gen prèske menm sans ak konsyantizasyon, se sansibilizasyon, motivasyon, ki vle di atire atansyon, souleve enterè, denonse, lonje dwèt sou yon sitiyasyon, yon reyalite, dekòtike l, esplike l, fè wè ak wè pi klè, konprann li byen, kritike l pou kapab pran dispozisyon pou aji sou li pou chanje l, transfòme l.

Pwosesis konsyantizasyon an se yon metòd animatè ak fòm atè nan domèn edikasyon popilè yo sèvi avè l anpil pou ede leve nivo konsyans klas osnon kategori sosyal ki nan mas popilè yo. Se yon pwosesis ki gen kòmansman men ki pa gen fen, paske l ap rekòmanse toutan. Entèlektyèl ki gen ideyoloji lagoch k ap travay sou metòd konsyantizasyon ak gwoup osnon òganizasyon popilè yo fè konprann, nan yon dinamik konsyantizasyon, anjeneral genyen kat (4) nivo konsyans nan milye popilè yo:

- Yon nivo *konsyans dosil*, kote moun yo reziyen yo, yo santi se yo ki reskonsab move sitiyasyon lavi yo epi y ap chache akomode yo ak reyalite difisil y ap viv la ;
- Yon nivo *konsyans ki kòmanse kritik*, kote moun yo kòmanse wè tèt yo tankou yon aktè tou, yo kòmanse eksprime ensatisfaksyon yo sou reyalite y ap viv la men yo gen tandans remèt avni yo nan men yon lidè, yon notab, yon ONG oswa yon pati politik tradisyonèl ;

- Yon nivo *konsyans kritik refòmis*, kote moun yo kòmanse pran pwòp avni yo anmen, konte sou pwòp kapasite ak fòs pa yo, kòmanse konstwi òganizasyon pa yo, wè tèt yo tankou patnè pou- vwa ki dominan an, aksepte mòd sosyete a ak mòd Leta a jan yo ye a epi kwè se pwojè ak pwogram devlopman pou yo fè yo menm oubyen pou mande otorite Leta yo fè pou yo pou sitiyaasyon yo rive chanje ;
- Yon nivo *konsyans liberatris*, kote moun yo kòmanse klarifye sitiyaasyon sosyal ak politik yo nan sistèm ki tabli nan sosyete kote y ap viv la, y ap chache devlope lòt kalite relasyon nan mitan yo epi nan rapò sosyal ak enstitisyon Leta kou prive yo, yo antre tou nan yon dinamik aksyon-refleksyon-aksyon pou chache chanje reyalyte sosyete a ak Leta a.

Li enpòtan anpil pou òganizasyon, federasyon oubyen kòdinasyon ki nan yon dinamik konsyantizasyon toujou evalye tanzantan ki nivo konsyans manm yo ak popilasyon y ap travay avèk li a, pou wè kijan pou yo ranfòse pwosesis konsyantizasyon an. Se konsa òganizasyon an ap rive ranfòse tèt li epi ede manm li yo ak popilasyon an pran avni yo nan men pou rive nan liberasyon yo.

2. Mobilizasyon :

Mobilizasyon an, pou yon kominote, yon òganizasyon oswa yon gwoup, se yon apèl ki fèt sou yon baz konsètasyon pou majorite manm yo mennen yon aksyon nan rasanble ak dinamize tout enèji yo pou rive atenn yon objektif osnon yon pwojè ki menm pou yo tout. Ekzanp : yon kominote ki pa gen wout rasanble tout manm li yo pou fè Leta vin repare osnon konstwi wout la. Nan yon òganizasyon peyizan, peyizàn kote genyen gwo menas sou tè yo, se mobilizasyon tout manm yo pou rive pwoteje ak defann tè yo.

Kapasite mobilizasyon yon kominote, yon òganizasyon oswa yon gwoup, se fòs li genyen pou rasanble anpil moun, manm li ak moun ki pa manm li, pou fè yon evènman ansanm nan yon moman byen patikilye. Ekzanp : kapasite yon òganizasyon genyen pou fè, lè sa nesèsè, manifestasyon; pou al patisipe nan eleksyon lokal osnon nasyonal lè li deside sa enpòtan; pou mennen yon revandikasyon lè li estime se yon kòz ki fon-dalnatal.

Pou yon moun, yon gwoup oubyen yon òganizasyon mobilize pou yon lide oubyen yon aksyon, fòk li genyen yon enterè enpòtan nan lide sa a oubyen nan aksyon sa a ki ankouraje l aji pou rive reyalize l. Ki vle di, pap genyen mobilizasyon san yon pwosesis konsyantizasyon, ni pap genyen mobilizasyon san yon minimòm òganizasyon. Se sa ki fè yo toujou di : konsyantizasyon, òganizasyon ak mobilizasyon se twa wòch dife, youn pa mache san lòt yo.

Mo ki prèske gen menm sans ak mobilizasyon se leve kanpe, ki vle di tout moun ki konsène deside mete yo debou sou 2 pye militè yo pou avanse ansanm pou yon menm kòz. Nan yon pwosesis mobilizasyon, pi souvan, toujou genyen konbinezon divès fòm pwotestasyon : denonsyasyon, petisyon, sitin, manifestasyon, koupe wout, pote boure, grèv, elatriye. Se kominote a oubyen òganizasyon an, dapre analiz li fè sou fòs ak feblès advèsè li yo epi fòs ak feblès popilasyon li sible a, k ap detèmine ki pi bon konbinezon fòm pwotestasyon pou li fè pou atenn objektif li vize ak mobilizasyon an. Nan yon pwosesis mobilizasyon, plis revandikasyon yo klè pou manm kominote a osnon pou manm òganizasyon ki enplike nan pwosesis la epi plis moun yo pataje yo, se plis y ap detèminan nan mouvman leve kanpe yo.

3. Pledwaye :

- Nan politik, *pledwaye* se aksyon pou pran defans, nan ekri, nan pran lapawòl ak nan mennen aksyon senbolik pou fè pase yon opinyon, defann yon kòz oubyen prezante yon revandikasyon osnon yon kaye revandikasyon. Souvan, pledwaye a vize amelyorasyon kondisyon lavi oubyen byennèt yon kategori osnon yon gwoup sosyal oswa yon sektè aktivite ki pa kapab defann tèt li pou kont li. Ekzanp :

pledwaye pou : respè dwa andikape yo; espès plant oubyen bèt k ap disparèt sou latè; degradasyon anviwonman an.

- Nou pa dwe konfonn pledwaye ak pledwari ni ak lòbi. Pledwari se diskou yon avoka ap fè pou kliyan li devan yon jij oswa yon jiri. Lòbi a, se defans oubyen pwomosyon nan enterè yon òganizasyon, yon moun oubyen yon enstitisyon kote li pral jwenn yon pwofi pèsònèl ladan l. Men pledwaye pa dwe janm vize satisfaksyon enterè pèsònèl osnon pwofi pèsònèl yon moun. Mo ki prèske gen menm sans ak pledwaye, se : pwomosyon, mennen kanpay, defans, diskou ak aksyon pou.
- Anfen, yon pledwaye se jefò òganize, ak devlopman yon seri agiman, yon gwoup sitwayen / sitwayèn osnon yon òganizasyon pou enfliyanse otorite Leta yo pou yo kapab pran yon desizyon nan sans enterè kolektif la osnon pou amelyorasyon kondisyon yon klas, yon kategori oubyen yon gwoup sosyal, osnon pou pote chanjman nan yon sektè aktivite. Ekzanp : yon pledwaye bò kote ekzekitif la ak palman an pou ogmante salè minimòm nan; yon pledwaye bò kote menm pouvwa sa yo pou fè refòm agrè.
- Nan yon pwosesis pledwaye, souvan gwoup, enstitisyon osnon òganizasyon yo sèvi ak divès mwayen tankou : manifestasyon, voye lèt oswa petisyon, entèpelasyon reskonsab ki plase pou pran desizyon yo, kanpay nan medya yo, kanpay pwomosyon bò kote konsomatè yo pou chanje abitud sa y ap achte, sa y ap manje, sa y ap mete sou yo oubyen sa y ap mete nan kay yo. Se gwoup, òganizasyon osnon enstitisyon k ap mennen pwosesis pledwaye a ki pou analize epi deside kilès nan mwayen sa yo li pral itilize epi pouki se yo li chwazi.
- Kidonk, pledwaye ak mobilizasyon se tankou yon frè ak yon sè marasa. Si gwoup, enstitisyon osnon òganizasyon k ap mennen pledwaye a pa chache makonnen l ak mobilizasyon, genyen anpil chans pou pwosesis la pa rive bay rezilta li swete a. Anpil fwa, nan yon pledwaye sou yon sijè ki fè konfli nan sosyete a, li konn enpòtan pou plizyè gwoup, enstitisyon ak òganizasyon mete yo an rezo pou mennen pwosesis pledwaye a, nan yon objektif tout moun mete yo dakò sou li ki se rive fè yon chanjman politik nan yon domèn byen espesifik.

4. Leta°:

Nan yon sans ki redwi, Leta se twa (3) pouvwa yo ansanm : Ekzekitif, Lejislatif, Jidisyè ak administrasyon piblik yo. Baz Leta a se kolektivite teritoryal yo. Jounen jodi a, tout sosyete genyen nan tèt li yon Leta osnon yon federasyon oubyen yon konfederasyon Leta k ap dirije l, rann li yon seri sèvis epi asire yon ansanm fonksyon pou li. Leta a kapab santralize oubyen desantralize, men li toujou rete ini. Pouvwa Leta a toujou ekzèse nan limit yon teritwa, ak pwòp lwa pa l, sou yon ansanm popilasyon. Pouvwa Leta a kapab otoritè, diktatoryal, demokratik, reprezantatif oubyen demokratik patisipatif. An jeneral, Leta genyen kat (4) gran fonksyon : 1) asire monopòl lafòs legal nan sosyete a : asire lòd piblik ak defans peyi a atravè lajistis, lapolis ak lame; 2) asire monopòl fiskalite nan sosyete a : se li sèl ki fikse taks ak enpo yo, se li menm sèl ki touche lajan taks ak enpo yo epi sèvi ak yo pou pwoteje sosyete a, bay sosyete a sèvis epi pèmèt Leta a mache; 3) asire entegrasyon sosyal : òganize koyezyon sosyal nan mitan sosyete a, fè entegrasyon pati nan teritwa ak popilasyon ki majinalize yo; 4) asire regilasyon ekonomik : defini nòm ak lwa ekonomik yo, kontwole bòn mach tout sektè aktivite yo, fasilite pou gen bon ekilib ant pwodiksyon, komès, finans. Pou ekzèse kat (4) gran fonksyon sa yo, twa (3) pouvwa Leta yo, espesyalman ekzekitif la, ap defini yon ansanm politik piblik, pran yon seri lwa epi sèvi ak administrasyon piblik yo pou reyalize yo epi fè respekte yo.

Nan egzèsis 4 gwo fonksyon sa yo, kèlkeswa nati pouvwa li, kit li santralize, kit li desantralize, kit li otoritè, diktatoryal, demokratik reprezantatif oubyen demokratik patisipatif, Leta toujou nan paspouki pou klas ak

kategori sosyal k ap domine sosyete a onivo ekonomik, politik, ideyolojik, sosyal ak kiltirèl. Nan tout sosyete ki divize an klas sosyal, Leta a se toujou Leta klas dominan yo, ki vle di Leta a toujou ap dirije sosyete a dapre enterè klas ak kategori sosyal ki posede pi gwo mwayen yo nan sosyete a.

Menm jan tou, selon jan kapitalis la ap layite l sou tout fas tè a jodi a, Leta nan gwo peyi sa yo ap chache depase chak jou pi plis limit pwòp teritwa pa yo pou etann pouvwa yo sou teritwa tout lòt ti peyi pou soumèt Leta ak popilasyon nan ti peyi sa yo anba dominasyon ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl yo. Pi souvan sa rive fèt ak konplisite oligachi, klas dominan ak Leta ti peyi yo menm ki pa ezite travay kont enterè pwòp peyi yo ak mas popilè lakay yo. Lè sa a Leta a pèdi karaktè nasyonal li pou tounen yon Leta restavèk ki sou lòd multi-nasyonal yo epi ki nan sèvis gwo pisans kapitalis yo.

5. ***Politik piblik***:

Politik piblik yo se desizyon ak aksyon Leta ap mennen pou piblik la, ki vle di pou tout popilasyon an. Se prensipal mwayen Leta genyen pou fè entèkansyon li yo. Politik piblik yo ta dwe pèmèt Leta satisfè preyokipasyon, revandikasyon, dwa ak bezwen popilasyon yo. Se yon ansanm aksyon byen kòdone twa (3) pouvwa Leta yo ak administrasyon Leta yo (administrasyon piblik yo) defini, planifye epi reyalize ak mwayen finansye ak materyèl ki prevwa nan bidjè peyi a. Ak mwayen finansye bidjè nasyonal la mete disponib, anplwaye Leta yo gen pou aji sou sitiyasyon estriktirèl ak konjonktirèl ki genyen nan yon peyi nan yon peryòd byen detèmine pou rive atenn objektif ak rezilta gouvènman an te fikse alavans. Tout Leta toujou genyen yon politik piblik pou chak sektè aktivite ki gen nan peyi a. Ansanm politik piblik sektoryèl yo ak makonnaj ki genyen antre yo bay politik piblik jeneral Leta a.

Lè politik piblik yo fèt sou yon baz patisipatif, nan konsiltasyon ak popilasyon yo, yo se yon ansanm desizyon ak aksyon aktè enstitisyonèl yo ak aktè sosyal yo pran pou rezoud yon pwoblèm kolektif, ki vle di yon pwoblèm ki konsène tout yon kominote lokal, rejyonal oubyen nasyonal.

Andefinitif, politik piblik yo se pwogram aksyon gouvènman an, paske se gouvènman an ki gen responsablite ekzekite politik Leta a nan yon sektè aktivite nan sosyete a oubyen nan yon espas jewografik, sa vle di nan yon komin, yon depatman oubyen yon rejyon. Ekzanp : politik gouvènman an nan ledikasyon, nan lagrikilti, nan lasante, nan lapèch, elatriye oubyen politik gouvènman an pou depatman Sidès osnon Grandans.

Genyen 3 eleman ki pèmèt konprann osnon dekouvri politik piblik yon Leta : se plan dakasyon li, pwojè l ap fè epi bidjè nasyonal li. Plan dakasyon gouvènman an, se nan deklarasyon politik jeneral Premye Minis la w ap jwenn li. Politik agrikòl gouvènman an ap bay tout plan dakasyon li genyen nan divès aspè nan pwodiksyon agrikòl la epi tout pwojè li vle reyalize pandan yon kantite tan nan sektè agrikòl la. Bidjè Leta a bay kantite lajan gouvènman an ap depanse pandan ane a nan divès sektè aktivite ki gen nan sosyete a. Souvan, se bidjè nasyonal la ki pèmèt ou konprann veritab priyorite Leta genyen. Pafwa menm, se nan depans responsab Leta yo ap fè pou al dekouvri veritab politik piblik Leta a.

Andefinitif, se nan politik piblik yon Leta w ap wè mak fabrik Leta a. Si yon Leta depandan oubyen restavèk, w ap fini pa dekouvri nan politik piblik li se dikte l ap pran nan men lòt Leta osnon nan men ajans entènasyonal yo. Si yon Leta se pou lelit yo, pou klas dominan yo l ap travay, w ap wè politik piblik li se pou bay lelit yo, klas dominan yo tout avantaj osnon fasilite pou yo ka pran plis nan men popilasyon yo san yo pa ba yo anyen an retou. Si yon Leta otoritè, w ap wè politik piblik li se chèf yo ki nan tèt Leta a k ap pran tout desizyon san okenn konsiltasyon osnon diskisyon ak popilasyon an.

Objektif prensipal mobilizasyon yon kategori sosyal, yon sektè sosyal oubyen yon klas sosyal, se fòse Leta chanje politik piblik li pou Leta rive pran ankòt enterè ak dwa kategori sosyal, sektè sosyal oubyen klas sosyal sa a. Pou rive fè Leta a chanje politik piblik li, kategori, sektè oubyen klas sa a dwe bati kaye revandikasyon l.

Li dwe fè pledwaye, òganize manifestasyon pou kaye revandikasyon an jouk li rive fòse otorite Leta yo chita ak li nan yon negosyasyon avè l. Men atansyon! lè Leta chita ak reprezantan yon mouvman sosyal, sa poko vle di li sou jwenn yon antant avè l.

6. **Dominasyon**°:

Dominasyon an, se sitiyasyon kote yon moun, yon gwoup, yon klas sosyal, oubyen yon peyi enpoze lòt yo lide pa l, lwa pa l, regleman pa l, kwayans pa l, verite pa l epi fè yo aksepte pwòp pwojè sosyete pa l sou plan politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Pou enpoze l, sistèm dominasyon an tabli l, kenbe epi refè tèt li ak nenpòt mwayen, menm ak deplwaman fòs vyolans sovaj, lè li estime enterè majè l menase.

7. **Majinalizasyon**°:

Majinalizasyon yon moun, yon gwoup oubyen yon klas sosyal, se mete l sou kote, konsidere l tankou li andeyò sosyete a, sa yo rele esklizyon an. Majinalize yon moun, yon gwoup oubyen yon klas sosyal nan yon sosyete se mete l nan sitiyasyon kote li pa kapab jwi menm minimòm dwa ak libète sosyete a dwe l kòm moun, kòm sitwayen oubyen kòm gwoup sitwayen ak sitwayèn.

8. **Pozisyon ideyolojik ak politik**°:

Pozisyon ideyolojik ak politik, yon moun oswa yon òganizasyon oubyen yon mouvman sitwayen ak sitwayèn se ansanm lide, valè ak mòd relasyon sosyal l ap fè pwomosyon pou yo osnon l ap defann nan sosyete a. Pozisyon ideyolojik ak politik yon moun oswa yon òganizasyon toujou makonnen ak klas sosyal li fè pati a oswa l ap defann nan. Pozisyon ideyolojik ak politik yon moun oswa yon òganizasyon makonnen tou ak rapò konkrè ki tabli ant moun nan oswa òganizasyon an ak pouvwa Leta yo.

Nan tout sosyete ou toujou jwenn an gwo 4 pozisyon ideyolojik ak politik: 1) konsèvatè oubyen reyaksyonè, ki vle kenbe relasyon sosyal yo ak mòd Leta a jan yo ye pou pa genyen okenn chanjman serye ki fèt ladan yo; 2) refòmis, k ap batay pou genyen yon seri chanjman limite ki rive fèt ni nan relasyon sosyal yo, ni nan mòd Leta k ap dirije sosyete a; 3) revolisyonè, k ap konsyantize, òganize, mobilize epi batay pou pote yon chanjman an pwofondè ni nan sosyete a, ni nan Leta a; 4) popilè, k ap konsyantize, òganize, mobilize epi batay pou fè pwomosyon ak defann enterè ak dwa klas popilè yo.

Nan mitan refòmis ak revolisyonè yo, kapab genyen 2 lòt kalite fòm pozisyon ideyolojik ak politik anplis se : 1) pwogresis, k ap batay pou rive genyen pwogrè ekonomik ak sosyal nan sosyete a nan kad respè dwa endividi yo ak dwa kolektif yo; 2) patriyotik, k ap batay pou peyi l rive jwenn, pwoteje ak defann souvènte nasyonal li epi menm pou souvènte popilè a kapab eksprime l ak respekte. Men sa konn rive, pou jwenn nan kèk peyi nan mitan konsèvatè oswa reyaksyonè yo, yon fòm nasyonalis. Nou pa dwe konfonn nasyonalis reyaksyonè yo ak nasyonalis patriyotik oswa revolisyonè. Premye a ap defann dominasyon nasyon pa l la sou lòt nasyon, alòske dezyèm lan ap defann endepandans nasyon pa l la san chache domine lòt nasyon.

A₄- Lis liv ak dokiman ki konsilte nan preparasyon kaye nasyonal revandikasyon an

- ANGLADE Georges, 1982. *Atlas critique d'Haïti*, Version numérique produite par Jean-Marie Tremblay, 2010.
- ANGLADE Georges. *Espace et liberté en Haïti*, ERCE & CRC, Montréal, 1982.
- Bellande Alex. *Haïti déforestée, paysages remodelés*. Edition CIDIHCA. Montréal, 2015.
- BRH. *Bulletin Statistique*. 2012.
- BRH. *Note mensuelle sur l'inflation*. 2016.
- Castor, Suzy. *L'occupation américaine d'Haïti. Société Haïtienne d'Histoire*, Imprimerie Henri Deschamps. Port-au-Prince, 1988.
- CNSA. *Enquête Nationale de la Sécurité Alimentaire (ENSA)*. Port-au-Prince, 2012.
- DEBORD Raymond. Enquête et conscientisation. Tiré du site <http://www.militant.org/>, 2001.
- DOURA, Fred. *Economie d'Haïti, dépendance, crises et développement*. Tome I, Les Editions DAMI, Montréal, juin 2001.
- DOURA, Fred. *Economie d'Haïti, dépendance, crises et développement*. Tome II, Les Editions DAMI, Montréal, mars 2002.
- DOURA, Fred 2010. *Haïti, Histoire et analyse d'une extraversion dépendante et organisée*. Les Editions DAMI, Montréal, 2010.
- Droits et Démocratie - Bureau Haïti. *Le plaidoyer : un outil pour la démocratie*. Guide de plaidoyer, Québec, 2008.
- Droits et Démocratie - Bureau Haïti. *Le plaidoyer : un outil pour la démocratie*. Manuel de formation sur le plaidoyer, Québec, 2008.
- FAO et AQUASTAT. *Fiche d'information par pays Haïti*. 2013.
- Gouvernement de la République d'Haïti. *Plan d'action pour le relèvement et le développement d'Haïti*, Les grands chantiers pour l'avenir. 2010.
- HECTOR Michel, 1998. *Mouvements populaires et sortie de crise (XIX^e et XX^e siècle) dans Pouvoir dans la Caraïbe*. Editions L'Harmattan, Paris, 1998.
- HECTOR Michel. Jean-Jacques Acaau. Fondation Mémoire, tiré du site fondationmemoire.tripod.com. Port-au-Prince, 1997.
- HECTOR, Michel. *Crises et mouvements populaires en Haïti*. Presses Nationales d'Haïti. Port-au-Prince, 2006.

- HECTOR, Michel et HURBON, Laënnec (sous la direction de). *Genèse de l'État haïtien*. Presses Nationales d'Haïti. Port-au-Prince, 2009.
- HECTOR, Michel. *Mouvements sociaux et intégration nationale en Haïti, Revue Haitienne d'Histoire, de Géographie et de géologie # 240 : intellectuels et pouvoir politique en Haïti (XIX^e- XX^e siècle)*, Imprimeur S.A. Port-au-Prince, 2010.
- HILAIRE, Sebastien. *Le prix d'une agriculture minière*. Imprimerie Le Natal S.A. Port-au-Prince, 1995.
- HUMBERT Colette. *Conscientisation : expériences, positions, dialectiques et perspectives*, Inodep. Idoc-France L'Harmattan, 1976.
- ICCO, *État des lieux de la sécurité alimentaire en Haïti*, Étude de BAYARD Budry et de MATHURIN Ernst. Port au Prince, 2008.
- IHSI, Direction des Statistiques Démographiques et Sociales. *Population totale, population 18 ans et plus, ménages et densité estimés en 2009*. 2009.
- IHSI, Direction des Statistiques Démographiques et Sociales. *Population totale, population de 18 ans et plus, ménages et densité estimés en 2012*. Janvier 2012.
- IHSI, Direction des Statistiques Démographiques et Sociales. *Population totale, population de 18 ans et plus, ménages et densité estimés en 2015*. Mars 2015.
- MARNDR/BID. *Identification de créneaux potentiels dans les filières haïtiennes (HA-T 1008 ATN/FC-9025)*. Rapport de synthèse. 2005.
- MARNDR. *Haïti : Plan national d'investissement agricole 2010-2016*. 2010.
- MARNDR. *Politique de développement agricole 2010-2025*. 2011.
- MARNDR. *Synthèse nationale des résultats du recensement général de l'agriculture 2008/2009*. 2012.
- MARNDR. *Politique d'irrigation du MARNDR*. 2012.
- MORAL Paul,. *Le paysan haïtien (Étude sur la vie rurale en Haïti)*. Maisonneuve et Larose. Paris, 1961.
- MILLET Kethly. *Les paysans haïtiens et l'occupation américaine 1915-1930*. Collectif Paroles. LaSalle, Montréal, 1978.
- Mouvement Paysans International- La Via Campesina. *Une nouvelle avancée positive dans le processus vers une Déclaration des Nations Unies sur les droits des paysans*, tiré du site viacampesina.org/fr, 2018.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale de l'Artibonite*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Nord, Vol I et Vol II*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Nord-Est*. 1997.

- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Nord-Ouest*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Centre*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Sud*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale du Sud'Est*. 1997.
- MPCE, PNUD et CNUEH-Habitat. *Éléments de problématique départementale de la Grande Anse*. 1997.
- MPCE. *Plan stratégique de développement d'Haïti*, Tome I Les grands chantiers pour le relèvement et le développement d'Haïti. Appui technique Groupe IBI et DAA. 2011.
- MSPP et IHE. *Enquête Mortalité, Morbidité et Utilisation des Services-EMMUS-IV, Haïti 2005-2006*. 2007.
- MSPP, *Enquête Mortalité, Morbidité et Utilisation des Services EMMUS-V, Haïti*, 2012.
- Nations Unies, Conseil des Droits de l'Homme, Groupe de travail intergouvernemental. *Déclaration sur les droits des paysans et d'autres personnes travaillant dans les zones rurales*, 2013.
- OXFAM AMERICA. *Fiche signalétique du Département de l'Artibonite et mapping des acteurs qui y interviennent*, Étude de DIEUDONNE Raymond Ingénieur Agronome. Port-au-Prince, 2011.
- OXFAM International. *Etude sur les inégalités économiques et de genre en Haïti*, réalisée par l'équipe du GRAMIR : Ernst MATHURIN, Danièle MAGLOIRE, Michèle DORBES-ROMULUS. Port-au-Prince, 2016.
- SACAD et FAMV. *Paysans, systèmes et crise*, Tomes 1, 2 et 3. Les presses de la Nouvelle Imprimerie Laballery. Clamecy, France, 1993 et 1994
- SAINT LOUIS Vertus. *Aux origines du drame haïtien*. L'imprimeur II. Port-au-Prince, 2004.
- THOMAS, Frédéric. *Haïti: Un modèle de développement anti-paysans*. Centre tricontinental (CETRI). Louvain-la-Neuve, Belgique, 2014.
- TROUILLOT, Michel-Rolph. *Ti Dife boule sou istwa Ayiti*. Editions Universités Caraïbes. Port-au-Prince, 1977.
- TROUILLOT, Michel-Rolph. *Les racines historiques de l'État duvaliérien*. Editions Deschamps. Port-au-Prince, 1986.

 IMPRIMERIE
BRUTUS
Octobre 2018

Port-au-Prince, Haïti
7(bis), rue Vernet, Delmas 31
Tél. : (+509) 3422-4471 / 3434-0434
c3editions.haiti@c3editions.com

Reyalize ak akonpayman GRAMIR

Pòtoprens **Me 2018**

Kaye sa rive elabore nan kad Pwogram Pledwaye pou yon Entegrasyon Altènativ (PPIA) ak kòdinasyon Ricot Jean Pierre, direktè pwogram

PAPDA • 20, rue Jean-Baptiste, Canapé-Vert, Port-au-Prince, Haïti

Tél.: (+509) 2816-3931 • Email : info@papda.org

